

LE PRESIDENT



Bujumbura, le 24/01/2024

130/PAN/039/2024

SENAT DU BURUNDI

Reçu le 24/01/2024

Sous le n° 00491/2024

Transmis à

Date de transmission

Classé

TRANSMIS COPIE POUR INFORMATION A :

Son Excellence Monsieur le Président de la République, avec les assurances de Notre plus haute considération.

Au Très Honorable Président du Sénat
à
GITEGA.

Très Honorable Président,

Nous référant aux dispositions de l'article 196 de la Constitution de la République du Burundi, Nous avons l'honneur de vous transmettre le « **Projet de loi organique portant modification de la loi organique n°1/21 du 3 août 2019 régissant la Cour suprême** » tel qu'adopté par l'Assemblée nationale en date du 19 janvier 2024.

Vous trouverez, en annexe, les amendements y relatifs.

Vous en souhaitant bonne réception, Nous vous prions d'agréer, **Très Honorable Président**, les assurances de notre haute considération.

LE PRESIDENT DE L'ASSEMBLEE NATIONALE

Très Honorable Gelase Daniel NDABIRABE




C.P.I à :

- Excellence Monsieur le Vice-Président de la République ;
- Excellence Monsieur le Premier Ministre de la République ;

à

BUJUMBURA.



LE PRESIDENT



Bujumbura, le 24/1/2024

130/PAN/039/2024

AMENDEMENTS ADOPTES PAR L'ASSEMBLEE NATIONALE LORS DE L'ANALYSE ET DE L'ADOPTION DU PROJET DE LOI ORGANIQUE N°1/... DU... /.../2024 PORTANT MODIFICATION DE LA LOI ORGANIQUE N°1/21 DU 3 AOUT 2019 REGISSANT LA COUR SUPREME

Lors de l'analyse et de l'adoption du projet de loi susmentionné, les amendements suivants ont été adoptés par l'Assemblée nationale :

1. Amendements de forme/ Impinyanyuro z'inyandiko

N°	Matière amendée/ Ivyahinyanyuwe	Amendement		Impinyanyuro	
		Les amendements en Français	Motivation	Impinyanyuro zo mu kirundi	Imvo
	Au niveau du TITRE PREMIER	-Remplacer le mot « PREMIER » par le chiffre romain « I » ;	-Respect des règles de la Légistique	-Gusubiriza ijambo «MBERE » n'igiharuro « I »;	-Inyandiko ibereye mu vy'amategeko ;
	-Au niveau de la ponctuation qui suit les numéros des Titres, Chapitres et Sections	-Remplacer le point «.» par le double point « : » ;	- Même motivation que précédemment	-Gusubiriza aho hose hari akaburungu «. » n'utuburungu tubiri «: » inyuma y'urutonde rw'amajambo agize umutwe w'ikigabane, igice n'agace. Bice bikorwa hose mu nteguro ya rino bwirizwa.	- Inyandiko ibereye mu vy'amategeko.
	-2 ^{ème} ligne	Faire de même partout dans le texte ;	-Erreur de		

		-Ecrire « FONCTIONNEMENT » au lieu de « FONCTIONNEMENT ».			
2.	Article 1 ^{er} ; -1 ^{ère} et 2 ^{ème} lignes	-Remplacer la numérotation « 1^{er} » par le chiffre arabe « 1 »; -Commencer les mots « Cours et Tribunaux » par des lettres minuscules et faire de même partout dans le texte.	- Respect des règles de la Légistique; -Abus de la majuscule.	Gusubiriza ijambo « mbere » n'igiharuro « 1 »;	-Inyandiko ibereye mu vy'amategeko.
3.	Article 3, al.1, -1 ^{ère} et 2 ^{ème} lignes -3 ^{ème} ligne -al. 2, -2 ^{ème} ligne	- Commencer le mot « Président » avec minuscule et faire de même partout dans le texte exception faite quand il s'agit du « Président de la République »; - -Ecrire le groupe de mots « conseil Supérieur de la Magistrature » comme suit « Conseil supérieur de la magistrature » et faire de même partout	-Usage abusif de la majuscule; - - C'est une institution.	- - Kwandika amajambo « câne cane » mw'ijambo rimwe; Bice bikorwa hose mu nteguro ya rino bwirizwa aho hose hari amajambo yisubiriza.	- -Inyandiko ibereye.

		dans le texte.			
4.	Article 4	Mettre un espacement entre le mot « Article » et le chiffre « 4 ».	Erreur de frappe.	-	-
5.	Article 6, al.2, 3 ^{ème} ligne -al.4, 1 ^{ère} ligne	-Ecrire le mot « Justice » avec « j » minuscule et faire de même partout dans le texte ; -Ecrire le mot « Vice » avec « v » minuscule ; Faire de même partout dans le texte.	- Abus de la majuscule ; -Même motivation que précédemment.	-	-
5.	Article 11, 1 ^{ère} ligne	Ecrire le mot « Magistrats » avec « m » minuscule.	Abus de la majuscule.	-	-
7.	En dessous du titre du paragraphe 2, article 11 - littera 1, 2, 3 et 4 ; -al.2, littera 3, 1 ^{ère} ligne	-Ecrire le nombre « 12 » au lieu de « 11 » ; -Commencer les énumérations par les lettres minuscules ; Faire de même partout dans le texte.	- Erreur de numérotation ; - Respect des règles de la Légistique.	- Gusubiriza « 11 » na « 12 » ; -Tanguza urudome ruto mu kudondagura inyuma ya 1 ^o ,2 ^o ,3 ^o 4 ^o ; Bice bikorwa hose mu nteguro ya rino bwirizwa; -Gusubiriza umurwi w'amajambo « iv'intworo », na « ivy'intworo ».	- Gukosora urutonde rw'ingingo; -Inyandiko ibereye mu vy'amategeko ; -Gukosora inyandiko.
.	Article 13, 3 ^{ème} ligne	-	-	Gusubiriza ijambo « kakurikira » na « bakurikira ».	-Gukosora inyandiko.

9.	Article 14, littera 3, 2 ^{ème} ligne	-	-	Gusubiriza ijambo "iv'intwaro" n'ijambo "ivy'intwaro".	Gukosora inyandiko.
10.	Article 15, 6 ^{ème} et 7 ^{ème} lignes	-	-	Shira udukwabu inyuma y'amajambo "Repuburika" na "bimwerekeye".	Kugira bisomeke neza.
11.	Article 21	-	-	Gusubiriza igitigiri "21" na "20".	Gukosora urutonde.
12.	Article 31, al.3, 8 ^{ème} ligne	-	-	Tanguza urudome rutoya ijambo "Ubushikirizamanza".	Inyandiko yo.
13.	Article 32, 2 ^{ème} ligne	Mettre au pluriel le groupe de mots « le règlement intérieur prévu » et écrire « les règlements intérieurs prévus ».	Harmonisation avec l'article 31.	-	-
14.	Article 36, -2 ^{ème} ligne -8 ^{ème} ligne	-Supprimer la virgule après le mot « composée ». -	Meilleure ponctuation. -	- -Andika ijambo « nababa » uku gukurikira « n'ababa ».	- -Gukosora inyandiko.
15.	Article 40, 5 ^{ème} ligne	Mettre une virgule après le mot « assistant ».	Ponctuation qu'il faut.	-	-
16.	Article 52, littera 1 et 4	Aligner le « ; » directement après le mot « loi » et le mot « motifs ».	Mise en forme.	-	-
17.	Article 63, -al.1, 4 ^{ème} ligne -al. 4, 4 ^{ème} ligne	- -	- -	-Gusubiriza ijambo « igitiri » n'ijambo « igitigiri » ; -Gusubiriza ijambo « bitegekenejwe » n'ijambo	-Gukosora inyandiko ; -Gukosora inyandiko.

				« bitegekanijwe ».	
18.	Article 66, 5 ^{ème} et 6 ^{ème} lignes -10 ^{ème} ligne	-Mettre les virgules respectivement après les mots « état » et « Cour ». -	-Meilleure ponctuation. -	- -Gusubiriza ijambo « icerekena » n'ijambo « icerekana ».	- -Gukosora inyandiko.
19.	Article 88	-	-	Gusubiriza « 87 » na « 88 ».	Gukosora urutonde rw'ingingo.
20.	Article 131, littera 1, 4 ^{ème} ligne	-	-	Gusubiriza ijambo « n'aho » n'ijambo « naho ».	Gukosora inyandiko.
21.	Article 135, al.1, 3 ^{ème} ligne.	-	-	Gusubiriza ijambo « yshimikije » n'ijambo « yishimikije ».	Gukosora inyandiko.
22.	Article 145, 5 ^{ème} ligne	-	-	Gutandukanya amajambo « waSentare » ace yandikwa: « wa Sentare ».	Gukosora inyandiko.
23.	Article 167, -al.2, 4 ^{ème} ligne -al.3, dernière ligne	- -Ecrire respectivement les mots « affaire » et « dernier » au lieu de « affalre » et « dernler ».	- -Erreur de saisie.	- Gusubiriza ijambo « urubanzwa » n'ijambo « urubanza » ; -kwandika ijambo « Ido » uku gukurikira « ido ».	- Gukosora inyandiko ; - Gukosora inyandiko.
24.	Article 168, 3 ^{ème} ligne	-	-	Gufuta ijambo « cange ».	Ijambo ridakenewe.
25.	Article 174, 1 ^{ère} ligne	-	-	Gusubiriza umurwi w'amajambo « u'Ubucamanza » n'umurwi w'amajambo « y'ubucamanza ».	Gukosora inyandiko.

26.	Au niveau du titre du chapitre VI	Supprimer le « S » se trouvant à la fin du mot « CHAPITRES ».	- Erreur de forme.	-	-
27.	Article 177, al.1, 9 ^{ème} ligne	Mettre une virgule entre les mots « instruction » et « soit ».	Ponctuation qu'il faut.	-	-
28.	Article 187, -1 ^{ère} ligne -1 ^{ère} et 2 ^{ème} lignes	-Après le mot « Toutes », ajouter l'article défini « les »; -Supprimer les virgules.	-Correction grammaticale ; -Ponctuation inutile.	- -Gukuraho agakwabu kari inyuma y'ijambo « zahahora ».	- -Ntigakenewe.
29.	Au niveau de la partie des signataires	-Avant le mot « MINISTRE », remplacer « LA » par « LE » ; -Mettre une virgule après le mot « JUSTICE » ; -Mettre un point «. » après le nom : « Domine BANYANKIMBONA ».	-Respect des usages ; -Ponctuation qu'il faut ; -Respect des règles de la Légistique.	- -Gushira agakwabu inyuma y'ijambo « UBUTUNGANE » ; -Gushira akaburungu inyuma y'izina « Domine ».	- -Akamenyetso kabereye ; -Akamenyetso kabereye.

2. Amendements de fond / Impinyanyuro zimbitse

Matière amendée/ Ivyahinyanyuwe	Amendement		Impinyanyuro	
	Les amendements en Français	Motivation	Impinyanyuro zo mu kirundi	Imvo
Au niveau du 2 ^{ème} visa	Remplacer le 2 ^{ème} visa par: « Vu la loi n°1/26 du 26 décembre 2023 portant	C'est la loi en vigueur.	Gusubiriza ibwirizwa rya kabiri ryihwejwe : « Yihweje ihweje Ibwirizwa ryunganira	Niryo bwirizwa rikora muri kino gihe.

		modification de la loi n°1/08 du 17 mars 2005 portant Code de l'organisation et de la compétence judiciaires ».		Ibwirizwa Shingiro inomero 1/26 ryo ku wa 26 kigarama 2023 risubiramwo ibwirizwa n°1/08 ryo ku wa 17 ntwarante 2005 ryerekeye Igitabu c'amategeko aringaniza sentare n'ububasha bwazo bwazo ».	
2.	Article 2, al.2, 1 ^{ère} ligne	Après le mot « Cour », insérer le mot « suprême » et le groupe de mots devient « Cour suprême ». Faire de même partout dans le texte.	Pour plus de précision.	-	-
3.	Article 5, al.3	Supprimer cet alinéa.	Pas de valeur ajoutée.	Gufuta agace ka gatatu.	Ntakarusho kazana.
4.	Article 6, al.4, 1 ^{ère} ligne	Après le mot « Président », ajouter le groupe de mots « de la Cour suprême ».	Pour plus de précision.	Inyuma y'ijambo « Sentare », ongerako ijambo « ntahinyuzwa ».	Gutomora icyumviro.
5.	Article 8, -al.1, 2 ^{ème} ligne -al.2, 2 ^{ème} ligne	- -	- -	-Gusubiriza ijambo « abacamanza » n'ijambo « abashikirizamanza » ; -Gusubiriza umurwi w'amajambo « hubahirijwe ibitigiri bitegekanijwe n'Ibwirizwa Shingiro » n'umurwi w'amajambo « hubahirijwe uguserukirwa kw'ubwoko	-Niko basanzwe bitwa ; -Niko Ibwirizwa Shingiro ribivuga.

4

				n'ibitsina nk'uko bitegekanijwe n'Ibwirizwa Shingiro ».	
6.	Article 9, 4 ^{ème} ligne	-	-	Gusubiriza umurwi w'amajambo « ari intungane » n'umurwi w'amajambo « b'intungane ».	Amajambo yumvikana neza.
7.	Article 12, al.2, 2 ^{ème} ligne	-	-	Gusubiriza akajambo « nk' » n'ijambo « canecane ».	Ijambo ryumvikana neza.
8.	Article 13, litteral	-		Ongera inyuma y'ijambo "abahanuzi" umurwi w'amajambo "mu vy'ubuhinga".	Gutomora icyumviro.
9.	Article 14, al.2, 2 ^{ème} ligne	-	-	Gusubiriza akajambo « nk' » n'ijambo « canecane ».	Ijambo ryumvikana neza.
10.	Article 17, -al.1, 1 ^{ère} ligne -al.2, 7 ^{ème} ligne	-	-	-Gusubiriza umurwi w'amajambo "Umukuru w'iyandikiro ry'imanza rya" n'umurwi w'amajambo "Umwanditsi w'imanza mukuru wa"; Bice bikorwa gutyo n'ahandi hose bimeze uko muri iyi nteguro ya rino bwirizwa. -Gusubiriza ijambo « ubutungane » n'ijambo « amategeko ».	-Niko yitwa ; -Ijambo rifise insiguro yo.
1.	Au niveau du titre de la Section 2, au-	Reformuler le titre « Du statut du	Harmonisation avec le	Subiriza umurwi w'amajambo « Uko	Kuroranisha n'ibigize ingingo

	dessus de l'article 19	personnel de la Cour suprême et du Parquet général de la République » comme suit : « Du statut des magistrats de la Cour suprême et du Parquet général de la République ».	contenu des articles qui composent la section.	abakozi bo muri Sentare Ntahinyuzwa n'abo muri Paraki... » n'umurwi w'amajambo « Uko abacamanza bo muri Sentare Ntahinyuzwa n'abashikirizamanza bo muri Paraki... ».	ziri muri aka gace.
12.	Article 20, 4 ^{ème} ligne	Reformuler le serment comme suit : « Devant Dieu le Tout Puissant, devant le Président de la République, moi... ».	Meilleure formulation.	Kuryohora indahiro y'abacamanza ba Sentare Ntahinyuzwa uku gukurikira : « Imbere y'Imana Mushoboravyose, imbere y'Umukuru w'igihugu, jewe... ».	Indahiro yikwije.
13.	Article 22, -al.1, 1 ^{ère} ligne et al.2, 1 ^{ère} ligne -al.2, 3 ^{ème} ligne	- -	- -	-Gusubiriza ijambo « Imishahara » n'umurwi w'amajambo « Urugero rw'imishahara » ; -Inyuma y'ijambo « Repuburika », ongerako umurwi w'amajambo « atari abacamanza canke abashikirizamanza ».	-Gutomora icyumviro ; -Gutomora icyumviro.
4.	Article 23, 4 ^{ème} ligne	-	-	Inyuma y'ijambo « umwe », subiriza umurwi w'amajambo «bakoresha ivyabo » n'umurwi w'amajambo « wo kwiyunguruza ».	Gutomora icyumviro.
5.	Au niveau du titre du CHAPITRE III, en	-	-	Andika umutwe uku w'igice	Gutomora

	dessous de l'article 25			gukurikira : « IVYEREKEYE INGENE SENTARE NTAHINYUZWA IKORA ».	iciyumviro.
16.	Article 29, al.1, 2 ^{ème} ligne	-	-	Gusubiriza umurwi w'amajambo « zirashobora kugirira inama hamwe » n'ijambo « zirakorana ».	Gutomora icyumviro.
17.	Article 31, al.2, dernière ligne	-	-	Gusubiriza umurwi w'amajambo « y'igihugu » n'umurwi w'amajambo « ya Repuburika ». Bice bikorwa gutyo n'ahandi hose bimeze uko muri iyi nteguro ya rino bwirizwa.	Niko isanzwe yitwa.
18.	Article 32, dernière ligne	Après le nombre « 31. », ajouter le groupe de mots « de la présente loi » et faire de même partout dans le texte où il y a renvoi à un article du présent projet de loi.	Pour plus de précision.	Inyuma y'igiharuro « 31 », kwongerako umurwi w'amajambo « y'iri bwirizwa. ». Bice bikorwa gutyo mu nteguro y'ibwirizwa ryose aho hose hisunzwe ivyavuzwe mu zindi ngingo z'iyi nteguro y'ibwirizwa.	Gutomora neza.
9.	Au niveau du titre I, Chapitre III, Section 3	Reformuler le titre comme suit : « De la composition des sièges de la Cour suprême ».	Harmonisation avec le contenu des articles de cette section.	Andika umutwe uku gukurikira : « Ingene hatunganywa isasa ry'abacamanza bo muri Sentare ntahinyuzwa ».	Kuroranisha n'ibiri mu ngingo zigize aka gace.
10.	Article 34, 1 ^{ère} ligne	-	-	Subiriza umurwi w'amajambo « Mu ntango z'umwaka » n'umurwi	Imvugo ibereye.

				w'amajambo « Uko umwaka utanguye ».	
21.	Au niveau du titre de la Section 5, en dessous de l'article 38	-	-	Andika umutwe w'agace uku gukurikira : « Uburuhuko bw'abacamanza n'ukugurura ibikorwa vyabo ».	Kudasubiramwo ijambo.
22.	Article 40, -al.2, dernière ligne -al.3	- -	- -	-Kwongerako umurwi w'amajambo « bambara bashashe mu ntahe. » ; -Guhinyanyura agace uku gukurikira : « Umushikirizamanz a kizigenza wa Repuburika arashikiriza ijambo ryerekeye ikibazo nkoramutima caranze ubutungane muri uwo mwaka, Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa nawe agashikiriza ijambo ry'intangamarara ryigisha agaca atanguza ku mugaragaro ibikorwa vy'intahe z'icese ».	-Gutomora neza ; - Gutomora neza .
3.	Au niveau du TITRE II	-	-	Tanguza umutwe w'ikigabane n'ijambo « IVYEREKEYE ». Bice bikorwa uko nyene hose ku mitwe y'ibigabane niy'ibice.	Gutomora icyumviro.
4.	Article 45, -4 ^{ème} ligne	-Après le groupe de mots « l'humanité »	-Harmoniser avec le contenu de cet	-Inyuma y'umurwi w'amajambo « vy'agahomerabun	Kuroranisha iyi ngingo n'ingingo ya 201

		ajouter le groupe de mots « et celles d'autres textes spécifiques en vigueur »;	article à celui de l'article 201 de la loi n°1/26 du 26 décembre 2023 portant modification de la loi n°1/08 du 17 mars 2005 portant Code de l'organisation et de la compétence judiciaires	wa», ongerako umurwi w'amajambo « hamwe n'ayandi mategeko mperekeza asanzwe yubahirijwe »;	y'ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa Shingiro inomero 1/26 ryo ku wa 26 kigarama 2023 risubiramwo ibwirizwa n°1/08 ryo ku wa 17 ntwarante 2005 ryerekeye Igitabu c'amategeko aringaniza sentare n'ububasha bwazo bwazo
	-littera 4	-	-	-Inyuma y'ijambo « Umuhuza », ongerako umurwi w'amajambo « w'abarundi »;	-Niko yitwa ;
	-littera 16, 5 ^{ème} ligne	-	-	-Gusubiriza ijambo « abanditsi » n'ijambo « abanyamabanga ».	-Niko bitwa.
5.	Article 47, 3 ^{ème} ligne	-	-	Inyuma y'ijambo « abanyacubahiro », ongerako ijambo « bamwebamwe ».	Gutomora neza.
6.	Article 48, -1 ^{ère} et 2 ^{ème} lignes	-Ecrire le groupe de mots « connaît en premier degré et en dernier ressort » au lieu de « connaît au premier degré »;	Harmonisation avec le contenu de l'article 5 amendé du présent projet de loi ;	-Guhinyanyura agace ka 1 k'iyi ngingo uku gukurikira : Igisata ca Sentare Ntahinyuzwa gica imanza zerekeye ibisata vya Reta cakira ku rugero rwa mbere ari narwo rwa nyuma abitwariye ingingo zijanye n'amategeko n'izerekeye ingingo zafashwe	-Kuroranisha n'ibiri mu ngingo ya 5 yahinyanyuwe yino nteguro y'ibwirizwa;

	-al.2	-Supprimer cet alinéa.	-Pas de raison d'être.	n'Umukuru w'igihugu n'izindi manza zitegekanijwe n'amabwirizwa azerekeye canecane ibwirizwa rigenga imigambwe » ; -Gufuta agace ka kabiri k'iyi ngingo.	-Kubera ihinyanyurwa ry'iyi ngingo yose.
27.	Article 51, al.2, 1 ^{ère} ligne	Remplacer le pronom personnel « elle » par le groupe de mots « la Cour suprême ».	Pour plus de précision.	-	-
28.	Article 55, littera 5, dernière ligne	-	-	Gusubiriza umurwi w'amajambo « n'Uburundi » n'umurwi w'amajambo « na Reta y'Uburundi ».	Imvugo ibereye.
29.	Article 71, 3 ^{ème} ligne	Remplacer le groupe de mots « un costume » par le groupe de mots « une tenue ».	Terme adéquat.	-	-
30.	Article 81, al.6, 2 ^{ème} ligne	Remplacer le mot « ont » par le mot « a ».	La conjonction « ou » est exclusive.	-	-
31.	Article 88, al.2, 3 ^{ème} ligne	Remplacer le groupe de mots « avancés par le Trésor » par le groupe de mots « à charge du Trésor public ».	Pour plus de précision.	-	-
32.	Article 112, dernière ligne	-	-	Gusubiriza umurwi w'amajambo « z'ukurindira ivyemezo » n'umurwi w'amajambo « z'ugutanga	Amajambo afise insiguro itomoye.

				umuco ».	
33.	Article 132, al.1, 2 ^{ème} ligne	-	-	Gusubiriza umurwi w'amajambo « mu karongo ka 2 k'ingingo » n'umurwi w'amajambo « ku numero ya 2 y'ingingo ».	Amajambo afise insiguro itomoye.
34.	Article 136, al.2, -1 ^{ère} ligne -3 ^{ème} ligne	-Remplacer le mot « oscie » par le mot « varie » ; -Après le mot « Trésor », ajouter le mot « public ».	-Pour plus de clarté ; -Pour plus de précision.	-	-
35.	Article 147, 5 ^{ème} ligne	-	-	Inyuma y'ijambo « itatu », ongerako ijambo « yuzuye ».	Gutomora icyumviro.
36.	Article 160, al.3, 2 ^{ème} ligne	-	-	Inyuma y'ijambo « icaha », ongerako umurwi w'amajambo « canke rwagirije icaha uwari yambitswe izera ».	Gutomora icyumviro.
37.	Article 163, 3 ^{ème} ligne	-	-	Inyuma y'ijambo « itandatu », ongerako ijambo « yuzuye ».	Gutomora icyumviro.
38.	Article 171, al.3, 2 ^{ème} ligne	Après le mot « définitivement », ajouter le groupe de mots « l'affaire ».	Pour plus de précision.	Gusubiriza ijambo « irarusozera » n'umurwi w'amajambo « irasozera urubanza ».	Gutomora icyumviro.
39.	Au-dessus de l'article 181, titre du paragraphe 4	-	-	Gusubiriza umurwi w'amajambo « kumugirira nabi » n'umurwi	Imvugo ibereye..

				w'amajambo « kumwambika iceyi ».	
40.	Article 181, al.1, dernière ligne	-	-	Gusubiriza umurwi w'amajambo « kumugirira nabi » n'umurwi w'amajambo « kumwambika iceyi ».	Imvugo ibereye..

41.	Article 185	-	-	Kwandika gushasha iryungane rya mbere ry'iyi ngingo: « Kuva Umukuru wa Sentare yakiriye urwandiko rwo kwitwara aca ashikiriza iyo dosiye umushikirizamanza kugira agire ico abivuzeko. ».	Imvugo ibereye.
-----	-------------	---	---	--	-----------------

LE PRESIDENT DE L'ASSEMBLEE NATIONALE

Très Honorable Gelase Daniel NDABIRABE



PROJET DE LOI ORGANIQUE N°1/... DU. INTEGURO Y'IBWIRIZWA RYUNGANIRA
 /.../2024 PORTANT MODIFICATION DE LA IBWIRIZWA SHINGIRO inomero 1/... RYO KU
 LOI ORGANIQUE N°1/21 DU 3 AOUT 2019 WA .../.../2024 RIHINDURA IBWIRIZWA
 REGISSANT LA COUR SUPREME RYUNGANIRA IBWIRIZWA SHINGIRO
 INOMERO 1/21 RYO KU WA 3 MYANDAGARO
 2019 RIGENGA SENTARE NTAHINYUZWA

LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE, UMUKURU W'IGIHUGU,

Vu la Constitution de la République du Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika
 Burundi ; y'Uburundi ;

Vu la loi n°1/26 du 26 décembre 2023 Yihweje Ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa
 portant modification de la loi n°1/08 du 17 Shingiro inomero 1/26 ryo ku wa 26 kigarama
 mars 2005 portant Code de l'organisation 2023 risubiramwo ibwirizwa n°1/08 ryo ku wa
 et de la compétence judiciaires ; 17 ntwarante 2005 ryerekeye Igitabu
 c'amategeko aringaniza sentare n'ububasha
 bwazo ;

Revu la loi Organique n°1/21 du 3 Août 2019 Asubiye kwihweza Ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa
 régissant la Cour suprême ; Shingiro inomero 1/21 ryo ku wa 3 Myandagaro
 2019 rigenga Sentare Ntahinyuzwa ;

Le Conseil des ministres ayant délibéré ; Inama Nshikiranganji imaze kubica irya n'ino ;

L'Assemblée nationale et le Sénat ayant Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka
 adopté ; zimaze kuvyemeza ;

Vu l'arrêt RCCB rendu par la Cour Yihweje ingingo RCCB... ya Sentare yubahiriza
 constitutionnelle le /.../ 2024 ; Ibwirizwa Shingiro yo ku wa .../.../ 2024 ;

PROMULGUE :

ATANGAJE :

**TITRE I : DE L'ORGANISATION ET DU
FONCTIONNEMENT DE LA COUR
SUPREME ET DU PARQUET
GENERAL DE LA REPUBLIQUE**

**IKIGABANE I : IVYEREKEYE IRINGANIZWA
RYA SENTARE NTAHINYUZWA
N'IRYA PARAKI NKURU YA
REPUBURIKA N'INGENE
BIKORA**

**CHAPITRE I : DES DISPOSITIONS
GENERALES**

IGICE CA I : INGINGO NGENDERWAKO

Article 1

Ingingo ya 1

La justice est rendue par les cours et tribunaux sur tout le territoire de la République du Burundi au nom du peuple burundais.

Mu gihugu cose, sentare ni zo zica imanza kw'izina ry'Abarundi bose.

Article 2

Ingingo ya 2

La Cour suprême est la plus haute juridiction ordinaire de la République du Burundi.

Sentare Ntahinyuzwa ni yo ikurira sentare zose zisanzwe zo mu Burundi.

La Cour suprême incarne le pouvoir judiciaire. A ce titre, elle constitue la référence pour la place du pouvoir judiciaire au sein des institutions de la République.

Ni yo nkingi y'urwego rw'ubutungane. Kubera ivyo, ni yo ifatirwako mu kumenya ikibanza urwego rw'ubutungane rufise mu Burundi.

Son siège ordinaire est établi en Mairie de Bujumbura. Cependant, il peut être fixé par décret en tout autre endroit de la République.

Icicaroy kiri mu gisagara ca Bujumbura. Ariko, kirashobora gushingwa ahandi hose mu Burundi biciye mw'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Article 3

Chaque président d'une juridiction rend compte au président de la juridiction hiérarchiquement supérieure.

Ingingo ya 3

Umukuru wa sentare wese aramenyeshamukuru wa sentare imukurira ingene aranguramabanga ajejwe **canecane** ku vyerekeye ingorane zijanye n'imanza ziri muri sentare arongoye.

Le président de la Cour Suprême rend compte au **Conseil supérieur de la magistrature**.

Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa aramenyeshamukuru wa Sentare Ntahinyuzwa ingene aranguramabanga ajejwe **canecane** ku vyerekeye ingorane zijanye n'imanza ziri muri sentare.

Article 4

Ingingo ya 4

Dans l'exercice de leurs fonctions, les juges de la Cour suprême ne se soumettent qu'à la Constitution, à la loi et à leur conscience. Ils veillent en toute impartialité à la bonne application de la loi par les cours et tribunaux.

Mu kuranguramabanga bajejwe, abacamanza ba Sentare Ntahinyuzwa bisungamabanga gusa Ibwirizwa Shingiro, amategeko y'igihugu n'umutimanamawabo. Ni bo bacungera, ataho bahangamiye, ko izindi Sentare zikurikiza neza amabwirizwa.

Article 5

La Cour suprême comprend une Chambre judiciaire, une Chambre administrative et une Chambre de cassation.

La Chambre judiciaire comporte deux sections : la Section de premier degré et la Section d'appel.

CHAPITRE II : DE L'ORGANISATION DE LA COUR SUPREME

Section 1 : De la composition de la Cour suprême et du Parquet général de la République

Paragraphe 1. Les juges de la Cour suprême et les magistrats du Parquet général de la République

Article 6

La Cour suprême est composée de magistrats de carrière.

La Cour suprême est dirigée par un président nommé par le Président de la République sur proposition du Ministre ayant la justice dans ses attributions après avis du **Conseil supérieur de la magistrature** et approbation du Sénat.

Il est nommé pour un mandat de cinq ans non renouvelable.

Le **président de la Cour suprême** est assisté d'un vice-président nommé dans les mêmes conditions avec un mandat de trois ans renouvelable une fois.

Ingingo ya 5

Sentare Ntahinyuzwa igizwe n'Igisata gicira imanza z'ivyaha abanyacubahiro bamwebamwe, Igisata gica imanza zerekeye Reta hamwe n'Igisata gasamburamanza.

Igisata gicira imanza z'ivyaha abanyacubahiro bamwebamwe kigizwe n'ibisata bibiri: igisata gica imanza ku rugero rwa mbere n'igisata c'iyungururizo.

IGICE CA II: IVYEREKEYE IRINGANIZWA RYA SENTARE NTAHINYUZWA

Agace ka 1: Abagize Sentare Ntahinyuzwa na Paraki nkuru ya Repuburika

Agahimba ka1. Abacamanza bo muri Sentare Ntahinyuzwa n'abashikirizamanza bo muri Paraki nkuru ya Repuburika

Ingingo ya 6

Sentare Ntahinyuzwa igizwe n'abacamanza b'umwuga.

Sentare Ntahinyuzwa irongorwa n'Umukuru wa Sentare agenwa n'Umukuru w'Igihugu ashikirijwe n'Umushikiranangaji ajejwe ubutungane, Inama nkuru y'ubucamanza imaze kugira ico ibivuzeko n'Inama Nkenguzamateka imaze kumwemeza.

Amara muri ayo mabanga ikiringo c'imyaka itanu kidashobora kwisubiriza.

Umukuru wa Sentare ntahinyuzwa yunganirwa n'icegera c'Umukuru wa Sentare, na we nyene agenwa nk'uko Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa agenwa, akamara muri ayo mabanga ikiringo c'imyaka itatu gishobora kwisubiriza rimwe.

4

Article 7

La Cour suprême comprend quinze juges dont un président, un vice-président et des Présidents des Chambres.

Le vice-président est de droit président de la Chambre de cassation.

La composition de la Cour suprême est faite dans le respect des équilibres constitutionnels.

Article 8

Le Parquet général près la Cour suprême se compose de huit magistrats dont le Procureur général de la République et le Premier substitut général.

La composition du Parquet général près la Cour suprême est faite dans le respect des équilibres constitutionnels.

En cas de besoin, le nombre de juges à la Cour suprême ou de magistrats du Parquet général de la République peut être revu à la hausse ou à la baisse.

Article 9

Les juges de la Cour suprême et les magistrats du Ministère public près cette Cour, sont choisis parmi les magistrats de carrière remplissant les critères de formation, d'intégrité morale, de technicité, de compétence, de conscience professionnelle et jouissant d'une expérience professionnelle d'au moins huit ans à la Magistrature.

Article 10

Les juges de la Cour suprême sont nommés par décret sur proposition du Ministre ayant la justice dans ses attributions après avis du Conseil supérieur de la magistrature et

Ingingo ya 7

Sentare Ntahinyuzwa igizwe n'abacamanza icumi na batanu, harimwo Umukuru wa Sentare, Icegera c'Umukuru wa Sentare n'Abakuru b'ibisata bigize iyo Sentare.

Icegera c'Umukuru wa Sentare ni we aca aba Umukuru w'Igisata ca gasamburamanza.

Abagize Sentare Ntahinyuzwa bashirwaho hubahirijwe uguserukirwa kw'ubwoko n'ibitsina nk'uko bitegekanijwe n'lbwirizwa Shingiro.

Ingingo ya 8

Paraki nkuru ikukira Sentare Ntahinyuzwa igizwe n'abashikirizamanza umunani harimwo Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika n'Icariho ca mbere c'Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika.

Abagize Paraki nkuru ikukira Sentare Ntahinyuzwa bashirwaho hubahirijwe hubahirijwe uguserukirwa kw'ubwoko n'ibitsina nk'uko bitegekanijwe n'lbwirizwa Shingiro.

Igihe bikenewe, igitigiri c'abacamanza bo muri Sentare Ntahinyuzwa canke abo muri Paraki nkuru ya Repuburika kirashobora kwongerezwa canke kugabanywa.

Ingingo ya 9

Abacamanza bo muri Sentare Ntahinyuzwa n'abashikirizamanza bakukira iyo Sentare, batorwa mu bacamanza b'umwuga, bakwije ibisabwa mu bijanye n'urugero rw'amashure bize, b'intungane, bafise ubumenyi, ubushobozi n'umutima w'ugukunda akazi kandi bamaze n'imiburiburi imyaka umunani bakora mu bucamanza.

Ingingo ya 10

Abacamanza bo muri Sentare Ntahinyuzwa bagenwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu bashikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe ubutungane, Inama nkuru y'ubucamanza imaze

approbation du Sénat.

kugira ico ibivuzeko kandi bemejwe n'Inama Nkenguzamateka.

Les présidents des Chambres et ceux des Sections instituées au sein de la Chambre judiciaire sont nommés par décret, parmi les juges de la Cour suprême, sur proposition du Ministre ayant la justice dans ses attributions, après avis du **Conseil supérieur de la magistrature**.

Abakuru b'Ibisata vya Sentare Ntahinyuzwa n'abo mu bisata bigize Igisata gicira imanza z'ivyaha abanyacubahiro bamwebamwe bagenwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu, bakuwe mu bacamanza ba Sentare Ntahinyuzwa, bashikirijwe n'Umushikiranjanji ajejwe ubutungane, Inama nkuru y'Ubucamanza imaze kugira ico ibivuzeko.

Article 11

Les magistrats du Parquet général de la République sont nommés par décret sur proposition du Ministre ayant la justice dans ses attributions après avis du **Conseil supérieur de la magistrature** et approbation par le Sénat.

Ingingo ya 11

Abashikirizamanza bo muri Paraki nkuru ya Repuburika bagenwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu bashikirijwe n'Umushikiranjanji ajejwe Ubutungane, Inama nkuru y'ubucamanza imaze kugira ico ibivuzeko kandi Inama Nkenguzamateka imaze kuvyemeza.

Paragraphe 2. Le personnel administratif de la Cour suprême et du Parquet général de la République

Agahimba ka 2. Abakozi bafasha mu bijanye n'intwaro ba Sentare Ntahinyuzwa n'aba Paraki nkuru ya Repuburika

Article 12

Le cabinet du président de la Cour suprême dispose d'un personnel administratif d'appui dirigé par un Secrétaire général, magistrat de carrière, ayant une expérience d'au moins huit ans dans la Magistrature.

Ingingo ya 12

Iburo vy'Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa bigizwe n'abakozi bafasha mu bijanye n'intwaro barongowe n'Umunyamabanga mukuru, akaba ari umucamanza w'umwuga, amaze muri uwo mwuga n'imiburiburi imyaka umunani.

Le Secrétaire général de la Cour suprême a notamment les attributions suivantes :

Umunyamabanga mukuru wa Sentare Ntahinyuzwa ajejwe **canecane** ibi bikurikira:

- | | |
|--|---|
| 1° assister le président dans la gestion du budget de la Cour ; | 1° gufasha Umukuru wa Sentare gutunganya ikigega ca Sentare; |
| 2° assurer les fonctions de porte-parole des cours et tribunaux ; | 2° kuba umuvugizi w'amasentare; |
| 3° coordonner les services administratifs de la Cour ; | 3° gukurikiranira hafi ibisata bijejwe ivy'intwaro muri Sentare; |
| 4° veiller à la publication régulière du bulletin des arrêts de la Cour. | 4° kwitwararika ko ikinyamakuru kirimwo imanza zaciwe na Sentare kija kirasohoka. |

Article 13

Le personnel administratif de la Cour suprême comprend notamment :

- | | |
|---|--|
| 1° le bureau de conseillers techniques ; | 1° abagize ibiro vy'abahanuzi mu vy'ubuhinga ; |
| 2° le service du protocole et de sécurité ; | 2° abakora mu gisata kijejwe kwakira abitura Sentare, gutunganya ingendo hamwe n'ivyerekeye umutekano; |
| 3° le service de gestion et d'intendance du président et du vice-président. | 3° abakora mu gisata kijejwe gutunganya ivyankenerwa vy'Umukuru wa Sentare n'Icegera c'Umukuru wa Sentare. |

Ingingo ya 13

Abakozi bafasha mu bijanye n'intwaro muri Sentare Ntahinyuzwa bagizwe canecane n'aba bakurikira:

Article 14

Le cabinet du Procureur général de la République dispose d'un personnel administratif d'appui dirigé par un Secrétaire général, magistrat de carrière, ayant une expérience d'au moins huit ans dans la Magistrature.

Ingingo ya 14

Iburo vy'Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika bigizwe n'abakozi bafasha mu bijanye n'intwaro barongowe n'Umunyamabanga mukuru, uwo na we akaba ari umucamanza yabigize umwuga amaze n'imiburiburi imyaka umunani muri uwo mwuga.

Le Secrétaire général du Parquet général a notamment les attributions suivantes :

Umunyamabanga mukuru wa Paraki nkuru ajejwe canecane ibi bikurikira:

- | | |
|---|---|
| 1° assister le Procureur général de la République dans la gestion du budget du Parquet général de la République ; | 1° gufasha Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika mu bijanye n'ugutunganya ikigega ca Paraki nkuru ya Repuburika; |
| 2° assurer les fonctions de porte-parole du Parquet général de la République ; | 2° kuba umuvugizi wa Paraki nkuru ya Repuburika; |
| 3° Coordonner les services administratifs du Parquet général de la République ; | 3° gukurikiranira hafi ibisata bijejwe ivy'intwaro muri Paraki nkuru ya Repuburika; |
| 4° assurer le service de gestion et d'intendance du Procureur général de la République et du Premier substitut général. | 4° gutunganya ivyankenerwa vy'Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika n'ivy'lcariho ca mbere c'Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika. |

Article 15

A l'exception des Secrétaires généraux qui sont nommés par décret, les membres du personnel d'appui sont nommés par le Ministre ayant la justice dans ses attributions

Ingingo ya 15

Kiretse Abanyamabanga bakuru bagenwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu, abandi bakozi bafasha bagenwa n'Umushikiranganji ajejwe Ubutungane bashikirijwe n'Umukuru wa Sentare

sur proposition du président de la Cour suprême ou du Procureur général de la République chacun, en ce qui le concerne, dans le respect des équilibres constitutionnels.

Ntahinyuzwa canke n'Umushikirizamanza Kizigenza wa Repuburika, umwe wese mu bimwerekeye, hubahirijwe uguserukirwa kw'amoko n'ibitsina nk'uko bitegekanijwe n'lbwirizwa Shingiro.

Paragraphe 3. Les agents de l'ordre judiciaire

Agahimba ka 3. Abakozi bo mu Rwego rw'ubucamanza atari abacamanza

Article 16

La Cour suprême dispose d'un greffe qui est sous la coordination du greffier en chef de la Cour et sous le contrôle du président.

Ingingo ya 16

Sentare Ntahinyuzwa irafise iyandikiro ry'imanza ritwarwa Umwanditsi w'imanza mukuru wa rya Sentare Ntahinyuzwa rikagenzurwa n'Umukuru w'iyo Sentare.

Chaque Chambre de la Cour suprême est placée sous la responsabilité d'un greffier en chef.

Igisata kimwekimwe cose ca Sentare Ntahinyuzwa kirafise iyandikiro ry'imanza ritwarwa n'Umwanditsi w'imanza mukuru w'Igisata.

La Cour suprême est également pourvue d'un service d'huissiers dirigé par un huissier en chef.

Sentare Ntahinyuzwa irafise kandi ibiro vy'abamenyeshamanza birongorwa n'umukuru w'ibiro vy'abamenyeshamanza.

Le Parquet général de la République dispose d'un secrétariat placé sous la coordination du secrétaire en chef et sous le contrôle du Procureur général de la République.

Paraki nkuru ya Repuburika irafise ibiro vy'abanyamabanga birongorwa n'umukuru w'ibiro vy'abanyamabanga bikagenzurwa n'Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika.

Article 17

Le greffier en chef de la Cour suprême est nommé par décret sur proposition du Ministre ayant la justice dans ses attributions. Il doit être détenteur d'au moins un diplôme de baccalauréat en droit ou équivalent et jouir d'une expérience professionnelle d'au moins cinq ans au sein de la Magistrature ou dans une profession juridique.

Ingingo ya 17

Umwanditsi w'imanza mukuru wa Sentare Ntahinyuzwa agenwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu ashikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe Ubutungane. Ategerezwa kuba afise n'imiburiburi urupapuro rw'umutsindo rwa bakaroreya mu vy'amategeko canke urundi bingana kandi akaba amaze n'imiburiburi imyaka itanu mu mwuga w'ubucamanza canke mu kazi kerekeye amategeko.

Les greffiers en chef des Chambres doivent être détenteurs d'au moins un diplôme de baccalauréat en droit ou équivalent et jouir d'une expérience d'au moins cinq ans à la magistrature ou dans une profession juridique.

Abanditsi b'imanza bakuru bo mu bisata bategerezwa kuba bafise n'imiburiburi urupapuro rw'umutsindo rwa bakaroreya mu vy'amategeko canke urundi bingana kandi bakaba bafise uburambe n'imiburiburi bw'imyaka itanu mu mwuga w'ubucamanza canke mu kazi kerekeye amategeko.

A l'exception du greffier en chef, les autres agents de l'ordre judiciaire de la Cour suprême sont nommés par ordonnance du Ministre ayant la justice dans ses attributions. Ils sont affectés par décision du président de la Cour dans le respect des équilibres constitutionnels.

Article 18

Le Secrétaire en chef est nommé par décret. Il doit être détenteur d'un diplôme de baccalauréat en droit ou équivalent avec expérience d'au moins cinq ans dans la Magistrature.

Les Secrétaires du Parquet général de la République sont nommés par le Ministre ayant la justice dans ses attributions. Ils sont affectés par le Procureur général de la République.

Section 2 : Du statut des magistrats de la Cour suprême et du Parquet général de la République

Article 19

En sa qualité de représentant du pouvoir judiciaire, le président de la Cour suprême prend rang immédiatement après les présidents de l'Assemblée nationale et du Sénat, en leur qualité de chefs du pouvoir législatif.

Le rang du vice-président et des autres membres de la Cour suprême est déterminé en conséquence.

Article 20

Avant d'entrer en fonction, les juges de la Cour suprême prêtent serment devant le

Kiretse umwanditsi w'imanza mukuru, abandi bakozi bo mu Rwego rw'ubucamanza atari abacamanza bo muri Sentare Ntahinyuzwa bagenwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe Ubutungane. Bashirwa mu bisata bakoreramwo n'ingingo y'Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa hubahirijwe uguserukirwa kw'amoko n'ibitsina nk'uko bitegekanijwe n'Ibwirizwa Shingiro.

Ingingo ya 18

Umukuru w'ibiro vy'abanyamabanga agenwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu. Ategerezwa kuba afise urupapuro rw'umutsindo rwa bakaroreya mu vy'amategeko canke urwo bingana kandi amaze n'imiburiburi imyaka itanu mu mwuga w'ubucamanza.

Abanyamabanga bo muri Paraki nkuru ya Repuburika bagenwa n'Umushikiranganji ajejwe Ubutungane. Bashirwa mu bisata bakoreramwo n'Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika.

Agace ka 2 : Uko abacamanza bo muri Sentare Ntahinyuzwa n'abashikirizamanza bo muri Paraki nkuru ya Repuburika bafatwa imbere y'amategeko

Ingingo ya 19

Kubera aserukira urwego rw'ubutungane, Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa ni we akurikira mu cubahiro Umukuru w'Inama Nshingamateka n'Umukuru w'Inama Nkenguzamateka, barongoye urwego nshingamateko.

Icubahiro c'Icegera c'Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa hamwe n'ic'abandi bagize iyo Sentare gitomorwa hafatiwe ku bihejeje kuvugwa mu gahimba ka mbere k'iyi ngingo.

Ingingo ya 20

Imbere yo gutangura amabanga bashinzwe, abacamanza ba Sentare Ntahinyuzwa barahira

Président de la République dans les termes suivants :

« **Devant Dieu le Tout Puissant, devant le Président de la République, moi ...** » (Énoncer le nom et fonction à la Cour Suprême), je jure de respecter la Constitution et les lois de la République, de me comporter avec probité, dignité, loyauté et d'être respectueux des droits de toutes les parties et du secret professionnel».

Le serment est consigné dans un registre des serments tenu par le greffier en chef de la Cour suprême.

Article 21

Les juges à la Cour suprême et les magistrats du Parquet général de la République ne peuvent être recherchés, arrêtés, détenus, poursuivis ou jugés pour les opinions qu'ils expriment, les actes qu'ils posent ou l'interprétation qu'ils font de la loi dans l'exercice de leur fonction.

Sauf en cas de flagrance, un juge à la Cour suprême ou un magistrat du Parquet général de la République ne peut être recherché, arrêté, détenu, poursuivi ou jugé qu'avec l'autorisation du président de la Cour suprême ou du Procureur général de la République après que l'intéressé ait été préalablement entendu par une commission ad-hoc mise en place par le président de la Cour suprême ou par le Procureur général de la République, selon le cas.

Article 22

Le barème des traitements et les autres avantages accordés aux juges de la Cour suprême et aux magistrats du Parquet général de la République sont fixés par décret.

imbere y'Umukuru w'Igihugu mu majambo akurikira:

« **Imbere y'Imana Mushoboravyose, imbere y'Umukuru w'igihugu, jewe...**» (izina n'ico ushinzwe muri Sentare Ntahinyuzwa), ndemeye ko nzokwubahiriza lbwirizwa Shingiro n'amategeko y'igihugu, ko ntazotirimuka kw'ibanga, ko nzogendera ubuntu, ko ntazohemuka kandi ko nzokwubahiriza uburenganzira bw'ababuranyi bose kandi ko ntazomena amabanga y'akazi».

Iyo ndahiro ishirwa mu gitabu c'indahiro gishingurwa n'umwanditsi w'imanza mukuru wa Sentare Ntahinyuzwa.

Ingingo ya 21

Abacamanza bo muri Sentare Ntahinyuzwa n'abashikirizamanza bo muri Paraki nkuru ya Repuburika ntibashobora kuronderwa, guhagarikwa, gupfungwa, gukurikiranwa n'ubutungane canke gucirirwa urubanza ku vyiyumviro bashikiriza, ku bikorwa bakora canke insiguro baha amategeko bariko bararangura amabanga bajejwe.

Kiretse mu gihe afatanywe itonga, umucamanza wo muri Sentare Ntahinyuzwa canke umushikirizamanza wo muri Paraki nkuru ya Repuburika ntashobora kuronderwa, guhagarikwa, gupfungwa, gukurikiranwa n'ubutungane canke gucirirwa urubanza Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa canke Umushikirizamanza Kizigenza wa Repuburika atabitangiyeho uruhusha kandi yabanje kwumvirizwa n'umugwi ushirirwaho ico gikorwa n'Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa canke n'Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika bivanye n'uwo vyerekeye uwo ari we.

Ingingo ya 22

Urugero rw'imishahara n'utundi turusho abacamanza bo muri Sentare Ntahinyuzwa n'abashikirizamanza bo muri Paraki nkuru ya Repuburika baronswa bishingwa n'itegeko

ry'Umukuru w'Igihugu.

Le barème des traitements et les autres avantages accordés au personnel non magistrat de la Cour suprême et du Parquet général de la République sont fixés par ordonnance conjointe des Ministres ayant respectivement la justice et les finances dans leurs attributions.

Urugero rw'imishahara n'utundi turusho turonswa abakozi bo muri Sentare Ntahinyuzwa n'abo muri Paraki nkuru ya Repuburika atari abacamanza canke abashikirizamanza bishingwa n'itegeko rusangi rishirwako umukono n'Umushikiranganji w'Ubutungane hamwe n'umushikiranganji w'Ikigega ca Reta.

Article 23

Les juges de la Cour suprême et les magistrats du Parquet général de la République bénéficient d'une exonération des droits et des taxes pour l'importation d'un seul véhicule personnel à usage affaires et promenade.

Ingingo ya 23

Abacamanza bo muri Sentare Ntahinyuzwa n'abashikirizamanza bo muri Paraki nkuru ya Repuburika barakurwako amakori n'amatagisi ku muduga umwe wo kwiyunguruza binjije mu gihugu.

Article 24

Les juges de la Cour suprême et les magistrats du Parquet général de la République, ont droit à un passeport diplomatique.

Ingingo ya 24

Abacamanza bo muri Sentare Ntahinyuzwa n'abashikirizamanza bo muri Paraki nkuru ya Repuburika barafise uburenganzira bwo kuronswa igitabu c'inzira c'abanyacubahiro.

Article 25

En cas de décès d'un juge de la Cour suprême ou d'un magistrat du Parquet général de la République, la Cour ou le Parquet général, chacun en ce qui le concerne, prend entièrement en charge les frais funéraires.

Ingingo ya 25

Mu gihe umucamanza wa Sentare Ntahinyuzwa canke umushikirizamanza wo muri Paraki nkuru ya Repuburika apfuye, Sentare canke Paraki nkuru ya Repuburika ni yo itanga amafaranga yose ajanye n'ukumufuba.

CHAPITRE III : DU FONCTIONNEMENT DE LA COUR SUPREME

IGICE CA III : IVYEREKEYE INGENE SENTARE NTAHINYUZWA IKORA

Section 1 : De l'administration

Agace ka 1: Ibijanye n'intwaro

Article 26

Le président de la Cour suprême est chargé de l'administration et de la bonne marche de la Cour. En cas d'absence ou d'empêchement, il est remplacé de plein droit par le vice-président.

Ingingo ya 26

Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa ashinzwe ibijanye n'intwaro akongera akitwararika ko iyo Sentare ikora neza. Igihe ataba ahari canke yafatiriwe, aca asubirirwa n'Icegera c'Umukuru wa Sentare ata kindi kirinze gukorwa.

En cas d'indisponibilité du président et de son vice-président, l'intérim est assuré par le

Mu gihe Umukuru wa Sentare n'Icegera ciwe atariho bari canke bafatiriwe bose, Umukuru

président de Chambre le plus ancien en grade. w'Igisata asumvya abandi uburambe kw'ipete ni we aca arongora ivy'imfatakibanza Sentare Ntahinyuzwa.

Article 27

Le Procureur général de la République est chargé de l'administration et du fonctionnement du Parquet général de la République.

Ingingo ya 27

Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika ashinzwe ibijanye n'intworo ya Paraki nkuru ya Repuburika n'ugukurikirana ibikorwa vyayo vya misi yose.

En cas d'absence ou d'empêchement du Procureur général de la République, il est remplacé de plein droit par le Premier substitut général.

Igihe Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika ataba ahari canke yafatiriwe, aca asubirirwa n'Icariho ca mbere c'Umushikirizamanza ata kindi kirinze gukorwa.

En cas d'indisponibilité du Procureur général et du Premier substitut général, l'intérim est assuré par le substitut général le plus ancien en grade.

Igihe Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika n'Icariho ca mbere c'Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika atariho bari canke bafatiriwe bose, icariho c'Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika asumvya abandi uburambe kw'ipete ni we aca arongora ivy'imfatakibanza Paraki nkuru ya Repuburika.

Article 28

L'organisation et le fonctionnement des services d'appui sont déterminés par les règlements intérieurs respectifs de la Cour suprême et du Parquet général de la République.

Ingingo ya 28

Engene ibisata vy'abakozi bafasha vya Sentare Ntahinyuzwa bitunganijwe n'ingene bikora bitomorwa n'amategeko ntunganyabikorwa y'iyi sentare, ivya Paraki nkuru ya Repuburika na vyo bigatomorwa n'amategeko ntunganyabikorwa ya Paraki.

Article 29

La Cour suprême et le Parquet général de la République se réunissent pour étudier les questions intéressant les institutions judiciaires.

Ingingo ya 29

Sentare Ntahinyuzwa na Paraki nkuru ya Repuburika zirakorana kugira zigire hamwe ibibazo vyerekeye inzego z'ubutungane.

La réunion est coprésidée par le président de la Cour suprême et le Procureur général de la République.

Iyo nama irongorwa n'Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa hamwe n'Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika.

Article 30

La Cour suprême et le Parquet général se réunissent une fois les six mois, pour valider les propositions des arrêts devant faire l'objet

Ingingo ya 30

Sentare Ntahinyuzwa na Paraki nkuru ya Repuburika zikorana rimwe mu mezi atandatu, kugira zemeze imanza zashikirijwe n'ababijejwe

de publication. Les commentaires de jurisprudence sont approuvés par une commission ad hoc nommée conjointement par le président de la Cour suprême et le Procureur général de la République.

Article 31

Les règlements intérieurs de la Cour suprême et du Parquet général précisent les modalités de fonctionnement des services et des organes institués en leur sein.

Les juges de la Cour suprême et les magistrats du Parquet général se réunissent pour adopter les règlements intérieurs de la Cour suprême et du Parquet général de la République.

Les règlements intérieurs sont signés par le président de la Cour suprême ou le Procureur général de la République selon le cas, après approbation du **Conseil supérieur de la magistrature** ou du Conseil supérieur des Parquets chacun en ce qui le concerne.

Section 2 : Des greffes et du secrétariat

Article 32

L'organisation des greffes et du secrétariat est fixée par les **règlements intérieurs prévus à l'article 31 de la présente loi.**

Article 33

Sans préjudice des prérogatives du président de la Cour suprême et du Procureur général de la République, le greffier en chef et le secrétaire en chef ont autorité sur le personnel placé sous leur responsabilité. Ils lui répartissent les tâches sous le contrôle respectif du Président de la Cour suprême ou

kugira zitangazwe. Ivyiyumviro bishikirizwa ku manza zabaye ntabanduka zifatirwako vyemezwa n'umugwi ushirwaho kubera ico gikorwa ukagenwa n'Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa hamwe n'Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika.

Ingingo ya 31

Amategeko ntunganyabikorwa ya Sentare Ntahinyuzwa n'aya Paraki nkuru ya Repuburika aratomora ibikurikizwa kugira ibisata n'inzego bigize Sentare na Paraki bikore.

Abacamanza ba Sentare n'abashikirizamanza ba Paraki nkuru barakorana kugira bemeze amategeko ntunganyabikorwa ya Sentare Ntahinyuzwa n'aya Paraki nkuru ya Repuburika.

Amategeko ntunganyabikorwa ya Sentare Ntahinyuzwa n'aya Paraki nkuru ya Repuburika yemezwa mu nama ya bose kandi agashirwako umukono n'Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa canke Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika bivanye n'ayo ari yo, Inama nkuru y'ubucamanza canke Inama nkuru y'ubushikirizamanza imaze kuyemeza, imwimwe yose ku biyerekeye.

Agace ka 2: Ibijanye n'iyandikiro ry'imanza n'ibiro vy'abanyamabanga

Ingingo ya 32

Ingene iyandikiro ry'imanza n'ibiro vy'abanyamabanga bitunganijwe bitomorwa n'amategeko ntunganyabikorwa ategakanijwe mu ngingo ya 31 y'iri bwirizwa.

Ingingo ya 33

Hatirengagijwe ububasha Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa n'Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika bafise, **umwanditsi w'imanza mukuru** n'umukuru w'ibiro vy'abanyamabanga ni bo bategeka abakozi bajejwe. Barabagabanganiriza ibikorwa bakagenzurwa n'Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa canke

du Procureur général de la République.

n'Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika umwe wese mu bimwerekeye.

Section 3 : De la composition des sièges de la Cour suprême

Agace ka 3 : Ingene hatunganywa isasa ry'abacamanza bo muri Sentare ntahinyuzwa

Article 34

Au début de chaque année, le président de la Cour suprême procède à l'affectation des juges par Chambre.

Ingingo ya 34

Uko umwaka utanguye, Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa arashira abacamanza mu Gisata kimwekimwe cose.

Article 35

Le siège de chacune des Chambres de la Cour suprême est composé d'un président et de deux juges assistés d'un officier du Ministère public et d'un greffier.

Ingingo ya 35

Mu Gisata kimwekimwe cose ca Sentare Ntahinyuzwa, intahe iba igizwe n'Umukuru w'intahe n'abacamanza babiri bunganiwa n'Umushikirizamanza hamwe n'Umwanditsi w'imanza.

La composition des sièges est proposée au président de la Cour par les présidents des Chambres pour aval.

Abakuru b'ibisata ni bo bashikiriza Umukuru wa Sentare abacamanza basasa mu ntahe kugira abemeze.

Le président de la Cour peut siéger dans n'importe quelle Chambre. Dans ce cas, il préside le siège.

Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa arashobora gusasa mu Gisata ico ari co cose. Muri ico gihe, ni we aca aba umukuru w'intahe.

Sur décision du président de la Cour, tout juge affecté à la Cour suprême peut siéger dans n'importe quelle Chambre.

Bishinzwe n'Umukuru wa Sentare, umucamanza wese wo muri Sentare Ntahinyuzwa arashobora gusasa mu Gisata ico ari co cose.

Article 36

La Cour suprême siégeant toutes chambres réunies est composée d'au moins cinq juges, sous la présidence du président de la Cour ou en cas d'empêchement du président, sous la présidence du vice-président et autant de présidents de Chambre et de juges que de besoin, assistés d'un officier du Ministère public et d'un greffier.

Ingingo ya 36

Sentare Ntahinyuzwa ishashe ibisata vyayo vyose bikoranye, intahe iba igizwe n'imiburiburi n'abacamanza batanu, irongowe n'Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa, iyo afatiriwe na ho, ikarongorwa n'icegera c'Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa, hamwe n'abakuru b'ibisata vy'iyoy Sentare n'abacamanza igitigiri cabo kikavana n'ababa bakenewe, bakunganirwa n'Umushikirizamanza hamwe n'Umwanditsi w'imanza.

En cas d'empêchement du président et du vice-président, le Président de Chambre le plus ancien en grade préside le siège.

Mu gihe Umukuru wa Sentare n'icegera ciwe bafatiriwe, Umukuru w'Igisata asumvya abandi uburambe kw'ipete ni we arongora intahe.

Article 37

En cas de récusation du président de la Cour suprême ou d'un président de Chambre, les fonctions ou les tâches qui leur sont normalement dévolues sont exercées, dans le premier cas par le vice-président de la Cour suprême, et dans le second cas, par un juge de la Cour suprême désigné par le président, après concertation avec le vice-président.

Ingingo ya 37

Igihe Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa canke Umukuru w'Igisata ataramuwe mu ntahe, amabanga canke ibikorwa basanzwe bashinzwe mu ntahe bica birangurwa n'Icegera c'Umukuru wa Sentare iyo hataramuwe Umukuru wa Sentare, iyo hataramuwe Umukuru w'Igisata na ho, bikarangurwa n'Umucamanza wo muri Sentare agenwa n'Umukuru wa Sentare, amaze kubija inama n'Icegera c'Umukuru wa Sentare.

Section 4 : Du budget**Agace ka 4 : Amafaranga ategukanywa gukoreshwa****Article 38**

La Cour suprême et le Parquet général de la République bénéficient des budgets propres.

Ingingo ya 38

Sentare Ntahinyuzwa na Paraki nkuru ya Repuburika ziraronswa amafaranga yazo zikoreshereza.

Section 5 : Des vacances et de la rentrée Judiciaires**Agace ka 5 : Uburuhuko bw'abacamanza n'ukugurura ibikorwa vyabo****Article 39**

Pendant le mois d'août, la Cour suprême se trouve en vacances judiciaires. Pendant cette période, la Cour suprême tient des audiences consacrées essentiellement à l'examen des procédures urgentes.

Ingingo ya 39

Mu kwezi kwa Myandagaro, Sentare Ntahinyuzwa iba iri mu buruhuko. Muri ico kiringo, Sentare Ntahinyuzwa isasa mu ntahe canecane z'ukwihweza imanza zihutirwa.

Sont réputées urgentes notamment, les procédures de contrôle de la régularité de la détention ainsi que les procédures de flagrance.

Imanza zifatwa ko zihutirwa ni nk'imanza zisuzuma ko ugupfunga kwakurikije amategeko hamwe n'imanza zerekeye ugufatanwa itonga.

Article 40

Au début du mois de septembre, des cérémonies marquant la rentrée judiciaire sont organisées sous la présidence du Chef de l'Etat en sa qualité de Magistrat suprême, auxquelles assistent, en plus des magistrats de la Cour et du Parquet général de la République, les présidents des différentes juridictions, les Procureurs généraux et les Procureurs de la République.

Ingingo ya 40

Mu ntango z'ukwezi kwa Nyakanga, haratunganywa ibirori vy'ukwugurura umwaka w'ubutungane birongorwa n'Umukuru w'Igihugu kubera ari we Mucamanza kizigenza, bikitabwa, uretse abacamanza bo muri Sentare Ntahinyuzwa n'abo muri Paraki nkuru ya Repuburika, biritabwa kandi n'abakuru ba sentare zitandukanye, Abashikirizamanza bakuru n'abashikirizamanza ba Repuburika.

Les corps constitués y sont également invités. Les magistrats participent à ces cérémonies en toge.

Inzego zitegekanijwe n'ibwirizwa Shingiro na zo nyene ziratumirwa. Abacamanza bitaba ivyo birori baba bambaye umwambaro w'akazi bambara bashashe mu ntahe.

Le Procureur général de la République prononce la mercuriale et le président de la Cour suprême donne la leçon inaugurale et ouvre solennellement les audiences publiques.

Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika arashikiriza ijambo ryerekeye ikibazo nkoramutima caranze ubutungane muri uwo mwaka, Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa nawe agashikiriza ijambo ry'intangamarara ryigisha agaca atanguza ku mugaragaro ibikorwa vy'intahe z'icese.

TITRE II : DE LA COMPETENCE DE LA COUR SUPREME

IKIGABANE CA II : IVYEREKEYE UBUBASHA BWA SENTARE NTAHINYUZWA

Article 41

La Cour suprême exerce un pouvoir administratif et juridictionnel sur les autres juridictions autres que la Cour constitutionnelle et la Cour spéciale des terres et autres biens.

Ingingo ya 41

Sentare Ntahinyuzwa ifise ububasha ku zindi sentare zose kiretse Sentare yubahiriza lbwirizwa Shingiro na Sentare idasanzwe ica imanza zerekeye amatongo n'ayandi matungo, mu bijanye n'intwaro hamwe n'ibijanye n'imanza.

A son tour, chaque président d'un tribunal ou d'une cour doit veiller à la bonne application de la loi par les juges sous sa responsabilité.

Ku ruhande rwiwe, umukuru wa sentare wese ategerezwa kwitwararika ko abacamanza ajejwe bakurikiza amategeko uko bibereye.

CHAPITRE I : DE LA COMPETENCE DE LA CHAMBRE JUDICIAIRE

IGICE CA I : IVYEREKEYE UBUBASHA BW'IGISATA GICIRA IMANZA Z'IVYAHA ABANYACUBAHIRO BAMWEBAMWE

Article 42

La Chambre judiciaire de la Cour suprême ne statue qu'en matière juridictionnelle.

Ingingo ya 42

Igisata ca Sentare Ntahinyuzwa gicira imanza z'ivyaha abanyacubahiro bamwebamwe ntigifata ingingo ku manza kitaziburanishije ido n'ido.

Article 43

Sous le contrôle du président de la Cour, la Chambre judiciaire reçoit la déclaration écrite et signée des biens et patrimoine du Président de la République, du Vice-président de la République, du Premier Ministre, des membres du Gouvernement, des membres des Bureaux de l'Assemblée nationale et du

Ingingo ya 43

Bicungerewe n'Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa, Igisata gicira imanza z'ivyaha abanyacubahiro bamwebamwe kirakira inzandiko ziriko umukono zimenyeshya amatungo y'Umukuru w'Igihugu, ay'Icegera c'Umukuru w'Igihugu, Umushikiranganji wa mbere, abashikiranganji, abagize ibiro vy'Inama Nshingamateka, abagize

Sénat, de l'Ombudsman, du président de la Cour suprême, du président de la Cour constitutionnelle, du Procureur général de la République et ce, dans un délai d'un mois depuis leur entrée en fonction ainsi qu'à la fin de celle-ci.

La déclaration se fait sur un formulaire délivré par la Cour Suprême.

Le non-respect expose le contrevenant à des poursuites judiciaires.

Article 44

Les formulaires de déclaration sont définis par décision conjointe du président de la Cour suprême et du Procureur général de la République.

Article 45

Sous réserve des dispositions pertinentes prévues à l'article 20 de la loi portant répression du crime de génocide, crimes de guerre et crimes contre l'humanité **et celles d'autres textes spécifiques en vigueur**, la Chambre judiciaire de la Cour suprême connaît des poursuites pénales dirigées contre :

- 1° un député ;
- 2° un sénateur ;
- 3° un membre du Gouvernement ;
- 4° un Ombudsman ;
- 5° un juge de la Cour suprême ;
- 6° un juge de la Cour constitutionnelle ;
- 7° un juge de la Cour spéciale des terres et autres biens ;
- 8° un magistrat du Parquet général de la République ;
- 9° un magistrat détaché ou affecté

ibiro vy'Inama Nkenguzamateka, Umuhuza w'Abarundi, Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa, Umukuru wa Sentare yubahiriza lbwirizwa Shingiro, ay'Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika kandi mu kiringo c'ukwezi kumwe kuva binjiye mu mabanga hamwe no kuva bayarangije.

Amatungo amenyeshwa biciye mu rwandiko rwuzuzwa rutangwa na Sentare Ntahinyuzwa.

Kutubahiriza iyo ngingo bituma uwutayubahirije akurikiranwa na Sentare.

Ingingo ya 44

Ingene inzandiko zuzuzwa zikoreshwa mu kumenyeshwa amatungo ziba zimeze, bitomorwa n'ingingo ifatwa n'Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa hamwe n'Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika.

Ingingo ya 45

Hatirengagijwe ibitegekanijwe bivyerekeye mu ngingo ya 20 y'lbwirizwa rihana icaha c'ihonyabwoko, ivyaha vyo mu ntambara n'ivyaha vy'agahomerabunwa **hamwe n'ayandi mategeko mperekeza asanzwe yubahirijwe**, Igisata ca Sentare Ntahinyuzwa gicira imanza z'ivyaha abanyacubahiro bamwebamwe cakira imanza z'ivyaha vyagirizwa:

- 1° umushingamateka;
- 2° umukenguzamateka;
- 3° umushikiranganji;
- 4° umuhuza w'abarundi;
- 5° umucamanza wo muri Sentare Ntahinyuzwa;
- 6° umucamanza wo muri Sentare ijewe kwubahiriza lbwirizwa Shingiro;
- 7° umucamanza wo muri Sentare idasanzwe ijewe guca imanza zerekeye amatungo n'ayandi matungo;
- 8° umushikirizamanza wo muri Paraki Nkuru ya Repuburika;
- 9° umucamanza yashinzwe ayandi mabanga

auprès de l'administration centrale et
personnalisée de l'Etat ;

10° un magistrat de la Cour militaire ou de
l'Auditorat général ;

11° un officier général des Forces de
défense nationale et un officier général
de Police ;

12° un Commissaire d'une Commission
nationale prévue par la Constitution ;

13° un Gouverneur de province ;

14° un juge de la Cour d'appel ou d'une
Cour de même rang ;

15° un magistrat du Parquet général près
la Cour d'appel ou près une autre Cour
de même rang ;

16° des Secrétaires généraux de la Cour
suprême et du Parquet général de la
République, le Greffier en chef de la
Cour suprême et le Secrétaire en chef
du Parquet général de la République ;

17° un juge de la Cour des comptes ;

18° un notaire ;

19° un conservateur des titres fonciers.

mu biro vy'Umushikiranjanji canke mu
bisata vyitunganiriza intwano n'ikigega mu
bushikiranjanji bw'Ubutungane;

10° umushikirizamanza wo muri Sentare nkuru
ya gisirikare canke wo mu Rwego
rw'ubushikirizamanza rwa gisirikare ;

11° intwazangabo yo ku rugero rwa jenerari mu
Gisirikare n'Intwazangabo yo ku rugero rwa
jenerari mu Giporisi ;

12° umukomiseri w'Umugwi w'igihugu
utegekanijwe n'Ibwirizwa Shingiro ;

13° buramatari ;

14° umucamanza wo muri Sentare nkuru
isubiramwo imanza canke wo muri Sentare
yo kuri urwo rugero ;

15° umushikirizamanza wo muri Paraki nkuru
ikukira Sentare nkuru isubiramwo imanza
canke ikukira iyindi Sentare yo kuri urwo
rugero ;

16° abanyamabanga bakuru ba Sentare
Ntahinyuzwa n'aba Paraki nkuru ya
Repuburika, Umukuru w'abanditsi b'imanza
wa Sentare Ntahinyuzwa n'Umukuru
w'abanyamabanga ba Paraki nkuru ya
Repuburika ;

17° umucamanza wa Sentare icungera
amatungo ya Reta ;

18° umushingwanzandiko ;

19° uwujewe kwandika no gushingura
impapuro ndangatongo.

Article 46

En matière juridictionnelle, la Cour suprême
statue sur les prises à partie dirigées contre
les magistrats de la Cour suprême, de la Cour
constitutionnelle, de la Cour spéciale des

Ingingo ya 46

Mu vyerekeye ukuburanisha imanza, Sentare
Ntahinyuzwa isasa mu manza zitwariwemwo
abacamanza ba Sentare Ntahinyuzwa, ba
Sentare ijewe kwubahiriza Ibwirizwa Shingiro,

terres et autres biens, du Parquet général de la République, de la Cour anti-corruption, des Cours d'appel et des Parquets généraux près lesdites Cours, des Cours administratives, de la Cour militaire et de l'Auditorat général.

Article 47

La Section d'appel de la Chambre judiciaire connaît de l'appel formé contre les arrêts rendus en matière répressive par la Section de premier degré et ceux rendus au premier degré par, les cours d'appel et la Cour militaire.

Sentare idasanzwe ica imanza zerekeye amatungo n'ayandi matungo, Paraki nkuru ya Repuburika, Sentare irwanya igiturire, Sentare zisubiramwo imanza na Paraki nkuru zizikukira, Sentare ica imanza zerekeye Reta n'ibisata vyayo bimwebimwe, Sentare ya gisirikare n'Ubushikirizamanza bwa Gisirikare.

Ingingo ya 47

Igisata c'iyungururizo c'Igisata ca Sentare ntahinyuzwa gicira imanza z'ivyaha abanyacubahiro bamwebamwe cakira imanza zungurujwe zaciwe n'Igisata gica imanza ku rugero rwa mbere zerekeye ivyaha hamwe n'imanza zaciwe ku rugero rwa mbere na Sentare nkuru zisubiramwo imanza na Sentare nkuru ya gisirikare.

CHAPITRE II : DE LA COMPETENCE DE LA CHAMBRE ADMINISTRATIVE

IGICE CA II : IVYEREKEYE UBUBASHA

BW'IGISATA CA

SENTARE NTAHINYUZWA GICA

IMANZA ZEREKEYE RETA

N'IBISATA VYAYO

Article 48

La Chambre administrative connaît connaît en premier degré et en dernier ressort des recours dirigés contre les actes réglementaires et individuels du Président de la République et les autres recours prévus par des lois particulières notamment la loi sur les partis politiques.

Ingingo ya 48

Igisata ca Sentare Ntahinyuzwa gica imanza zerekeye ibisata vya Reta cakira ku rugero rwa mbere ari narwo rwa nyuma abitwariye ingingo zijanye n'amategeko n'izerekeye ingingo zafashwe n'Umukuru w'igihugu n'izindi manza zitegekanijwe n'amabwirizwa azerekeye canecane ibwirizwa rigenga imigambwe.

CHAPITRE III : DE LA COMPETENCE DE LA CHAMBRE DE CASSATION

IGICE CA III : IVYEREKEYE UBUBASHA

BW'IGISATA GASAMBURAMANZA

Article 49

La Cour suprême siégeant en Chambre de cassation connaît des pourvois formés contre les jugements et arrêts rendus en dernier ressort par les cours et tribunaux ainsi que les autres Chambres instituées en son sein et statuant au fond ou en préjugeant.

Ingingo ya 49

Sentare Ntahinyuzwa isasa mu Gisata gasamburamanza yakira imanza zisambuzwa zaciwe ku rugero rwa nyuma na sentare zitandukanye hamwe n'izaciwe n'ibindi bisata vya Sentare Ntahinyuzwa nyene zaciwe zitakigira iyungururizo kang'i zaciwe mw'ido n'ido canke zaciwe ivy'intangamarara.

Article 50

La Cour suprême siégeant en Chambre de cassation connaît de la procédure en règlement de juges.

Ingingo ya 50

Sentare Ntahinyuzwa isasa mu Gisata gasamburamanza yakira imanza zerekeye abacamanza.

Article 51

Lorsque la Cour suprême est saisie d'un pourvoi en cassation, elle ne connaît pas du fond de l'affaire.

Ingingo ya 51

Mu gihe isabwe gusambura urubanza, Sentare Ntahinyuzwa ntisubira kwihweza urwo rubanza mw'ido n'ido.

En tout état de cause, la Cour suprême s'assure que le juge de fond a correctement et juridiquement qualifié les faits, bien interprété et bien appliqué la loi.

Uko biba biri kwose, Sentare Ntahinyuzwa irasuzuma ko umucamanza yaciye urubanza mw'ido n'ido yerekanye neza ivyakozwe kandi yisunze amategeko, yahaye neza insiguro kandi yakurikije neza amategeko.

Ce faisant, le juge de cassation soulève d'office l'inapplication, la mauvaise application ou la mauvaise interprétation de la règle de droit applicable aux faits.

Ku bw'ivyo, umucamanza wo muri gasamburamanza arerekana ata gisabwe ko itegeko ryari gukurikizwa ku vyakozwe ritakurikijwe, ryakurikijwe ukutariko canke ryahawe insiguro atariyo.

Article 52

Le pourvoi en cassation n'est ouvert que contre les jugements et arrêts rendus en dernier ressort dans les cas suivants :

Ingingo ya 52

Hasambuzwa gusa imanza zaciwe ku rugero rwa nyuma ku mvo zikurikira:

1° si le jugement ou l'arrêt contient une violation de la loi, de la coutume ou des principes généraux du droit ou s'il a été rendu à la suite d'une erreur dans l'application ou l'interprétation de la loi ;

1° iyo urubanza rwaciwe hatubahirijwe amategeko, imico canke ingingo ngenderwako z'amategeko canke iyo rwaciwe habaye ukwihenda mu gukurikiza canke mu guha insiguro amategeko;

2° si la juridiction qui l'a rendu était incompétente ;

2° iyo sentare yaruciye itari ibifitiye ububasha ;

3° si au cours de la procédure, dans le jugement ou dans l'arrêt, les formes prescrites à peine de nullité n'ont pas été respectées ;

3° iyo mu kuburanisha urubanza, mu rubanza rwaciwe, ibikurikizwa bitegerejwe kugira urubanza ntirugirwe impfagusa bitubahirijwe;

4° s'il y a défaut, contradiction, insuffisance ou tout autre vice de motifs ;

4° iyo ata mvo zashikirijwe, iyo zivuguruzanya, zidakwiye canke zirimwo akandi kanenge ako ari ko kose;

5° iyo hahinduwe ivyashikirijwe mu kuburana mu

5° s'il y a dénaturation des faits présentés par les parties au procès ou leurs témoins ou de toute autre personne ayant intervenu dans l'affaire.

rubanza n'abaturanyi canke n'amasura yabo canke n'uwundi muntu wese yinjije muri urwo rubanza.

Article 53

Sans préjudice des dispositions de l'alinéa 3 de l'article 51 et sous peine d'irrecevabilité, un moyen ou une branche de moyen ne doit mettre en œuvre un seul cas d'ouverture. Sous peine de la même sanction, chaque moyen ou chaque branche de moyen doit préciser, le cas d'ouverture invoqué, la partie de la décision critiquée et ce en quoi celle-ci encourt le reproche allégué.

Ingingo ya 53

Hatirengagijwe agace ka 3 k'ingingo ya 51 kandi kugira ico imburano zishingiyeko canke igice c'ico imburano zishingiyeko ntikireke kwakirwa, gitegerezwa kuba cerekeye imvo imwe gusa ituma urubanza rusambuzwa. Kugira ico gihano nyene ntigitangwe, ico imburano zishingiyeko kimwekimwe cose canke igice c'ico imburano zishingiyeko kimwekimwe cose gitegerezwa gutomora imvo ituma urubanza rusambuzwa, igice c'ingingo isambuzwa n'uko iyo ngingo yofatwa hisunzwe ico inegurwa.

CHAPITRE IV : DE LA COMPETENCE DE LA COUR SUPREME SIEGEANT TOUTES CHAMBRES REUNIES

IGICE CA IV: IVYEREKEYE UBUBASHA BWA SENTARE NTAHINYUZWA ISASA IBISATA VYAYO VYOSE BIKORANYE

Article 54

La Cour suprême siégeant toutes chambres réunies est compétente pour statuer sur le pourvoi en cassation, lorsqu'après cassation d'un premier jugement ou arrêt rendu en dernier ressort dans la même affaire, entre les mêmes parties, le second jugement ou arrêt rendu sur renvoi est attaqué.

Ingingo ya 54

Sentare Ntahinyuzwa isasa ibisata vyayo vyose bikoranye ifise ububasha bwo gufata ingingo ku rubanza rwungururijwe mu Gisata gasamburamanza, mu gihe inyuma y'isamburwa ry'urubanza rwa mbere rwaciwe ku rugero rwa nyuma kuri urwo rubanza nyene, abaturanyi ari babandi, urubanza rugira kabiri rwaciwe mu Gisata gasamburamanza na rwo nyene rwongeye kwungururizwa mu Gisata gasamburamanza.

Article 55

Sous réserve des dispositions particulières relatives à certaines juridictions, en matière répressive, la Cour siégeant toutes chambres réunies, connaît de la révision des jugements et arrêts coulés en force de chose jugée rendus par toutes les juridictions de la République dans les cas suivants :

Ingingo ya 55

Hatirengagijwe ingingo zerekeye sentare zimwezimwe, mu vyerekeye ivyaha, Sentare Ntahinyuzwa isasa ibisata vyayo vyose bikoranye, yakira imanza zisabirwa gusubirwamwo zamaze kuba ntabanduka zaciwe na sentare zose z'igihugu mu bihe bikurikira:

1° lorsque, après une condamnation pour homicide, des pièces propres à faire

1° mu gihe, igihano ku caha c'ukwica umuntu kimaze gutangwa, herekanywe inzandiko

- naître des indices suffisants sur l'existence de la prétendue victime de l'homicide sont présentées ;
- zishobora gutuma haboneka ibimenyetso bikwiye vyerekana ko umuntu akekwa ko yishwe ariho;
- 2° lorsque, après une condamnation pour crime ou délit, un nouvel arrêt a condamné pour le même fait un autre prévenu et que, les deux condamnations ne pouvant se concilier, leur contradiction est la preuve de l'innocence de l'un ou de l'autre condamné ;
- 2° mu gihe, igihano ku caha gikomeye canke gisanzwe kimaze gutangwa, hari urubanza rushasha rwaciwe kuri ico caha nyene rwagiriza uwundi muntu ivyari vyagirijwe uwa mbere kandi, izo manza zibiri ku caha kimwe zidashobora gufatanywa, ukuvuguruzanya kwazo ari co cemeza ko umwe muri abo babiri yahanywe ata caha kimwagira;
- 3° lorsqu'un des témoins entendus a été, postérieurement à la condamnation, déclaré ou reconnu judiciairement coupable de faux témoignage contre le condamné ;
- 3° mu gihe umwe mu masura yumvirijwe, igihano kimaze gutangwa, yatangajwe canke yemejwe na sentare ko yagiriye icaha c'ugusura ibinyoma vyatsindishije uwahanywe;
- 4° lorsqu'il est prouvé qu'un témoin cité n'a pas été physiquement disponible pour être entendu, sauf si le requérant a accepté que l'affaire soit prise en délibéré malgré l'absence de ce témoin;
- 4° mu gihe hatanzwe ivyemezo ko isura yarengukijwe mu rubanza itashoboye kwitaba kugira yumvirizwe, kiretse iyo uwusaba ko urubanza rusubirwamwo yari yemeye ko urubanza rushirwa mu mwiherero n'aho iyo sura itahashitse;
- 5° lorsqu'en vertu d'une décision rendue par une juridiction internationale ou une institution quasi juridictionnelle supra nationale, il a été confirmé qu'il y a eu violation d'une disposition substantielle d'une convention internationale ratifiée par l'Etat du Burundi ;
- 5° mu gihe, hisunzwe ingingo yafashwe na sentare mpuzamakungu canke urwego rufatwa nka sentare rufise ububasha burengeye ubwa sentare zo mugihugu, hemejwe ko harenzwe ingingo ihambaye yo mu masezerano mpuzamakungu yashizweko umukono **na Reta y'Uburundi** ;
- 6° lorsque, après une condamnation ou un acquittement, un fait vient de se produire ou de se révéler ou que des pièces inconnues lors des débats sont présentées établissant l'innocence du condamné ou la culpabilité de l'acquitté ;
- 6° mu gihe, igihano kimaze gutangwa hari uwejejwe, hari igikozwe canke icakozwe kimenyekanye canke hari inzandiko zitari zizwi igihe urubanza rwaburanishwa zishikirijwe, zikaza zerekana ko uwahanywe yera canke uwejejwe yagiriwe n'icaha;
- 7° lorsqu'en vertu d'une loi particulière ou d'une convention internationale, il s'avère que la réformation de l'arrêt
- 7° mu gihe, hisunzwe ibwirizwa ryiharijwe n'ivyerekeye urubanza rwaciwe canke amasezerano mpuzamakungu, bigaragaye ko

s'impose pour corriger une erreur de droit ou de fait ;

8° lorsqu'il s'agit d'une décision judiciaire entachée d'un mal jugé manifeste qui n'a pas pu être corrigé.

urwo rubanza rutegerezwa guhindurwa kugira hakosorwe aho sentare yihenze mu vyerekeye amategeko canke ivyakozwe vyafatiweko mu kwegeka icaha ku muntu ;

8° mu gihe ari ingingo yafashwe na sentare bigaragara ko urubanza rwaciwe nabi kandi ko itakosowe.

Article 56

En matière civile, la Cour suprême connaît de la révision des jugements ou arrêts coulés en force de chose jugée rendus par toutes les juridictions dans les cas suivants :

Ingingo ya 56

Mu manza z'amatati, Sentare Ntahinyuzwa isasa ibisata vyayo vyose bikoranye, yakira imanza zisabirwa gusubirwamwo zamaze kuba ntabanduka zaciwe na sentare zose mu bihe bikurikira:

- | | |
|---|--|
| 1° s'il se révèle, après l'arrêt, que la décision a été prise par fraude de la partie au profit de laquelle elle a été rendue ou son mandataire ; | 1° iyo bigaragaye, urubanza rumaze gucibwa, ko ingingo yafashwe ifatiye ku bubeshi vy'uwatsinze canke ivy'uwamuserukiye; |
| 2° si depuis l'arrêt, il a été recouvré des pièces décisives qui avaient été perdues ou retenues soit par le fait des parties, soit par le fait d'un tiers ; | 2° iyo kuva urubanza ruciwe, hubuwe inzandiko zari gutuma urubanza rucibwa ukundi zari zaratakaye canke zari zaranyegejwe biturutse ku baburanyi canke ku wundi muntu; |
| 3° s'il a été jugé sur des pièces judiciairement reconnues ou déclarées fausses depuis l'arrêt ; | 3° iyo urubanza rwaciwe hafatiwe ku nzandiko, sentare yemeje canke yashikirije ko zari iz'ibinyoma urubanza rugicibwa; |
| 4° s'il a été jugé sur des attestations, des témoignages ou du serment judiciairement déclarés faux depuis l'arrêt ; | 4° iyo urubanza rwaciwe hafatiwe ku nzandiko, ivyashikirijwe n'amasura canke indahiro, sentare ikemeza ko vyari ivy'ibinyoma urubanza rugicibwa; |
| 5° lorsqu'il est prouvé qu'un témoin cité au premier degré ou au degré d'appel n'a pas été physiquement disponible pour être entendu, sauf si le requérant a accepté que l'affaire soit prise en délibéré malgré l'absence de ce témoin ; | 5° mu gihe bigaragaye ko isura yarengukijwe muri sentare urubanza rwatanguriyemwo canke muri sentare y'iyungururizo itashoboye kwitaba kugira yumvirizwe, kiretse iyo uwusaba ko urubanza rusamburwa yari yemeye ko rushirwa mu mwiherero n'aho iyo sura itabonetse; |
| 6° s'il y a contrariété entre deux décisions coulées en force de chose jugée ; | 6° iyo hari ukuvuguruzanya hagati y'ingingo zibiri zamaze kuba ntabanduka mu rubanza rumwe; |

- 7° s'il s'agit d'une décision judiciaire entachée d'un mal jugé manifeste qui n'a pas pu être corrigé ;
- 7° iyo ari ingingo yafashwe na sentare bigaragara ko urubanza rwaciwe nabi kandi ko itakosowe;
- 8° lorsqu'en vertu d'une loi particulière ou d'une convention internationale, il s'avère que la réformation de l'arrêt s'impose pour corriger une erreur de droit ou de fait.
- 8° mu gihe, hisunzwe ibwirizwa ryiharijwe n'ivyerekeye urubanza rwaciwe canke amasezerano mpuzamakungu, bigaragaye ko urwo rubanza rutegerezwa guhindurwa kugira hakosorwe aho sentare yihenze mu vyerekeye amategeko canke ivyakozwe vyafatiweko mu kwegeka icaha ku muntu.

Article 57

La révision n'est recevable que si son auteur n'a pu, sans faute de sa part, faire valoir la cause qu'il invoque avant que la décision ne soit passée en force de chose jugée.

Ingingo ya 57

Ugusubirishamwo urubanza vyakirwa gusa iyo uwusaba ko rusubirwamwo atashoboye, bitamuvuyeko, gushikiriza ivyo asaba imbere yuko ingingo yafashwe iba ntabanduka.

Article 58

La Cour connaît également de l'annulation des décisions judiciaires coulées en force de chose jugée par lesquelles les juges ont excédé leurs pouvoirs et entravé le cours de la justice.

Ingingo ya 58

Sentare yakira kandi imanza zisaba ifutwa ry'ingingo zamaze kuba ntabanduka abacamanza baciye barenze ububasha bwabo, bigatuma imanza zidashobora kubandanya uko bitegekanijwe.

**TITRE III : DE LA PROCEDURE SUIVIE
DEVANT LA COUR SUPREME**

**IKIGABANE CA III : INGENE IVYEREKEYE
IMANZA BIGENDA MURI
SENTARE NTAHINYUZWA**

**CHAPITRE I : DES DISPOSITIONS
COMMUNES A TOUTES LES
REQUETES**

**IGICE CA I : IVYEREKEYE INGINGO RUSANGI
ZEREKEYE INZANDIKO ZOSE
Z'UKWITWARA**

**Section 1 : De l'introduction et de la mise
en état des dossiers**

**Agace ka 1: Ugushingisha urubanza
n'ugusuzuma ko ibikenewe
bikwiye kugira rushobore
kwihwezwa**

Article 59

La Cour est saisie par réquisition du Ministère public déposée au greffe ou par requête des parties ou leurs mandataires.

Ingingo ya 59

Sentare yiturwa biciye mu rwandiko rw'ibirego rw'Umushikirizamanza rushikirizwa mw'iyandikiro ry'imanza canke biciye mu rwandiko rushikirizwa n'abaturanyi canke abo batumye kubaserukira.

Article 60

Sauf lorsqu'elle émane du Ministère public, la

Ingingo ya 60

Kiretse mu gihe urwandiko rw'ugushingisha ruba

requête introductive d'instance doit être signée par la partie elle-même, son avocat ou son mandataire.

rushikirijwe n'umushikirizamanza, urwo rwandiko rutegerezwa kuba rwashizweko umukono n'umuburanyi we nyene ubwiwe, umushingwamanza wiwe canke uwo yatumye kumuserukira.

La requête est datée et mentionne :

Urwandiko rw'ukwitwara ruba ruriko igenekerezo rwandikiweko kandi rurimwo:

1° les noms, qualité, résidence ou domicile élu de la partie requérante ;

1° amazina y'uwitwaye, ico ari, aho aba canke aho afise urugo;

2° l'objet de la demande ;

2° icitwariwe;

3° les noms, la qualité, l'adresse complète de la partie adverse ;

3° amazina y'uwitwariwe, ico ari mu rubanza, aho abarizwa hadondowe bikwiye;

4° l'inventaire des pièces formant le dossier.

4° urutonde rw'inzandiko zigize idosiye.

Article 61

Tout mémoire est daté et mentionne :

Ingingo ya 61

Imburano zanditse ziba ziriko igenekerezo kandi zirimwo:

1° les noms, la qualité et l'adresse complète de la partie concluante ;

1° amazina y'uwushikiriza imburano, ico ari mu rubanza n'aho abarizwa hadondowe bikwiye;

2° les moyens complémentaires à la requête, les exceptions et les moyens opposés à la requête et au mémoire de la partie adverse ;

2° ivyo imburano zishingiyeko vyunganira ibisabwa mu kwitwara, inzitizi n'imburano zivuguruza ibisabwa n'imburano z'uwitwaye;

3° les références de l'inscription de la cause ;

3° inomeru urubanza rwanditsweko;

4° l'inventaire des pièces formant le dossier déposé au greffe.

4° urutonde rw'inzandiko zigize idosiye yashikirijwe mw'iyandikiro ry'imanza.

Article 62

Sous réserve des dispositions de l'article 66 de la présente loi, toute requête ou tout mémoire produit devant la Cour suprême doit être accompagné, sous peine d'irrecevabilité, de deux copies signées par la partie elle-même ou son mandataire ainsi que d'autant

Ingingo ya 62

Hatirengagijwe ibitegekaniye mu ngingo ya 66 y'iri bwirizwa, urwandiko rwose rw'ukwitwara canke urw'imburano rushikirizwa Sentare Ntahinyuzwa, kugira ntirureke kwakirwa, rutegerezwa kuba ruri kumwe n'ikopi zibiri ziriko umukono w'umuburanyi we nyene ubwiwe canke

d'exemplaires qu'il y a de parties désignées dans la décision entreprise. La signature est remplacée par l'empreinte digitale si la partie ne sait ou ne peut écrire.

Article 63

Toute cause est inscrite par les soins du greffier dans un registre de mise au rôle. La Cour fixe par son règlement intérieur le nombre de rôles.

L'inscription au rôle se fait dans l'ordre des dates de dépôt suivant une numérotation continue, sans blanc en indiquant les noms des parties ainsi que la mention sommaire de l'objet de la requête.

Le greffier délivre un récépissé indiquant le rôle, le numéro d'ordre, les références ou les noms des parties et l'objet de la demande.

Le récépissé fait mention de la consignation des frais de justice s'il y a lieu. La consignation doit être versée dans les délais prévus par la loi pour le dépôt de la requête.

L'administration publique, les collectivités locales et les requérants indigents sont dispensés des frais de consignation.

L'indigence est attestée par l'administrateur communal de résidence du requérant et approuvée par le président de la Cour suprême.

Article 64

Toute requête, toute réquisition ou tout mémoire est déposé au greffe contre un accusé de réception. Ils sont notifiés à la partie adverse par le greffier.

uwu yatumye kumuserukira hamwe n'inzandiko z'imvaho zarwo zingana n'igitigiri c'ababuranyi bavugwa mu ngingo urubanza rwerekeye. Umukono usubirizwa n'igikimu iyo umuburanyi atazi canke adashobora kwandika.

Ingingo ya 63

Urubanza rwose rwandikwa n'umwanditsi w'imanza mu gitabu candikwamwo urutonde rw'imanza zizoburanishwa. Sentare irashinga yisunze amategeko ntunganyabikorwa yayo igitigiri c'imanza ziburanishwa ku musi.

Imanza zandikwa ku rutonde rw'izizoburanishwa uko zikurikirana ku magenekerezo zagiye zirashikirizwako hisunzwe inomero zikurikirana, ata mwanya usigara hagati y'igiharuro n'ikindi, hakerekanwa amazina y'ababuranyi hamwe n'icitwariwe mu ncamake.

Umwanditsi w'imanza aratanga urwandiko rwemeza ko urubanza rwanditswe mu zizoburanishwa, inomero y'urubanza, ibiranga ababuranyi canke amazina yabo hamwe n'icitwariwe.

Urwandiko rwemeza ko urubanza rwanditswe mu zizoburanishwa rurerekana ko amagarama yatanzwe iyo vyakozwe. Ayo magarama ategerezwa gutangwa mu biringo bitegekanijwe n'ibwirizwa ryerekeye ivyo gushingisha imanza.

Inzego za Reta, inzego z'intwari z'intango hamwe naba ntahonikora ntibatanga amafaranga yo gushingisha urubanza.

Ukuba ntahonikora vyemezwa na musitanteri w'aho uwusaba urwandiko ruvemeza aba, bikemezwa n'Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa.

Ingingo ya 64

Urwandiko rwose rw'ukwitwara, urwandiko rwose rw'ugushingisha urubanza rw'umushikirizamanza canke urw'imburano rushikirizwa mw'iyandikiro ry'imanza, hagatangwa urwandiko rwemeza ko

rwakiriwe. Umwanditsi w'imanza arazimenyeshwa uwundi muburanyi.

Article 65

Le président de la Cour désigne, pour toutes les affaires introduites devant la Cour Suprême, un juge de mise en état.

Ingingo ya 65

Ku manza zose zishikirijwe Sentare Ntahinyuzwa, Umukuru wayo aragenza umucamanza ashinzwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa.

Le juge de mise en état vérifie si toutes les formalités requises sous peine de nullité sont remplies et s'assure que toutes les pièces nécessaires à la fixation de la cause figurent dans le dossier.

Uwo mucamanza arasuzuma ko ibitegerezwa gukorwa kugira idosiye ntibe impfagusa bikwiye akongera akaraba ko inzandiko zose zikenewe kugira hashingwe igenekerezo urubanza ruzoburanishirizwako ziri mw'idosiye.

Article 66

Si une des formalités prévues par la présente loi n'est pas remplie ou est insuffisamment remplie, la requête est enregistrée à sa date sur le registre d'ordre mais le juge de mise en état, sous la supervision du président de la Cour suprême, met en demeure le requérant de les remplir dans un délai de quinze jours à dater de la réception effective de la mise en demeure. La mise en demeure est faite par tout moyen de communication vérifiable.

Ingingo ya 66

Iyo kimwe mu bitegerezwa gukorwa bitegekanijwe n'iri bwirizwa kitakozwe canke kitakozwe bikwiye, urubanza rurandikwa kw'igenekerezo rushikirijweko mu gitabu kibigenewe ariko umucamanza ashinzwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa ahagarikiwe n'Umukuru wa Sentare ntahinyuzwa aragabisha uwushingishije urubanza amusaba gukwiza ibisabwa mu kiringo c'imisi icumi n'itanu giharurwa kuva aronse icerekana ko yagabishijwe. Ukugabisha bigirwa mu buryo bwose bw'ugutanga ubutumwa haboneka icemeza ko bwatanze.

Article 67

Dès que les productions des parties sont déposées ou que les délais prévus pour le faire sont écoulés, le greffier transmet le dossier au président de la Cour suprême aux fins de fixation de la cause en audience publique.

Ingingo ya 67

Ivyo ababuranyi bategerejwe bimaze gushikirizwa canke igihe c'ukubishikiriza carangiye, umwanditsi w'imanza aca ashikiriza Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa idosiye kugira ashire urubanza ku rutonde rw'izoburanishwa mu ntahe y'icese.

L'ordonnance de fixation est notifiée au Ministère public et aux parties au moins huit jours avant la première audience.

Ingingo ishingira igenekerezo urubanza ruzoburanishirizwako iramenyeshwa Ubushikirizamanza n'ababuranyi n'imiburiburi hasigaye imisi umunani ngo intahe ya mbere isase.

Article 68

Sept jours au moins avant l'audience, le

Ingingo ya 68

Hasigaye n'imiburiburi imisi indwi ngo intahe

greffier affiche au greffe et à l'entrée du local des audiences le rôle des affaires fixées. L'extrait du rôle porte la mention du numéro du rôle et des noms des parties. Il est immédiatement communiqué au Parquet général de la République.

isase, umwanditsi w'imanza aramanika ku biro vy'iyandikiro ry'imanza no ku muryango w'ingoro intahe zisasiramwo, urutonde rw'imanza zizoburanishwa uwo musu. Kuri iryo yimuriro ry'imanza zizoburanishwa, haba hariko inomero y'urubanza ruburanishwa n'amazina y'ababuranyi. Iryo yimuriro rica rimenyeshwa ubwo nyene Paraki nkuru ya Repuburika.

Section 2 : De la computation des délais

Agace ka 2 : Iharurwa ry'ibiringo

Article 69

Les délais sont comptés en toute matière conformément au Code de procédure civile.

Ingingo ya 69

Ibiringo biharurwa ku rubanza urwo ari rwo rwose hisunzwe Igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'amatazi ziburanishwa, zicibwa n'ingene zikurikizwa.

Si les délais courent contre les incapables, la Cour peut les relever de la déchéance s'il est établi que leur représentation n'avait pas été assurée.

Iyo ibiringo vyarenganye ku batishoboye, Sentare Ntahinyuzwa irashobora kubongerereza ikiringo ibirangurwa biterako igihe iyo bigaragaye ko bataserukiwe.

Le délai de pourvoi en cassation est interrompu par le décès de la partie à laquelle le jugement avait été notifié. Le délai court à partir d'une notification faite aux héritiers qui peuvent désigner un représentant commun ad hoc.

Ikiringo c'ukwunguruza mu Gisata gasamburamanza kirahagarikwa guharurwa kubera uwari yaramenyeshwe urubanza rwaciye yapfuye. Ico kiringo gisubira guharurwa iyo urubanza rumenyeshwe abamutorana, na bo bagashobora guca bagena bonyene uwubaserukira.

En tout état de cause, la Cour peut relever les parties de la déchéance encourue, en cas de force majeure.

Uko bigenda kwose, sentare irashobora kubongerereza ikiringo ibirangurwa biterako igihe iyo bagize imvo ntasimbwa.

Section 3 : Des audiences de la Cour

Agace ka 3 : Intahe zo muri Sentare Ntahinyuzwa

Article 70

Les audiences de la Cour sont publiques à moins que la publicité ne soit dangereuse pour l'ordre public ou les bonnes mœurs. Dans ce cas, la Cour ordonne le huis clos sur les bancs.

Ingingo ya 70

Imburano muri Sentare Ntahinyuzwa zibera mu ntahe y'icese, kiretse igihe vyoba bihungabanya umutekano canke bitosekaza imico n'imigenzo. Muri ico gihe, Sentare ica ifatira ingingo aho nyene yo kuburanishiriza urubanza mu mwiharerö.

Article 71

Les juges de la Cour suprême et les magistrats du Parquet général de la République portent aux audiences une tenue dont les caractéristiques sont fixées par décret après avis respectifs du Conseil supérieur de la magistrature et du Conseil supérieur des Parquets. Il en est de même pour les audiences solennelles.

Article 72

Tout juge de la Cour suprême peut être récusé pour l'une ou l'autre cause prévue par le Code de l'organisation et de la compétence judiciaires.

Toutefois, le seul fait d'avoir statué sur la recevabilité du second pourvoi ne donne pas lieu à récusation du juge quant au fond de l'affaire.

Article 73

Les débats se déroulent de la façon suivante :

1° à l'appel de la cause, le président du siège résume les faits et les moyens et expose l'état de la procédure ;

2° le mandataire du Gouvernement, les parties ou leurs représentants peuvent présenter des observations orales. Il ne peut être produit à l'audience d'autres moyens que ceux développés dans la requête ou les mémoires ;

3° le Ministère public donne son avis ;

4° le président de l'audience prononce la clôture des débats et la cause est prise en délibéré.

Ingingo ya 71

Abacamanza bo muri Sentare Ntahinyuzwa n'abashikirizamanza bo muri Paraki nkuru ya Repuburika bambara mu gihe c'intahe, umwambaro ibiwuranga bishingwa n'Itegeko ry'Umukuru w'Igihugu, Inama nkuru y'Ubucamanza n'Inama nkuru y'Ubushikirizamanza imwimwe yose imaze kugira ico ibivuzeko. Ni ko kw'uko no ku mwambaro wo ku misi mikuru.

Ingingo ya 72

Umucamanza wese wo muri Sentare Ntahinyuzwa arashobora gutaramurwa ku mvo iri mu zitegekanijwe n'Igitabu c'amategeko yerekeye iringanizwa rya sentare n'ububasha bwazo.

Ariko, ugufata ingingo gusa ko urubanza rwakirwa kugira rusamburwe ubugira kabiri ntibituma umucamanza ataramurwa mu kuburanisha urubanza mw'ido n'ido.

Ingingo ya 73

Ukuburana mu ntahe bigirwa uku gukurikira:

1° umukuru w'intahe amaze guhamagara urubanza rushikiriwe, araca ku mayange ivyabaye bigize urubanza n'ivyo imburano z'umwumwe zishingiyeko, akavuga n'aho urubanza rugeze mu kuburanishwa;

2° uwatumwe guserukira Reta, ababuranyi canke ababaserukira barashobora kugira ico bashikiriye ku munwa. Ntibashobora gushikiririza mu ntahe ibindi imburano zishingiyeko atari ugushimangira ivyashikirijwe mu rwandiko rw'ukwitwara canke mu mburano zanditse;

3° umushikirizamanza aratanga icyumviro ciwe;

4° umukuru w'intahe arasoze imburano, urubanza rugashirwa mu mwiherero.

Le greffier du siège rédige le plumitif d'audience.

Umwanditsi w'imanza yaje mu ntahe arandika n'iminwe imburano z'urubanza.

Article 74

La Cour suprême se prononce sur les moyens présentés par les parties et par le Ministère public.

Ingingo ya 74

Sentare irashikiriza aho ihagaze ku vyo imburano zishingiyeko vyashikirijwe n'ababuranyi n'Umushikirizamanza.

Aucun moyen autre que ceux repris aux requêtes et mémoires déposés dans les délais légaux ne peut être reçu.

Nta kindi imburano zishingiyeko gishobora kwakirwa atari ibiri mu rwandiko rw'ukwitwara no mu mburano zanditse vyashikirijwe mu biringo bitegekanijwe n'amategeko.

Toutefois, la Cour peut soulever tous les moyens tendant à corriger une erreur judiciaire.

Ariko, Sentare irashobora kwakira ibindi vyose imburano zishingiyeko bifise intumbero y'ugukosora ikosa rya sentare.

En ce cas, si elle l'estime nécessaire, elle peut ordonner aux parties de conclure sur ces moyens.

Muri ico gihe, iyo sentare ibonye ko bikenewe, irashobora gutegeka ababuranyi gusozera izo mburano.

Article 75

La Cour peut, avant la clôture des débats, ordonner aux parties de conclure sur un incident ou sur tout moyen soulevé d'office.

Ingingo ya 75

Sentare irashobora, imbere yuko imburano zisozerwa, gusaba ababuranyi kugira ico bavuze kucadutse mu nyuma canke ku kibazo cose sentare yo nyene ishikirije.

Elle peut de même, après la clôture des débats, décider leur réouverture pour ordonner aux parties de conclure sur un incident ou sur les moyens d'ordre public soulevés d'office.

Sentare irashobora kandi, imburano zimaze gusozerwa, gufata ingingo y'ugusubira kuburanisha urubanza kugira isabe ababuranyi kugira ico bavuze ku cadutse mu nyuma canke ku vyo urubanza rushingiyeko vyerekeye ineza ya bose sentare yashikirije.

Section 4 : Des incidents

Agace ka 4 : Ivyaduka mu rubanza

Paragraphe 1. La connexité et la reprise d'instance

Agahimba ka 1. Imanza zifitaniye isano n'ukubandaniriza urubanza aho rwari rugeze

Article 76

Le juge peut, à la demande des parties ou d'office, ordonner la jonction de plusieurs causes pendantes devant la même chambre lorsqu'il existe entre les litiges un lien tel qu'il soit de l'intérêt d'une bonne justice de les faire

Ingingo ya 76

Umucamanza arashobora, bisabwe n'ababuranyi canke avyibwirije, gushinga ko imanza nyinshi ziri mu Gisata kimwe zifatanywa iyo zifitaniye isano mu gihe bigaragara ko ukuzitohoreza hamwe canke ukuzicira hamwe vyofasha ubutungane mu

instruire ou les juger ensemble.

Article 77

En cas de décès d'une partie en cours d'instance, toutes les communications et notifications de la cause sont faites valablement aux ayants droit, collectivement et sans autre désignation de qualité au domicile élu ou au dernier domicile du défunt.

La Cour peut demander, en outre au Procureur général de la République de recueillir des renseignements sur l'identité ou sur la qualité des parties à l'égard desquelles la reprise d'instance peut avoir lieu.

Article 78

La reprise d'instance volontaire se fait, dans un délai de six mois suivant le décès ou la perte de qualité ou de capacité d'une partie, par dépôt au greffe d'un mémoire justifiant les qualités de la personne qui reprend l'instance.

Le défaut de reprise d'instance du demandeur vaut désistement.

Article 79

Les ayants droit ou leurs représentants, qui ont volontairement repris l'instance dans les délais fixés par la loi peuvent forcer les autres ayants droit à intervenir. La reprise d'instance forcée est faite en la forme d'une requête reprenant les mentions de la requête introductive d'instance et indiquant l'état de la procédure en cours.

gutunganiriza ababwituye.

Ingingo ya 77

Mu gihe umuburanyi apfuye urubanza rukiburanishwa, ibishikirizwa n'ibimenyeshwa vyose vyerekeye urwo rubanza bihabwa abafise uburenganzira ku matungo yiwe, bafashwe nk'umugwi kandi bakaguma bari ico uwapfuye yari ari muri urwo rubanza, aho umuburanyi yapfuye yari yarahisemwo kubarizwa haguma ari aho nyene canke hakaguma ari ku rugo rwiwe rwa nyuma.

Sentare irashobora gusaba kandi Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika gutorokanya inkuru zishobora gufasha kugira urubanza rushobore kubandanya zerekeye umwidondoro w'ababuranyi canke ico bari bari mu rubanza.

Ingingo ya 78

Umuburanyi yisabira ko urubanza rubandaniriza aho rwari rugeze mu kiringo c'amezi atandatu kuva uwaburana apfuye canke atakaje uburenganzira canke ubushobozi bw'ukuburana, uwubisaba agashikiriza mw'iyandikiro ry'imanza urwandiko rwemeza ko abifitiye uburenganzira.

Atawusavye ko urubanza rubandaniriza aho rwari rugeze bifatwa ko rwahebwe.

Ingingo ya 79

Abafise uburenganzira ku matungo y'umuburanyi yapfuye canke ababaserukira bamaze gusaba ko urubanza rubandaniriza aho rwari rugeze mu biringo bitegekanijwe n'amategeko barashobora guhatira abandi bafise uburenganzira kuri ayo matungo kurwinjiramwo. Ugasaba kw'abandi babandaniriza urubanza aho rwari rugeze ku gahato bigirwa biciye mu rwandiko rw'ukwitwara rusubiramwo ibirego biri mu rwandiko rwo kwitwara rwashikirijwe n'uwo basubiriye, kandi rukerekana aho urubanza rwari rugeze.

4

Paragraphe 2. Les mesures probatoires

Article 80

La Cour suprême peut commettre un juge pour procéder à l'exécution de toute mesure probatoire qu'elle a ordonnée. Le juge commis à cet effet siège avec l'assistance d'un greffier.

Lorsque les opérations probatoires doivent avoir lieu hors du siège ordinaire de la Cour, le juge commissaire peut assumer tout greffier du ressort dans lequel il est appelé à siéger.

Article 81

Les pièces produites par une partie peuvent être contestées par la partie adverse en faisant une déclaration au greffe de la Cour.

Dès le dépôt de la déclaration, le greffier fait sommation à la partie qui a produit la pièce incriminée de déclarer si elle persiste à en faire état.

Si la partie qui a produit la pièce contestée renonce à en faire état par une déclaration au greffe ou si elle n'a pas fait de déclaration dans la huitaine, la pièce est écartée.

Le délai de huitaine peut être prorogé par la Cour si la partie déclare persister à faire état de la pièce contestée, auquel cas le greffier le notifie à la partie qui a soulevé l'incident. La partie ou le Ministère public peut dans les huit jours saisir la juridiction compétente.

Agahimba ka 2. Ingingo zijanye n'uguhinyuza

Ingingo ya 80

Sentare Ntahinyuzwa irashobora kugena umucamanza ashira mu ngiro ingingo zijanye n'uguhinyuza yashinze. Umucamanza yashinzwe ico gikorwa asasa afashijwe n'umwanditsi w'imanza.

Mu gihe ibikorwa vy'uguhinyuza bitegerezwa kubera ahandi atari ku cicaro ca Sentare Ntahinyuzwa, umucamanza yashinzwe gushira mu ngiro ingingo y'uguhinyuza arashobora gusaba umwanditsi w'imanza uwo ari we wese w'aho asasira kumufasha.

Ingingo ya 81

Inzandiko zishikirijwe n'umwe mu baburanyi zirashobora guhakanwa n'uwo baburana, bikagirwa mu gushikiriza urwandiko rw'ukuzihakana mw'iyandikiro ry'imanza rya Sentare Ntahinyuzwa.

Kuva urwo rwandiko rushikirijwe, umwanditsi w'imanza aca ateguka umuburanyi yashikirije urwandiko rwahakanywe kumenyesha nimba abandanya kurushingirako.

Iyo umuburanyi yashikirije urwandiko rwahakanywe ahevyeye kurushingirako biciye mu rwandiko ashikiriza mw'iyandikiro ry'imanza canke iyo ata co ashikirije mu misi umunani, urwo rwandiko rwahakanywe ruca rukurwa mw'idosiye.

Ico kiringo c'imisi umunani kirashobora kwongerezwa na Sentare iyo umuburanyi amenyesheje ko abandanya ashingira ku rwandiko rwahakanywe, muri ico gihe, umwanditsi w'imanza aca abimenyesha umuburanyi yashikirije ico kibazo. Uwo muburanyi canke Umushikirizamanza arashobora guca yitura Sentare ibifitiye ububasha mu misi umunani.

Dans ce cas, la Cour surseoit à statuer jusqu'après le jugement sur le faux à moins qu'elle estime que la pièce contestée est sans influence sur la décision à intervenir.

Si le Ministère public ou la partie qui a soulevé l'incident n'a pas introduit l'action dans le délai, la pièce est maintenue au dossier et soumise à l'appréciation de la Cour.

Section 5 : Des arrêts de la Cour

Article 82

La minute des arrêts est signée par tous les magistrats qui ont siégé dans la cause ainsi que par le greffier audiencier. Le dispositif de chaque arrêt est transcrit par les soins du greffier dans le registre des arrêts rendus. Chaque transcription est signée par le président du siège ainsi que par le greffier.

Article 83

Les arrêts de la Cour mentionnent :

- 1° la Chambre de la Cour qui a connu la cause ;
- 2° le numéro de l'affaire ;
- 3° l'identité des parties et de leurs représentants ;
- 4° l'énoncé des moyens du requérant et de la réplique du défendeur ainsi que l'indication de la date du dépôt ;
- 5° la mention de l'audition du Ministère public, s'il y a lieu ;

Muri ico gihe, Sentare Ntahinyuzwa ica ibangira gufata ingingo gushika urubanza rwerekeye urwo rwardiko rwise urw'ububeshi rucitse kiretse ibona ko urwandiko rwahakanywe ataco rwari guhindura ku ngingo yofata.

Iyo, yaba Umushikirizamanza canke umuburanyi yashikirije ikibazo c'urwandiko atemera ata n'umwe yituye Sentare mu kiringo cavuzwe, urwo rwardiko ruca rugumizwa mw'idosiye rukazokwihwezwa na Sentare.

Agace ka 5 : Imanza zicibwa na Sentare Ntahinyuzwa

Ingingo ya 82

Urwandiko nkomoko rw'urubanza rwaciwe rushirwako umukono n'abacamanza bose barushashemwo hamwe n'umwanditsi w'imanza yafashije mu ntahe. Icyo ry'urubanza urwo ari rwose irandikwa n'umwanditsi w'imanza mu gitabu candikwamwo imanza zaciwe na Sentare. Icyo ryose ry'urubanza ryanditswe muri icyo gitabu rirashirwako umukono n'Umukuru w'intaha hamwe n'umwanditsi w'imanza.

Ingingo ya 83

Imanza ziciwe na Sentare Ntahinyuzwa zirerekana ibi bikurikira:

- 1° igisata ca Sentare caciye urubanza;
- 2° inomero y'urubanza;
- 3° ibiranga abaturanyi n'ababaserukira;
- 4° ivyo imburano z'uwitwaye zishingiyeko n'ivyo uwitwariwe yireguje hamwe n'igenekerezo ivyo vyose vyashikirijweko;
- 5° ivyo Umushikirizamanza yashikirije, igihe yari muri urwo rubanza;

- 6° les incidents de procédure, s'il y a lieu, et la solution que la Cour y a apportée;
- 7° la motivation de la décision ;
- 8° le dispositif ;
- 9° l'imputation des frais et des dépens ;
- 10° la date et la mention du prononcé en audience publique ;
- 11° le nom des magistrats composant le siège ;
- 12° le nom de l'officier du Ministère public qui a assisté au prononcé de l'arrêt ;
- 13° le nom du greffier audiencier.
- 6° ibibazo vyadutse mu rubanza, iyo vyahabaye, n'inyishu Sentare yabitanze;
- 7° imvo yafatiweko mu guca urubanza;
- 8° iciro ry'urubanza;
- 9° uwuriha amagarama n'amafaranga yakoreshejwe muri urwo rubanza;
- 10° igenekerezo urubanza rusomeweko n'uko rusomwe mu ntahe y'icese;
- 11° amazina y'abacamanza bashashe mu rubanza;
- 12° izina ry'Umushikirizamanza yakurikiranye urubanza mw'isomwa ryarwo;
- 13° izina ry'umwanditsi w'imanza yafashije mu ntahe.

Article 84

Les arrêts de la Cour suprême sont signifiés aux parties par le greffier.

Ils sont revêtus de la formule exécutoire s'ils sont coulés en force de chose jugée.

Article 85

La Cour peut, à la requête des parties ou du Procureur général de la République, rectifier les erreurs matérielles de ses arrêts ou en donner l'interprétation.

Les parties sont entendues, le cas échéant.

Section 6 : Des frais et des dépens**Article 86**

Aucune affaire ne peut être portée au rôle sur requête d'une partie privée sans la consignation préalable sauf dispense

Ingingo ya 84

Umwanditsi w'imanza ni we amenyesha ababuranyi imanza zaciwe na Sentare.

Izo manza zirashirwako ikidodo cerekana ko zitegerezwa gukurikizwa iyo zamaze kuba ntabanduka.

Ingingo ya 85

Sentare irashobora, bisabwe n'ababuranyi canke Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika, gukosora amakosa asanzwe ari mu manza yaciye canke gutanga insiguro yazo.

Ababuranyi barumvirizwa iyo bikenewe.

Agace ka 6 : Amagarama n'amafaranga yakoreshejwe ku bw'urubanza**Ingingo ya 86**

Nta rubanza na rumwe rushobora gushirwa ku rutonde rw'izizoburanishwa bisabwe n'umuburanyi atabanje kuriha amafaranga

accordée suivant les modalités prévues par la présente loi.

y'ugushingisha kiretse abirekuriwe hisunzwe ibikurikizwa bitegekanijwe n'iri bwirizwa.

Le défaut de consignation à l'expiration du délai imparti entraîne la radiation de la cause. Compte tenu des ressources des parties, dispense totale ou partielle de consignation peut être accordée sur requête, par le président de la Cour suprême.

Ikiringo gitegekanijwe kirangiye hatarishwe amafaranga y'ugushingisha urubanza bituma rukurwa mu manza zashikirijwe. Hafatiwe ku mikoro y'abaturanyi, Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa arashobora kurekurira umuburanyi kudatanga amafaranga y'ugushingisha yose canke igice cayo, abisabwe.

A partir de ce moment, tous les actes lui sont délivrés en débet. Mention de la délivrance en débet y est portée.

Kuva ico gihe, inzandiko zose zijanye n'urubanza azihabwa ku mwenda. Harandikwako ko zitanzwe ku mwenda.

L'ordonnance de dispense ou d'autorisation visée ci-dessus n'est pas taxable.

Ingingo irekurira umuburanyi kutariha amafaranga y'ugushingisha canke imurekurira kuriha igice cayo ivugwa mu gahimba ka kabiri k'iyi ngingo ntitangishwa amafaranga.

Article 87

Toute partie qui succombe est condamnée aux dépens, sauf à la Cour de laisser la totalité ou une fraction des dépens à la charge d'une autre partie par décision spéciale et motivée.

Ingingo ya 87

Umuburanyi wese yatsinzwe mu rubanza ni we ariha amafaranga yakoreshejwe ku bw'urwo rubanza, kiretse Sentare ifashe ingingo yo gutangisha ayo mafaranga yose canke igice cayo uwundi muburanyi bigaca mu ngingo idasanzwe itangiwe imvo.

Les dépens sont des frais engendrés par le procès que la partie gagnante peut se faire rembourser par la partie perdante à moins que le tribunal n'en décide autrement.

Amafanga yakoreshejwe ku bw'urubanza ni amafanga aturuka ku rubanza rwaburanishijwe umuburanyi yatsinze agashobora gusaba kuyasubizwa n'uwo yatsinze kiretse Sentare ibishinze ukundi.

Les dépens comprennent les frais de procédure, la taxe des témoins, la rémunération des experts et les autres frais entraînés par le procès.

Ayo mafaranga agizwe n'amagarama, ayo kwunguruza amasura, ayahembwa abahinga batanze umuco ku rubanza n'ayandi mafaranga yakoreshejwe biturutse kuri urwo rubanza.

Le tarif des frais est fixé par ordonnance conjointe des Ministres ayant la justice et les finances dans leurs attributions. L'ordonnance détermine les actes taxables.

Urugero rw'amafaranga asabwa rushingwa n'itegeko rusangi rishirwako umukono n'Umushikiranjanji ajejwe ubutungane hamwe n'Umushikiranjanji ajejwe Ikigega ca Reta. Iryo tegeko nshikiranjanji riratomora inzandiko zitangirwa amafaranga.

4

Article 88

Les frais de transport, de séjour des témoins ainsi que les frais d'expertise sont fixés par le juge au vu des justifications et des circonstances.

En cas de dispense totale ou partielle de consignation, les frais d'expertise et les frais des témoins sont à charge du Trésor public.

Ingingo ya 88

Amafaranga y'ukwunguruza amasura, n'ay'ukubacumbikira hamwe n'ayo abahinga bahembwa aashingwa n'umucamanza afatiye ku bivyemeza n'imvo zibisigura.

Igihe umuburanyi arekuriwe kdatanga amafaranga y'ugushingisha yose canke igice cayo, amafaranga akoreshwa mu kwikora ku bahinga n'ayarihirwa amasura ava mu Kigega ca Reta.

**CHAPITRE II : DE LA PROCEDURE SUIVIE
DEVANT LA CHAMBRE
JUDICIAIRE**

**IGICE CA II : UKO IVYEREKEYE IMANZA
BIGENDA MU GISATA GICIRA
IMANZA Z'IVYAHA
ABANYACUBAHIRO
BAMWEBAMWE**

Article 89

Sauf dispositions contraires, les règles de procédure pénale sont applicables à l'instruction pré-juridictionnelle et pour tout ce qui concerne l'instruction à l'audience et l'exécution des arrêts.

Ingingo ya 89

Kiretse hari izindi ngingo zibitegekanya ukundi, amategeko asanzwe agenga imanza z'ivyaha ni yo akurikizwa mu gihe c'itohoza ry'imanza imbere yuko zishikirizwa sentare, mu bijanye n'ugutohoreza mu ntahe vyose no mw'ikurikizwa ry'imanza zacitse.

**Section 1 : Des poursuites contre les
membres du Gouvernement**

Agace ka 1: Ugukurikirana abashikiranjanji

Article 90

L'initiative et la direction de l'action publique contre un membre du Gouvernement appartiennent au Procureur général de la République.

Ingingo ya 90

Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika ni we afise ububasha bw'ugushengeza Umushikiranjanji ku rubanza rw'ivyaha n'ukukurikirana.

S'il décide de poursuivre ou de le placer en détention préventive, il en informe préalablement le Président de la République.

Iyo afashe ingingo y'ukumukurikirana n'ukumupfunga ivy'agateganyo canke kimwe muri ivyo, abanza kubimenyesha Umukuru w'Igihugu.

Article 91

L'officier de police judiciaire ou l'officier du Ministère public qui reçoit une plainte, une dénonciation ou constate une infraction à charge d'un membre du Gouvernement transmet directement le dossier au Procureur

Ingingo ya 91

Inyamiramabi canke Umushikirizamanza ashikirijwe ibirego, amenyeshejwe canke yiboneye icaha gikozwe n'Umushikiranjanji aca ashikiriza ubwo nyene idosiye icerekeye Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika.

Général de la République.

En cas de crime flagrant, l'officier peut, après en avoir avisé le Procureur général de la République procéder à certaines enquêtes.

Igihe ari icaha c'ugufatanwa itonga, arashobora, amaze kubimenyesha Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika, gutanguza amatohoza amwamwe.

Article 92

En matière de participation criminelle, les règles de droit commun sont applicables.

Ingingo ya 92

Mu vyerekeye ukugira uruhara mu caha, ingingo z'amategeko asanzwe ni zo zikurikizwa.

Article 93

La Cour statue d'office sur les dommages-intérêts et d'autres réparations qui peuvent être dus conformément aux dispositions du Code de procédure civile.

Ingingo ya 93

Sentare Ntahinyuzwa ica urubanza rwerekeye indishi hamwe n'ibindi bishobora kurihwa ivyibwirije, hisunzwe ibitegekanijwe n'Igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'amatati ziburanishwa, zicibwa n'ingene zikurikizwa.

Section 2 : Des poursuites contre les députés et les sénateurs

Agace ka 2 : Ugukurikirana Abashingamateka n'Abakenguzamateka

Article 94

L'initiative et la direction de l'action publique à charge des députés et des sénateurs appartiennent au Procureur général de la République. Sauf en cas de crime flagrant, de poursuites déjà autorisées ou de condamnation définitive, celui-ci doit requérir l'autorisation du Bureau de l'Assemblée nationale pour les députés ou du Bureau du Sénat pour les Sénateurs en cas d'arrestation.

Ingingo ya 94

Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika ni we afise ububasha bwo gushengeza Abashingamateka n'Abakenguzamateka imbere y'intaha ku rubanza rw'ivyaha n'ukururikirana. Kiretse mu gihe ari icaha c'ugufatanwa itonga, hamaze gutangwa uruhusha rw'ugukurikirana uwukekwako icaha canke ari ugukurikiza igihano ntabanduka, ategerezwa gusaba uruhusha Ibiro vy'Inama Nshingamateka iyo ari Umushingamateka canke Ibiro vy'Inama Nkenguzamateka iyo ari Umukenguzamateka igihe biba bikenewe ko afatwa.

Article 95

Le Procureur général de la République adresse au Président de l'Assemblée nationale ou du Sénat une note dans laquelle il développe les charges qui pèsent sur le député ou le sénateur et qui exprime en même temps la demande d'autorisation des poursuites.

Ingingo ya 95

Umushikirizamanza Kizigenza wa Repuburika ararungikira urwandiko Umukuru w'Inama Nshingamateka canke Umukuru w'Inama Nkenguzamateka rumumenyesha ivyo Umushingamateka canke Umukenguzamateka yagirizwa, kandi rumusaba gutanga uburenganzira bwo kumushengeza imbere y'intaha.

Article 96

L'officier de police judiciaire ou l'officier du

Ingingo ya 96

Inyamiramabi canke umushikirizamanza

Ministère public qui reçoit une plainte, une dénonciation ou constate une infraction à charge d'un parlementaire transmet directement le dossier au Procureur général de la République.

ashikirijwe ibirego, amenyeshejwe canke yiboneye icaha gikozwe n'Umushingamateka canke Umukenguzamateka aca ashikiriza ubwo nyene idosiye icerekeye Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika.

En cas de crime flagrant, l'officier peut, après en avoir avisé le Procureur Général de la République, procéder à certaines enquêtes.

Igihe ari icaha c'ugufatanwa itonga, inyamiramabi canke umushikirizamanza arashobora, amaze kubimenyesha Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika, gutangura amatohoza amwamwe.

Article 97

La Chambre judiciaire de la Cour suprême est saisie par un réquisitoire du Procureur général de la République.

Ingingo ya 97

Igisata ca Sentare Ntahinyuzwa gicira imanza z'ivyaha abanyacubahiro bamwebamwe citurwa n'Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika mu gutanga urwandiko rw'ibirego n'ibisabwa.

La date de l'audience est fixée par le président de la Cour suprême.

Igenekerezo ry'aho sentare izosasira rishingwa n'Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa.

Section 3. Des poursuites contre les autres personnes bénéficiaires du privilège de juridiction

Agace ka 3. Ugukurikirana abandi bantu bafise iteka ry'ukutaburanishwa na sentare izo ari zo zose ku manza z'ivyaha

Article 98

Les personnes jouissant du privilège de juridiction devant la Cour suprême autres que les députés, les sénateurs, les juges de la Cour suprême, les juges de la Cour constitutionnelle et les magistrats du Parquet général de la République sont poursuivis sans formalités particulières.

Ingingo ya 98

Abantu bafise iteka ry'ukuburanishwa na Sentare Ntahinyuzwa ku manza z'ivyaha atari Abashingamateka, Abakenguzamateka, abacamanza bo muri Sentare Ntahinyuzwa, abacamanza bo muri Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro n'abashikirizamanza bo muri Paraki nkuru ya Repuburika bashengezwa imbere ya Sentare ata bindi birinze kugirwa.

Section 4 : Des voies de recours

Agace ka 4 : Uburyo bw'ugusubirishamwo

Article 99

L'appel des arrêts rendus au premier degré par la Section de premier degré de la Chambre judiciaire est formé dans les trente jours qui suivent la signification.

Ingingo ya 99

Imanza zaciwe ku rugero rwa mbere rw'Igisata ca Sentare Ntahinyuzwa gicira imanza z'ivyaha abanyacubahiro bamwebamwe zunguruzwa mu misi mirongo itatu iharurwa kuva zimenyeshejwe.

L'opposition est formée dans les trente jours qui suivent la signification de l'arrêt.

Urubanza rusubirishwamwo muri ico Gisata mu misi mirongo itatu iharurwa kuva rumenyeshejwe.

Article 100

Le pourvoi dirigé contre les arrêts rendus par la Section d'appel s'exerce conformément à la procédure suivie devant la Chambre de cassation.

Ingingo ya 100

Isambuzwa ry'imanza zaciwe ku rugero rw'iyungururizo rigirwa hisunzwe ingingo zikurikizwa mu Gisata gasamburamanza ca Sentare Ntahinyuzwa.

**CHAPITRE III : DE LA PROCEDURE SUIVIE
DEVANT LA CHAMBRE
ADMINISTRATIVE**

**IGICE CA III : UKO IVYEREKEYE IMANZA
BIGENDA MU GISATA GICA
IMANZA ZEREKEYE RETA
N'IBISATA VYAYO**

Article 101

Sans préjudice des règles particulières édictées en matière administrative par d'autres lois, notamment le Code de procédure civile, la procédure suivie par la Cour en matière administrative est réglée par les dispositions du présent chapitre.

Ingingo ya 101

Hatirengagijwe ingingo zivyerekeye zitegekanijwe n'ayandi mabwirizwa mu bijanye n'imanza zerekeye Reta n'ibisata vyayo, nk'igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'amatati ziburanishwa, zicibwa n'ingene zikurikizwa, ivyerekeye imanza muri ico gisata vyisunga ingingo zitegekanijwe muri iki gice.

**Section 1 : Des dispositions particulières à
la procédure devant la Chambre
Administrative**

**Agace ka 1: Ingingo zerekeye gusa
ibikurikizwa
ku manza ziburanishwa mu Gisata
gica imanza zerekeye Reta
n'ibisata
vyayo**

Paragraphe 1. L'introduction de l'instance

Agahimba ka 1. Ugushingisha urubanza

Article 102

La Cour est saisie par requête. Celle-ci contient un exposé des faits et des moyens. Elle doit, sous peine d'irrecevabilité, indiquer les noms, la qualité et le domicile des parties, être accompagnée de l'expédition de l'arrêt entrepris ou de la copie de la décision administrative attaquée ou d'une pièce justifiant le dépôt de la réclamation en cas d'action contre une décision implicite de rejet.

Ingingo ya 102

Sentare yiturwa biciye mu rwindiko rw'ukwitwara. Ruba rurimwo incamake y'ivyabaye n'ivyo urubanza rushingiyeko. Kugira urwo rwindiko ntirureke kwakirwa, rutegerezwa kwerekana amazina y'ababuranyi, ico bari mu rubanza n'aho baba, rukaba ruri kumwe n'ikopi yemejwe ko isa n'urwindiko rw'imvaho rw'urubanza rwa sentare canke ingingo y'ubutegetsi yitwarirwa canke urwindiko rwemeza ko ibisabwa vyari vyashikirijwe mu gihe uwitwara avuga ko atatunganirijwe kuko ata nyishu yaronse ku vyo asaba.

La consignation des frais est faite conformément au Code de procédure civile. A

Amafaranga y'ugushingisha urubanza atangwa hakurikijwe ibitegekanijwe n'igitabu c'amategeko

4

défaut par la partie requérante de verser la consignation dans les délais lorsqu'elle y est tenue, la Chambre administrative déclare le recours irrecevable.

yerekeye ingene imanza z'amatati ziburanishwa, zicibwa n'ingene zikurikizwa. Iyo uwitwaye adatanze amafaranga yo gushingisha mu kiringo gitegekanijwe mu gihe ategerezwa kuyatanga, Igisata gica imanza zerekeye Reta n'ibisata vyayo gica gitangaza ko urubanza rutakirwa.

Paragraphe 2. La mise en état de la cause

Agahimba ka 2. Ugusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa

Article 103

Le dossier est mis en état par un juge de mise en état. Celui-ci procède à toutes les mesures d'instruction sans en préjuger du fond.

Ingingo ya 103

Idosiye isuzumwa ko ibikenewe bikwiye n'umucamanza asuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa. Arafata ingingo zose zijanye n'itohoza atitayeho ico urubanza ruzovamwo.

Article 104

La participation des parties aux mesures d'instruction prescrites ne les prive pas du droit de proposer devant la Chambre administrative tous les moyens qu'elles jugent utiles.

Ingingo ya 104

Ukuba ababuranyi bagize uruhara mu ngingo zerekeye itohoza ntibibaka uburenganzira bw'ugushikiriza Igisata gica imanza zerekeye ibisata vya Reta ivyo imburano zabo zishingiyeko babona ko bikenewe.

Article 105

Dès que les mesures d'instruction prescrites par le juge de mise en état ont été exécutées, ou si les parties sont en défaut de les exécuter dans les délais, l'affaire est inscrite au rôle d'audience.

Ingingo ya 105

Ingingo zerekeye itohoza zashinzwe n'umucamanza asuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa zimaze gushirwa mu ngiro, canke iyo ababuranyi batazishize mu ngiro mu biringo vyashinzwe, urubanza ruca rushirwa ku rutonde rw'izizoburanishwa mu ntahe.

Les parties sont avisées de la date d'audience par une ordonnance de fixation qui leur est notifiée par le greffier huit jours au moins avant la date fixée.

Ababuranyi baramenyeshwa igenekerezo intahe izosasirako biciye mu ngingo ishingira iryo sango, bakayimenyeshwa n'umwanditsi w'imanza hasigaye n'imiburiburi imisi umunani ngo iryo sango rishike.

Article 106

L'autorité publique intéressée peut désigner par écrit un mandataire habilité à la représenter à l'instruction préparatoire et à l'audience avec ou sans l'assistance d'un avocat. Les autres parties doivent assurer

Ingingo ya 106

Umutegetsi w' igisata ca Reta vyerekeye arashobora kugena biciye mu rwindiko intumwa irekuriwe kumuserukira mw'itohoza ry'intangamarara no mu ntahe iri kumwe canke itari kumwe n'umushingwamanza. Abandi

elles-mêmes la défense de leurs intérêts ou se faire représenter par un avocat.

Article 107

Dans l'accomplissement des devoirs d'instruction préparatoire, le juge de mise en état travaille en étroite collaboration avec le Parquet général de la République et les autres parties. Il peut correspondre directement avec toutes les autorités et demander à celles-ci et aux parties, tout renseignement utile. Il peut procéder à des constats, commettre un expert lorsqu'il le juge nécessaire.

Article 108

Dès que l'affaire est en état d'être jugée, le juge de mise en état transmet le dossier au président qui fixe la date à laquelle il sera appelé en audience publique. Le greffier assigne les parties ou les avise par toutes voies assurant la garantie de réception des correspondances notamment par porteur avec accusé de réception.

Section 2 : Des demandes d'annulation des actes réglementaires et individuels du Président de la République

Paragraphe 1. Les cas d'ouverture d'une procédure en annulation

Article 109

Les requêtes en annulation ne peuvent être introduites que par les particuliers ou les personnes morales justifiant que l'acte, la décision ou le règlement entrepris leur fait grief et qu'il a été pris en violation des formes soit substantielles, soit prescrites sous peine de nullité, ou qu'il y a eu excès ou détournement de pouvoir.

baburanyi bategerezwa kwiburanira bo nyene canke guserukirwa n'umushingwamanza.

Ingingo ya 107

Mu kurangura ivyo ategerejwe bijanye n'ukugira itohoza ry'intangamarara, umucamanza asuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa arakorana cane na Paraki nkuru ya Repuburika hamwe n'abandi baburanyi. Arashobora kuvugana n'abategetsu bese ata wundi aciyeko kandi akabaza n'ababuranyi inkuru yose ikenewe. Arashobora kwishikira aho icitwarirwa cabereye, no kwikora ku muhinga mu gihe abona ko bikenewe.

Ingingo ya 108

Ibikenewe vyose bimaze kugirwa kugira urubanza rushobore kuburanishwa, umucamanza asuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa aca arungikira idosiye Umukuru w'Igisata, na we agaca ashinga igenekerezo urubanza ruzohamagarirwako mu ntahe y'icese. Umwanditsi w'imanza ararengutsa ababuranyi canke akabibamenyesha biciye mu buryo bwose bwizeza ko ubutumwa bwakiriwe na canecane uwaburungikanywe agahabwa icemeza ko bwakiriwe.

Agace ka 2 : Ugusaba ko hafutwa amategeko hamwe n'ingingo zerekeye abantu vyafashwe n'Umukuru w'Igihugu

Agahimba ka 1. Imanza zishobora gushingishwa hasabwa ko ingingo canke itegeko bifutwa

Ingingo ya 109

Imanza z'ugufutisha zishingishwa gusa n'abantu canke amashirahamwe afise ivyemeza ko urwandiko, ingingo canke itegeko ryafashwe bibabangamira kandi ko vyafashwe harenzwe ku bitegekanijwe bihambaye canke vyataye igihe bikaba vyogirwa impfagusa, canke ko harenzwe akarimbi ku bubasha butegekanijwe canke uwafashe ingingo yakoresheje ububasha adafise.

Paragraphe 2. Les conditions de recevabilité de la requête

Article 110

Aucune requête en annulation n'est recevable si le requérant n'a pas au préalable introduit, dans les deux mois qui suivent la date de la notification à lui faite personnellement de l'acte entrepris, une réclamation auprès de l'autorité compétente tendant à obtenir la modification dudit acte.

CHAPITRE IV : DE LA PROCEDURE SUIVIE DEVANT LA CHAMBRE DE CASSATION

Section 1 : Des dispositions particulières à la procédure en cassation

Article 111

Le pourvoi en cassation est ouvert à toute personne qui a été partie à la décision entreprise ainsi qu'au Ministère public.

Article 112

Le recours en cassation contre les jugements et les arrêts avant dire droit est irrecevable sauf s'ils sont interlocutoires.

Article 113

Peuvent néanmoins être frappés de pourvoi en cassation, les jugements en dernier ressort qui, statuant sur une exception de procédure, une fin de non-recevoir ou tout autre incident, mettent fin à l'instance.

Article 114

Si la décision attaquée renferme plusieurs dispositions, la requête précise celles contre lesquelles le pourvoi est dirigé, les dispositions non attaquées ne pouvant plus faire objet d'un pourvoi ultérieur.

Article 115

Sous peine d'irrecevabilité du pourvoi, doivent

Agahimba ka 2. Ibisabwa kugira urubanza rwakirwe

Ingingo ya 110

Nta rubanza rusaba ko ingingo ifutwa rushobora kwakirwa iyo uwubisaba atabanje kwitura, mu mezi abiri akurikira umusi yamenyesherejweko we nyene ubwiwe iyo ingingo, umutegetsi abifitiye ububasha amusaba ko yoyihindura.

IGICE CA IV : INGENE IVYEREKEYE IMANZA BIGENDA MU GISATA GASAMBURAMANZA

Agace ka 1: Ingingo zerekeye ugusambuza imanza

Ingingo ya 111

Ugusambuza urubanza birekuriwe umuntu wese yari umuburanyi mu rubanza rusambuzwa hamwe n'Umushikirizamanza.

Ingingo ya 112

Ugusambuza urubanza rw'intangamarara ntibishobora kwakirwa kiretse iyo ari imanza z'ugutanga umuco.

Ingingo ya 113

Ariko, harashobora gusambuzwa ingingo zafashwe ku rugero rwa nyuma zishinga ko urubanza rurangiye zerekeye inzitizi isaba ko urubanza ruhagarara, inzitizi isaba ko urubanza rutokwagirwa canke ikindi kibazo cose cadutse.

Ingingo ya 114

Iyo urubanza rusambuzwa rugizwe n'ingingo nyinshi, urwandiko rusaba ko rusamburwa ruratomora ingingo zisabirwa gusamburwa, ingingo na zo zitasabiwe gusamburwa ntiziba zigishoboye gusambuzwa mu nyuma.

Ingingo ya 115

Kugira urubanza rw'ugusambuza ntirureke

être remis au greffe, au moment du dépôt de la requête, une copie de la décision attaquée, son acte de signification et une copie de la décision confirmée ou infirmée ainsi que toute autre décision citée dans la requête. En tout état de cause, le juge apprécie les circonstances de non production des pièces susvisées.

Article 116

Aussitôt après la transmission du rapport du juge de mise en état, le président de la Cour suprême fixe la date d'audience d'examen des pourvois manifestement irrecevables dans un délai qui ne peut aller au-delà de trente jours.

Est manifestement irrecevable notamment :

- 1° le pourvoi exercé hors délai ;
- 2° le pourvoi dirigé contre une décision non susceptible d'une telle voie de recours ;
- 3° le pourvoi formé contre une décision rendue par défaut avant l'expiration des délais d'opposition ;
- 4° le pourvoi devenu sans objet par l'effet d'un désistement ou d'un acquiescement.

La Cour rend un arrêt dans les quinze jours de la prise en délibéré de l'affaire. L'arrêt est signifié aux parties par l'huissier ou par le greffier.

Article 117

Pour tout ce qui est des cas autres que ceux cités à l'article 116 de la présente loi, le

kwakirwa, hategerezwa gushikirizwa mw'iyandikiro ry'imanza, igihe c'ugushikiriza urwandiko rubisaba, ikopi y'urubanza rusambuzwa, urwandiko rwamenyesheje urwo rubanza n'ikopi y'ingingo yafashwe n'umutegetsi vyerekeye hamwe n'iyindi ngingo yose ivugwa muri urwo rwandiko rwo gusambuzwa. Uko biba biri kwose, umucamanza arihweza ivyatumye hadatangwa inzandiko zavuzwe.

Ingingo ya 116

Umucamanza asuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa amaze gushikiriza icegeranyo, Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa aca ashinga igenekerezo intahe yihweza inzandiko zisaba ko urubanza rusamburwa bigaragara ko zidashobora kwakirwa izosagirako mu kiringo kidashobora kurenza imisi mirongo itatu.

Ugusambuzwa bigaragara ko bidashobora kwakirwa ni nk'iyoy vyerekeye:

- 1° ugusambuzwa ikiringo cararangiyeye;
- 2° ugusambuzwa ingingo idashobora gusambuzwa;
- 3° ugusambuzwa urubanza rwaciwe impaga ikiringo c'ukurusubirishamwo kitararangira;
- 4° ugusambuzwa urubanza ata shingiro bigifise kubera uwasambuje yidohoye canke hemewe urubanza rwari rwaciwe;

Sentare ifata ingingo mu misi icumi n'itanu iharurwa kuva urubanza rushizwe mu mwiherero. Umumenyeshamanza canke umwanditsi w'imanza ni we amenyeshababuranyi ingingo yafashwe.

Ingingo ya 117

Ku zindi manza atari izadondaguwe mu ngingo ya 116 y'iri bwirizwa, Umukuru wa Sentare

président de la Cour suprême fixe les dossiers pour examiner l'affaire en droit.

Ntahinyuzwa arashinga igenekerezo rizokwihwerezwako ko zakurikije amategeko.

La Chambre de cassation dispose d'un délai de soixante jours pour rendre sa décision.

Igisata gasamburamanza gifise ikiringo c'imisi mirongo itandatu kugira gifate ingingo.

Article 118

Les justiciables ou leurs avocats peuvent se présenter à la barre et être entendus dans leurs observations orales. Ils doivent se limiter à développer les prétentions et les moyens présentés par écrit.

Ingingo ya 118

Ababuranyi canke abashingwamanza babo barashobora kurenguka imbere y'intahe no kwumvirizwa ku vyo bashikiriza ku munwa. Bategerezwa gushikiriza gusa ibijanye n'ivyo banditse.

Qu'ils aient ou non usé de cette faculté, l'arrêt rendu est contradictoire ou réputé tel.

Baba bakoresheje ubwo burenganzira canke batabukoresheje, urubanza ruba rwaciwe ababuranyi bahinyuzanya canke bigafatwa uko.

Article 119

S'il a été rendu une décision susceptible d'être attaquée par un pourvoi en cassation et contre laquelle aucune partie ne s'est pourvue dans le délai fixé ou qui a été exécutée, le Procureur général de la République se pourvoit en cassation contre ladite décision, mais dans le seul intérêt de la loi.

Ingingo ya 119

Iyo hafashwe ingingo ishobora gusambuzwa ariko akaba ata muburanyi n'umwe yasavye ko isamburwa mu kiringo gitegekanijwe, canke yarashizwe mu ngiro, Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika arasaba ko isamburwa, ariko akabigira gusa kugira yubahirize amategeko.

Article 120

Le recours prévu à l'article 119 de la présente loi ne peut ni nuire ni profiter aux parties. Celles-ci ne sont pas recevables à intervenir dans les débats et si la cassation intervient, elles ne peuvent s'en prévaloir pour éluder les dispositions cassées.

Ingingo ya 120

Ugusambuza urubanza bitegekanijwe mu ingingo ya 119 y'iri bwirizwa ntibishobora gutuma hagira umuburanyi bibangamira canke biha akarusho. Abo baburanyi ntaturenganzira bafise bwo gufata ijambo mu ntahe kandi, n'iyu urubanza rusambuwe, ntibashobora mu nyuma kurushingirako kugira badehe ingingo zasambuwe.

Toutefois, en matière pénale, lorsque la décision de condamnation est ainsi reconnue n'être que le résultat d'une méconnaissance ou d'une application erronée de la loi pénale, la décision de la Cour profite au condamné à compter du jour de son prononcé.

Ariko, mu manza z'ivyaha, mu gihe ingingo ishinga igihano bigaragaye ko yashinzwe hari ingingo mpanavyaha itubahirijwe canke yakoreshejwe bidakwiye, ingingo ya Sentare Ntahinyuzwa ica ituma uwari yahanywe akurwako igihano yari yaciriwe kuva umusi iyo ingingo isomeweke.

Article 121

La Chambre de cassation ne peut statuer que

Ingingo ya 121

Igisata gasamburamanza gifata ingingo gusa ku

sur les éléments qui ont été soumis au juge du fond. Des moyens nouveaux ne peuvent être produits pour la première fois devant elle sauf s'ils portent sur le droit.

Article 122

La Chambre de cassation de la Cour suprême est tenue par des questions de fait jugées par les juridictions ayant rendu la décision attaquée.

Article 123

Les moyens de pur fait supposant un réexamen de l'affaire au fond, sont déclarés irrecevables sous réserve des dispositions de l'article 51 de la présente loi.

Article 124

Si un pourvoi est rejeté, le demandeur ne peut plus se pourvoir en cassation dans la même cause sous quelque prétexte et pour quelque motif que ce soit.

Dans le cas où la décision entreprise est cassée pour incompetence, la cause est renvoyée à la juridiction compétente qu'elle désigne.

Si après cassation, il subsiste un litige à juger, la Cour renvoie la cause devant la même juridiction autrement composée ou devant une juridiction de même rang et de même ordre qu'elle désigne pour connaître du fond de l'affaire.

La juridiction de renvoi ne peut décliner sa compétence. Elle est tenue de se conformer à la décision de la Cour sur le point de droit jugé par elle.

Article 125

Lorsque la cassation prononcée n'implique pas qu'il soit à nouveau statué sur le fond, la

vyashikirijwe umucamanza yaciye urubanza mw'ido n'ido. Nta vyo imburano zishingiyeko bishasha bishobora gushikirizwa muri ico Gisata kiretse iyo vyerekeye amategeko.

Ingingo ya 122

Igisata gasamburamanza ca Sentare Ntahinyuzwa cihweza gusa ibibazo vyerekeye ivyabaye sentare zafatiyeko mu guca urubanza rusambuzwa.

Ingingo ya 123

Urubanza rwose rusabirwa gusamburwa uwusambuzwa ashingiyeko gusa ku vyabaye yiyumvira ko rushobora gusubira kuburanishwa ido n'ido, haca hatangazwa ko rudashobora kwakirwa, hatirengagijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 51 y'iri bwirizwa.

Ingingo ya 124

Iyo ugusambuzwa bitakiriwe, uwubisaba ntaba acemerewe gusambuzwa urwo rubanza nyene ku mvo iyo ari yo yose.

Mu gihe ingingo isambuzwa isambuwe kubera ko yari yafashwe na sentare itabifitiye ububasha, urubanza ruca rurungikirwa sentare ibifitiye ububasha igenwa na Sentare Ntahinyuzwa.

Iyo urubanza rumaze gusamburwa, rukaba rukirimwo amatati akwiye kuburanishwa, Sentare Ntahinyuzwa ica irurungikira sentare yari yaruciye ikarwihweza ishashemwo abandi bacamanza canke ikarurungikira sentare yo kuri urwo rugero nyene kandi ifatwa nkayo igenwa na Sentare Ntahinyuzwa kugira irwihweze mw'ido n'ido.

Sentare irurungikiye ntishobora kureka kurwakira yitwaje ko itabifitiye ububasha. Itegerezwa gukurikiza ingingo ya Sentare Ntahinyuzwa ku kibazo kijanye n'amategeko yabonye ko gikwiye kwihwezwa.

Ingingo ya 125

Mu gihe Sentare Ntahinyuzwa isanze urubanza rukwiye gusamburwa ariko bidasaba ko rusubira

Cour casse sans renvoi.

kuburanishwa mw'ido n'ido, ica irusambura ata yindi sentare irurungikiye.

Article 126

Le dispositif de l'arrêt est transcrit dans le registre des affaires jugées de la Cour ainsi que dans celui de la juridiction dont l'arrêt ou le jugement est cassé ou dont le pourvoi est rejeté.

Ingingo ya 126

Iciro ry'urubanza rirandikwa mu gitabu candikwamwo imanza zaciwe na Sentare Ntahinyuzwa hamwe no mu gitabu candikwamwo imanza zaciwe na sentare yacyiye urubanza rwasambuwe canke rutasambuwe.

Section 2 : Des règles propres à la cassation en matière civile, commerciale, sociale et administrative

Agace ka 2: Ingingo zerekeye isambuzwa ry'imanza z'amatati, iz'ubudandaji, iz'akazi n'izerekeye Reta n' ibisata vyayo

Paragraphe 1. Les délais

Agahimba ka 1. Ibiringo

Article 127

Le délai pour déposer la requête est de soixante jours à dater de la signification de la décision attaquée.

Ingingo ya 127

Ikiringo c'ugushikiriza urwandiko rw'ugusambuza urubanza rwaciwe ni ic'imisi mirongo itandatu giharurwa kuva urubanza rusabirwa gusamburwa rumenyeshewe.

Toutefois, lorsque l'arrêt ou le jugement a été rendu par défaut, le pourvoi n'est ouvert et le délai ne commence à courir à l'égard de la partie défaillante que du jour où l'opposition n'est plus recevable.

Ariko, mu gihe urubanza rwaciwe impaga, isamburwa ryarwo ntirishobora gusabwa kandi ikiringo caryo ntigitangura guharurwa ku muburanyi yatsinzwe atari kuva umusi ugusubirishamwo urubanza rwaciwe biba bitagishobora kwakirwa.

L'opposition formée contre la décision entreprise suspend la procédure en cassation. Si l'opposition est déclarée recevable, le pourvoi est rejeté faute d'objet.

Ugusubirishamwo ingingo yafashwe birahagarika ibijanye n'ukuyisambuza. Iyo vyemewe ko ingingo isubirishamwo, ukuyisambuza ntibiba bicakirwa kubera ata gituma biba bigifise.

Article 128

Le délai visé à l'article 127 de la présente loi est compté en jours francs.

Ingingo ya 128

Ikiringo kivugwa mu ngingo ya 127 y'iri bwirizwa giharurwa mu misi yuzuye.

Article 129

Le délai pour déposer le mémoire en réponse au pourvoi est de soixante jours francs à dater de la signification de la requête.

Ingingo ya 129

Ikiringo c'ugushikiriza imburano z'ukwiregura ku birego vy'ugusambuza ni ic'imisi mirongo itandatu yuzuye iharurwa kuva urwandiko rw'ugusambuza rumenyeshewe.

Article 130

Les délais pour se pourvoir et le pourvoi en

Ingingo ya 130

Ibiringo vyo gusambuza ingingo yafashwe no

cassation ne sont pas suspensifs de l'exécution de la décision entreprise.

kuba harasabwe kuyisambura ntibihagarika ikurikizwa ry'iyongingiro.

Article 131

Par dérogation au principe posé à l'article 130 de la présente loi, l'exécution de la décision attaquée est suspendue pendant le délai du pourvoi et, s'il y a eu pourvoi, jusqu'au prononcé de l'arrêt de la Chambre de cassation de la Cour suprême dans les matières suivantes :

- 1° en matière immobilière, sauf si la décision attaquée a, par une disposition spéciale et motivée, ordonné l'exécution provisoire nonobstant le pourvoi ;
- 2° en toute matière, y compris immobilière, quand l'exécution provisoire a été ordonnée, lorsque l'auteur du pourvoi obtient, sur simple requête adressée au président de la Cour suprême, un sursis à exécution de la décision attaquée ou si l'exécution est de nature à créer une situation irréversible ;
- 3° en matière de faux incident, en ce qui concerne la décision statuant sur la demande d'inscription de faux ;
- 4° en matière d'état et de capacité des personnes.

Ingingo ya 131

Hirengagijwe ingingo ngenderwako ivugwa mu ingingo ya 130 y'iri bwirizwa, ikurikizwa ry'ingingo yasabiwe gusamburwa rirahagarikwa mu kiringo c'ugusambuza kandi, iyo habaye isambuza, gushika hasomwe ingingo y'Igisata gasamburamanza ca Sentare Ntahinyuzwa mu manza zikurikira:

- 1° mu manza zerekeye ibitimuka, kiretse iyo ingingo isambuzwa, biciye mw'itegeko riyerekeye kandi ritangiwe imvo, yategetse ko iyo ingingo ikurikizwa ivy'imfatakibanza naho yosambuzwa;
- 2° mu manza zose, harimwo n'izerekeye ibitimuka, igihe hashinzwe ikurikizwa ivy'imfatakibanza ry'ingingo, mu gihe uwusambuza yemerewe n'Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa ko habangirwa ikurikizwa ry'iyongingiro, abimusavye gusa, iyo iryo kurikizwa rishobora gutuma haba ivyononekara ubutagisubirizwa;
- 3° mu manza zerekeye iviyadukije atari ivy'ukuri, ku bijanye n'ingingo yafashwe ku vyasabwe ko ivyashikirijwe bitokwemerwa kuko atari ivy'ukuri;
- 4° mu manza zerekeye uko amagara y'abantu aba yifashe n'ubushobozi bwabo.

Article 132

Le président de la Cour suprême statue sur la requête visée au point 2 de l'article 131 de la présente loi par une ordonnance motivée en fait et en droit, rendue contradictoirement et non susceptible de recours.

Ingingo ya 132

Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa ashinga ingingo ku vyasabwe bivugwa ku numero ya 2 y'ingingo ya 131 y'iri bwirizwa atangira imvo yisunze ivyashikirijwe vyabaye hamwe n'amategeko, akayifata yubahirije ingingo y'ukuburanisha ababuranyi bahinyuzanya kandi iyo ingingo ntishobora gusubirishwamwo.

Le sursis à exécution en matière immobilière Ingingo yafashwe mu manza zerekeye ibitimuka

et la mainlevée de l'exécution provisoire peuvent être subordonnés à la constitution d'une garantie dont les modalités sont fixées par le président de la Cour.

Article 133

Avant l'enregistrement du pourvoi, le greffe de la juridiction qui a rendu la décision attaquée, doit fournir au demandeur en cassation l'expédition pour pourvoi. Celle-ci est conçue de telle manière qu'elle renseigne suffisamment sur l'ensemble de la procédure de la cause. Il peut y être joint l'exploit introductif d'instance, les conclusions des parties et les feuilles d'audience ainsi que tout élément susceptible d'éclairer la Cour. Il y est annexé la quittance de l'achat de l'expédition.

Paragraphe 2. Le contenu du pourvoi

Article 134

Outre les mentions prévues à l'article 62, la requête contient les moyens développés par la partie demanderesse et l'indication précise des dispositions légales, des principes généraux du droit ou les principes de droit coutumier dont la violation est invoquée.

L'inobservation de ces prescriptions entraîne l'irrecevabilité des moyens avancés sous réserve des dispositions de l'article 51 de la présente loi.

Article 135

Lorsque le Procureur général de la République estime devoir opposer au pourvoi un moyen déduit de la méconnaissance d'une règle d'ordre public et qui n'aurait pas été soulevé par les productions des parties, il en avise celles-ci par écrit.

ishobora kubangira gukurikizwa canke igashobora gukurikizwa ivy'imfatakibanza bishobora kugirwa ari uko hatanzwe ingwati mu buryo bushingwa n'Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa.

Ingingo ya 133

Imbere y'ukwandika urubanza rusaba isamburwa mu gitabu kibigenewe, iyandikiro ry'imanza rya sentare yashinze ingingo isabirwa gusamburwa, ritegerezwa guha uwubisaba ikopi y'urubanza yemejwe ko isa n'urwandiko rw'imvaho kugira rusambuzwe. Iyo kopi iba iteguwe ku buryo yerekana ibikwiye bijanye n'uko urwo rubanza rwagenze kugeza ruciwe. Irashobora kuba iri kumwe n'urwandiko rw'ugushingisha urwo rubanza, imburano z'abaturanyi n'impapuro ziriko ivyo abaturanyi bagiye barashikiriza mu ntahe hamwe n'ikindi kintu cose gishobora guha umuco Sentare Ntahinyuzwa. Iba iri kumwe n'igitansi carihweko iyo kopi.

Agahimba ka 2. Ibishirwa mu rwandiko rw'ugusambuza

Ingingo ya 134

Uretse ibishirwamwo bitegekanijwe mu ngingo ya 62, urwandiko rw'ugusambuza ruba rurimwo ivyo imburano zo gusambuza zishingiyeko bishikirizwa n'uwusambuza urubanza kandi hatomowemwo ingingo z'amategeko bijanye, ingingo rusangi z'amategeko canke ingingo ngenderwako zifatye ku mico kama zarenzwe.

Ivyo bisabwa bidakurikijwe bituma urwandiko rw'ugusambuza rutakirwa hatirengagijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 51 y'iri bwirizwa.

Ingingo ya 135

Mu gihe Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika abona ko ategerezwa guhagarikisha isambuzwa ry'urubanza yishimikije imvo ikomoka ku kutamenya amategeko yerekeye ineza ya bose kandi yoba itigeze ivugwa mu vyo abaturanyi bashikirije, aca abibamenyesha biciye mu rwandiko.

Le président de la Cour suprême fixe la date de l'audience dès que la cause est en état d'être jugée. Les parties et le Ministère public sont avisés au moins huit jours francs avant la date de l'audience.

Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa arashinga igenekerezo intahe izosasirako igihe ibisabwa kugira urubanza rushobore kuburanishwa bikwiye. Ababuranyi n'Urwego rw'Ubushikirizamanza barabimenyeshwa, n'imiburiburi hasigaye imisi umunani yuzuye ngo intahe isase.

La présence des parties n'est pas indispensable lors de l'audience publique. Aucune remise d'audience ne peut être accordée.

Ababuranyi ntibategerezwa kurenguka mu ntahe. Intahe ntishobora kwungururizwa ku rindi sango.

Paragraphe 3. L'amende civile et l'indemnité compensatoire

Agahimba ka 3. Ihadabu ritangishwa uwadindije urubanza n'indishi ijanye n'agahombo bitera

Article 136

Le demandeur en cassation qui succombe dans son pourvoi peut, en cas de recours jugé dilatoire et abusif, être condamné à une amende civile.

Cette amende varie entre 5 et 10 pourcent des montants ou de la valeur des biens en jeu et versée au Trésor public.

Ingingo ya 136

Uwasambuje urubanza agatsindwa arashobora, igihe bigaragaye ko yari yabigize kugira adindize urubanza kandi kubera akagagazo, guhanishwa ihadabu ritangishwa uwadindije urubanza.

Igitigiri c'amafaranga y'iryo hadabu gishobora kuva ku bice 5 gushika ku bice 10 kw'ijana vy'amafaranga canke vy'agaciro k'amatungo urubanza rwerekeye agashirwa mu Kigega ca Reta.

L'indemnité compensatoire est appréciée sur base des principes de la responsabilité civile.

L'amende civile et l'indemnité compensatoire sont accordées sur demande du Ministère public ou du défendeur au pourvoi, le cas échéant.

Indishi ijanye n'agahombo gaterwa n'ukudindiza urubanza iharurwa hisunzwe ingingo ngenderwako zerekeye ukuriha ivyononekaye. Ihadabu ritangishwa uwadindije urubanza n'indishi ijanye n'agahombo gaterwa n'ukudindiza urubanza bitangwa bisabwe n'Umushikirizamanza canke uwitwariwe mw'isambuza, iyo yakagize.

Section 3 : Des règles propres à la cassation en matière pénale

Agace ka 3 : Ingingo zerekeye ugusambuza imanza z'ivyaha

Paragraphe 1. Les conditions de recevabilité

Agahimba ka 1. Ibisabwa kugira urubanza rusabirwa gusambuzwa rwakirwe

Article 137

Les parties ont un délai de soixante jours francs pour se pourvoir en cassation à dater

Ingingo ya 137

Ababuranyi bafise ikiringo c'imisi mirongo itandatu yuzuye kugira basambuze urubanza giharurwa

de la signification du jugement ou de l'arrêt. Le délai court à dater du prononcé du jugement ou de l'arrêt pour le Ministère public.

kuva kw'igenekerezo bamenyesherejweko urubanza rwaciwe. Ku Bashikirizamanza, ico kiringo gitangura guharurwa kuva kw'igenekerezo urubanza rusomeweke.

Lorsque la décision a été rendue par défaut, le pourvoi n'est ouvert et le délai ne commence à courir à l'égard du condamné que du jour où l'opposition n'est plus recevable.

Mu gihe urubanza rwaciwe impaga, ntawushobora gusaba isambuzwa ryarwo kandi ikiringo ntigitangura guharurwa ku waciriwe igihano atari kuva umusi ugusubirishamwo urubanza rwaciwe biba bitagishobora kwakirwa.

Article 138

L'opposition formée par le condamné contre la décision entreprise suspend la procédure de cassation. Si l'opposition est déclarée recevable, le pourvoi est rejeté faute d'objet.

Ingingo ya 138

Uwaciriwe igihano asubirishijemwo urubanza rwasabiwe gusamburwa bituma urubanza rw'ugusambuza ruba rurahagarikwa. Iyo ugusubirishamwo urubanza vyakiriwe, ugusambuza urubanza ntibiba bicakiriwe kuko biba bitakigira ishingiro.

Article 139

Le délai et l'exercice du pourvoi en cassation sont suspensifs de l'exécution de la décision attaquée à l'égard de toutes les parties sous réserve des cas suivants :

Ingingo ya 139

Ikiringo c'ugusambuza n'ugusaba gusambuza urubanza birahagarika ishirwa mu ngiro ry'urubanza rusabirwa gusamburwa ku baburanyi bose kiretse mu bihe bikurikira:

1° Le pourvoi sur les intérêts civils ne fait pas obstacle à l'exécution des condamnations pénales ;

1° mu gihe hasabwe ko urubanza rusamburwa ku vyerekeye indishi zisanzwe ntibibuza ikurikizwa ry'ibihano mpanavyaha;

2° lorsque le prévenu qui était en liberté a été condamné à une peine d'emprisonnement avec arrestation immédiate prononcée par la juridiction d'appel, le délai et l'exercice de pourvoi ne sont pas suspensifs de l'exécution ;

2° mu gihe uwagirizwa icaha yari asanzwe yidegemvya aciriwe igihano c'ugupfungwa kandi agaca afatwa ubwo nyene bishinzwe na sentare y'iyungururizo, ikiringo c'ugusambuza hamwe n'ugusaba ko urubanza rusamburwa ntibihagarika ikurikizwa ry'igihano;

3° lorsqu'il y a des circonstances graves et exceptionnelles ou lorsqu'il y a des indices sérieux laissant croire que le condamné peut se soustraire par la fuite à l'exécution de la servitude pénale, le Ministère public près la juridiction d'appel qui a rendu la décision entreprise peut, par ordonnance motivée, le réincarcérer

3° mu gihe hari ibituma bikomeye kandi bidasanze canke mu gihe hari ibimenyetso bihambaye bituma hakekwa ko uwaciriwe igihano ashobora gutoroka kugira ahunge ikurikizwa ry'igihano c'ugupfungwa, Umushikirizamanza akukira sentare y'iyungururizo yacye urubanza rusambujwe arashobora, biciye mu ngingo afata itangiwe imvo, gusubira kumupfunga mu kiringo

pendant le délai et l'exercice du pourvoi. c'ugusambuza no mu gihe c'ukurusambura.

La réincarcération est maintenue jusqu'à ce que la détention subie ait couvert la servitude pénale principale prononcée par la décision entreprise. Le Ministère public près la juridiction d'appel doit, dans les quarante-huit heures, transmettre la décision de réincarcération au Procureur général de la République par toute voie assurant sa bonne réception.

Article 140

Le condamné peut introduire devant la Cour suprême une requête de mise en liberté provisoire avec ou sans cautionnement et si le condamné n'est pas présent ou s'il n'y est pas représenté, la Cour peut statuer sur pièces. Elle y procède toutes affaires cessantes, dans les quarante-huit heures à partir de l'audience à laquelle le Ministère public a fait ses réquisitions.

Paragraphe 2. La forme du pourvoi

Article 141

Par dérogation à l'article 64 de la présente loi, le pourvoi contre les arrêts et les jugements rendus par les juridictions répressives peut être formé par une déclaration verbale ou écrite des parties au greffe de la juridiction qui a rendu la décision entreprise.

Le greffier dresse acte de la déclaration de pourvoi. Il délivre copie de cet acte au déclarant et au Ministère public près la juridiction qui a rendu la décision entreprise et transmet immédiatement une expédition de cet acte au greffier de la Cour suprême en y joignant le dossier judiciaire de l'affaire.

Uwaciriwe igihano asubiye gupfungwa aca aguma mu munyororo gushika akwije ikiringo kingana n'igihano yari yaciriwe mu rubanza rusambujwe. Umushikirizamanza akukira sentare y'iyungururizo yaciye urubanza rusambujwe ategerezwa, mu masaha mirongo ine n'umunani, kurungikira Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika ingingo yafashe y'ugusubira kumupfunga mu buryo ubwo ari bwo bwose bwizeza ko imushikira.

Ingingo ya 140

Uwaciriwe igihano arashobora gushikiriza Sentare Ntahinyuzwa urwandiko rw'ugusaba gutezurirwa atanze canke adatanze ingwati kandi, iyo uwaciriwe igihano atariho ari canke ataserukiwe mu rubanza, Sentare irashobora gufata ingingo yishimikije inzandiko ziri mw'idosiye gusa. Sentare ica ihagarika ibindi bikorwa vyose kugira yihweze ivyasabwe, uko biri kwose bikagirwa mu masaha mirongo ine n'umunani kuva hashashe intahe umushikirizamanza yashikirijemwo icegeranyo c'imburano ziwe.

Agahimba ka 2. Uburyo bw'ugusambuza urubanza

Ingingo ya 141

Hirengagijwe ingingo ya 64 y'iri bwirizwa, imanza zaciye na sentare mpanavyaha zirashobora gusambuzwa n'abaturanyi babisavye ku munwa canke biciye mu rwandiko, bigashikirizwa mw'iyandikiro ry'imanza rya sentare yafashe ingingo isambuzwa.

Umwanditsi w'imanza aca ategura urwandiko rwerekana ko urubanza rwasambujwe. Araha ikopi y'urwo rwandiko umuburanyi yasambuje n'Ubushikirizamanza bukukira sentare yaciye urubanza rusambuzwa, agaca arungikira ubwo nyene ikopi y'urwo rwandiko yemejwe ko isa n'urwandiko rw'imvaho umwanditsi w'imanza wa Sentare Ntahinyuzwa ruri kumwe n'idosiye

sentare yafatiyeko mu guca urwo rubanza.

Article 142

Sans préjudice de son droit à l'assistance, le condamné en état de détention peut faire la déclaration verbale de pourvoi devant le directeur de l'établissement pénitentiaire où il est incarcéré ou au bas de l'acte de signification de la décision attaquée. L'huissier lui en donne acte sur la copie de signification qu'il lui laisse.

L'acte de signification est établi en trois exemplaires dont un est remis au directeur de la prison.

Le directeur de la prison dresse le procès-verbal de la déclaration de pourvoi et le remet sans délai au greffier de la juridiction qui a rendu le jugement aux fins de procéder aux devoirs prescrits par le deuxième alinéa de l'article 141 de la présente loi.

Article 143

Le pourvoi du Ministère public est introduit sous forme d'un réquisitoire écrit, déposé au greffe de la Cour Suprême.

Paragraphe 3. La mise en état de la cause

Article 144

Dans les quinze jours de réception de la requête ou du réquisitoire du Ministère public, le greffier en chef de la Cour suprême se fait communiquer par le greffier de la juridiction qui a rendu la décision entreprise, le dossier judiciaire et l'expédition de ladite décision.

Ingingo ya 142

Hatirengagijwe uburenganzira bwiwe bw'ugufashwa mu kuburana, uwaciriwe igihano asanzwe ari mu munyororo arashobora kumenyesha ku munwa umuyobozi w'ibohero apfungiwe mu ko agomba gusambuza urubanza canke akavyandika hepfo ku rwandiko rumumenyesha urwo rubanza ashaka gusambuza. Umumenyeshamanza arabimwandikira kw'ikopi imumenyesha urubanza agaca ayimusigarana.

Urwandiko rw'ukubimenyesha rugirwa mu nzandiko zitatu z'imvaho, rumwe muri zo rugahabwa umuyobozi w'ibohero.

Umuyobozi w'ibohero aragira icegeranyo cerekeye ugusambuza urubanza agaca agishikiriza bidatevye umwanditsi w'imanza wa sentare yaciye urwo rubanza kugira akore ibisabwa bitegekanijwe mu gahimba ka kabiri k'ingingo ya 141 y'iri bwirizwa.

Ingingo ya 143

Umushikirizamanza asambuje urubanza abicisha mu cegeranyo ciwe canditswe gishikirizwa mw'iyandikiro ry'imanza rya Sentare Ntahinyuzwa.

Agahimba ka 3. Ukugira ibikenewe kugira urubanza rushobore kuburanishwa

Ingingo ya 144

Mu kiringo c'imisi icumi n'itanu giharurwa kuva yakiriye urwandiko rusaba ko urubanza rusamburwa canke icegeranyo c'umushikirizamanza cerekeye ugusambuza urubanza, Umwanditsi w'imanza mukuru wa Sentare Ntahinyuzwa arasaba umwanditsi w'imanza wa sentare yaciye urubanza rusambuzwa kumushikiriza idosiye sentare yafatiyeko mu guca urwo rubanza n'ikopi y'urwo rubanza yemejwe ko isa n'urwandiko rw'imvaho.

Article 145

Dès la réception de l'expédition de l'acte de pourvoi formé au greffe de la juridiction qui a rendu la décision entreprise, le greffier de la Cour en fait la notification au Procureur général de la République et aux autres parties, le cas échéant.

Ingingo ya 145

Akironka ikopi y'urwandiko rwerekana ko urubanza rwasambujwe yemejwe ko isa n'urwandiko rw'imvaho rwateguriwe mw'iyandikiro ry'imanza rya sentare yacyiye urubanza rusambuzwa, umwanditsi w'imanza wa Sentare Ntahinyuzwa aca abimenyeshya Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika n'abandi baburanyi, iyo bikenewe.

Article 146

A dater de la signification de la requête, les parties disposent de trente jours pour déposer leurs mémoires.

Ingingo ya 146

Kuva bamenyeshajwe urwandiko rusaba ko urubanza rusamburwa, ababuranyi bafise imisi mirongo itatu kugira bashikirize imburano zabo.

Article 147

Le président de la Cour suprême transmet le dossier au Procureur général de la République. Celui-ci rédige ses réquisitions dans un délai de trente jours francs et retourne le dossier à la Cour aux fins de fixation.

Ingingo ya 147

Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa arashikiriza idosiye y'urubanza rusambuzwa Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika. Uwo na we aca yandika icegeranyo c'ibirego mu kiringo c'imisi mirongo itatu yuzuye kandi agaca asubiza idosiye muri Sentare Ntahinyuzwa kugira ishinge igenekerezo ry'ukuburanisha urubanza.

Article 148

Les parties sont avisées huit jours à l'avance de la date d'audience. Leur présence n'est pas nécessaire.

Ingingo ya 148

Ababuranyi baramenyeshwa igenekerezo intahe izosasirako hasigaye imisi umunani ngo isase. Ntibikenewe ko baba ari ho bari.

Les parties ou leurs défenseurs peuvent présenter à l'audience des observations orales.

Ababuranyi canke abababuranira barashobora gushikiririza mu ntahe ivyiyumviro vyabo ku munwa.

Ils doivent se limiter à développer les conclusions et les moyens de la procédure écrite.

Bategerezwa gushimangira gusa imburano bashikirije biciye mu rwandiko.

Section 4 : Des pourvois manifestement irrecevables**Agace ka 4 : Ugusambuzwa imanza bigaragara ko bidashobora kwakirwa****Article 149**

L'instruction et le jugement des pourvois manifestement irrecevables obéissent aux règles applicables aux autres pourvois.

Ingingo ya 149

Ugutohoza n'ugufata ingingo ku rubanza rwasabiwe gusambuzwa bigaragara ko bidashobora kwakirwa vyisungira ingingo zikurikizwa ku bundi buryo bw'ugusambuzwa.

La Cour rend un arrêt dans les quinze jours de la prise en délibéré de l'affaire.

Sentare ifata ingingo mu misi icumi n'itanu kuva urubanza rushizwe mu mwiherero

**CHAPITRE V : DE LA PROCEDURE
DEVANT LA COUR SUPREME
SIEGEANT TOUTES
CHAMBRES REUNIES**

**IGICE CA V : UKO IVYEREKEYE IMANZA
BIGENDA MURI SENTARE
NTAHINYUZWA ISASA IBISATA
VYAYO VYOSE BIKORANYE**

**Section 1 : De la procédure suivie en
matière de cassation**

**Agace ka 1 : Uko ivyerekeye ugusambuza
imanza bigenda muri Sentare
Ntahinyuzwa isasa ibisata vyayo
vyose bikoranye**

Article 150

Les règles suivies devant la Chambre de cassation sont applicables mutatis mutandis devant toutes chambres réunies de la Cour suprême statuant en matière de cassation.

Ingingo ya 150

Ingingo zikurikizwa mu Gisata gasamburamanza ni zo zikurizwa muri Sentare Ntahinyuzwa ishashe ibisata vyayo vyose bikoranye mu vyerekeye ugusambuza imanza, hagahindurwa ibitegerezwa guhindurwa.

Article 151

Lorsque la Cour suprême siègeant toutes chambres réunies dans les conditions prévues à l'article 54 de la présente loi casse l'arrêt entrepris, elle évoque l'affaire au fond en dernier ressort.

Ingingo ya 151

Mu gihe Sentare Ntahinyuzwa ishashe ibisata vyayo vyose bikoranye hisunzwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 54 y'iri bwirizwa isambuye urubanza rwasabiwe gusamburwa, ica iruca mw'ido n'ido ku rugero rwa nyuma.

**Section 2 : De la procédure suivie en
matière de révision**

**Agace ka 2 : Ingene ivyerekeye ugusubiramwo
imanza zabaye ntabanduka
bigenda muri Sentare
Ntahinyuzwa**

**Sous-section 1 : Des dispositions
communes**

Agahimba k'agace ka 1. Ingingo rusangi

Article 152

Une partie n'est recevable à réintroduire une nouvelle demande en révision d'un jugement ou d'un arrêt qu'elle a déjà attaqué par cette voie si ce n'est pour un nouvel élément qui s'est révélé postérieurement.

Ingingo ya 152

Umuburanyi yemererwa gusa gusubira gusubirishamwo urubanza ukundi gusha yari yaramaze kurusubirishamwo biciye muri iyo nzira kiretse vyerekeye ikindi kintu gishasha kigaragaye rwaramaze gusubirwamwo.

Article 153

Sous réserve des dispositions de l'article 169 de la présente loi, les arrêts rendus en matière de révision ne sont susceptibles

Ingingo ya 153

Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 169 y'iri bwirizwa, imanza zasubirishijwemwo nta na hamwe zungururizwa.

d'aucun recours.

Sous-section 2 : De la révision en matière pénale

Agahimba k'agace ka 2: Ugusubiramwo urubanza rw'ivyaha

Paragraphe 1. La requête en révision

Agahimba ka 1. Ugusaba ko urubanza rusubirwamwo

Article 154

La révision d'une condamnation coulée en force de chose jugée peut être demandée pour toute peine quelle que soit la juridiction qui l'a prononcée.

Ingingo ya 154

Harashobora gusabwa ko urubanza rw'ivyaha rwabaye ntabanduka rusubirwamwo ku gihano ico ari co cose catanzwe hatarabwe sentare yagishinze.

Le droit d'initier la procédure en révision est ouvert au condamné et, s'il est décédé, aux ayants-droit ou à ses légataires universels ainsi qu'à la partie civile quant à ses intérêts.

Uwaciriwe igihano arafise uburenganzira bw'ugusaba ko urubanza yaciriwe rwo subirwamwo, iyo yapfuye na ho, ubwo burenganzira bukoreshwa n'abafise uburenganzira ku matungo yiwe canke abamutorana kuri vyose hamwe n'uwusaba indishi ku bijanye n'agahombo yagize.

En cas d'acquiescement, le Ministère public ou le citant direct peut demander la révision.

Mu gihe yejeje, umushikirizamanza canke uwitwaye arashobora gusaba ko urubanza rusubirwamwo.

Article 155

Sous réserve des dispositions de l'article 169 de la présente loi, seul le Ministre ayant la justice dans ses attributions peut demander la révision sur requête des parties visées à l'article 154 de la présente loi.

Ingingo ya 155

Hatirengagijwe ingingo ya 169 y'iri bwirizwa, Umushikiranganji ajeje ubutungane ni we wenyene afise ububasha bw'ugusaba ko urubanza rusubirwamwo bisabwe n'abantu bavugwa mu ngingo ya 154 y'iri bwirizwa.

Article 156

Le délai de recours en révision est de soixante jours. Il court à compter du jour où la partie a eu connaissance de la cause de révision qu'elle invoque.

Ingingo ya 156

Ikiringo c'ugusaba ko urubanza rwabaye ntabanduka rwo subirwamwo ni ic'imisi mirongo itandatu. Ico kiringo gitangura guharurwa kuva umusi umuburanyi yamenyeyeko imvo ituma abisaba.

Toutefois, pour demander la révision, le Ministère Public dispose d'un délai de deux ans à partir du prononcé de la décision d'acquiescement.

Ariko, mu gusaba isubirwamwo, Umushikirizamanza afise ikiringo c'imyaka ibiri iharurwa kuva hagasomwa urubanza rwambitse izera umuburanyi.

Paragraphe 2. La saisine de la Cour

Article 157

La requête en révision est adressée au Ministre ayant la justice dans ses attributions. Si le Ministre trouve que les conditions de recevabilité sont réunies, il donne un ordre exprès au Procureur général de la République qui en saisit la Cour. Celle-ci statue au fond. Si l'arrêt de condamnation n'a pas été exécuté, l'exécution de la décision peut être suspendue par la Cour.

Paragraphe 3. De l'instruction à l'audience

Article 158

Lorsque la Cour constate qu'il y a impossibilité de procéder à de nouveaux débats notamment en raison du décès, de l'absence, du défaut d'un ou de plusieurs condamnés, d'irresponsabilité pénale, elle statue sur pièces.

Lorsqu'elle statue sur requête du Ministère public et constate qu'il y a impossibilité de procéder à de nouveaux débats notamment en raison de l'absence, du défaut d'un ou de plusieurs acquittés, d'irresponsabilité pénale, elle statue également sur pièces.

Article 159

Lorsqu'il est possible de procéder à de nouveaux débats contradictoires, la Cour instruit et statue mais n'annule que les condamnations ou les acquittements prononcés en violation de la loi. Elle décharge, s'il y a lieu, la mémoire des morts.

Article 160

Si l'arrêt prononce une condamnation, il met à charge du condamné les frais de l'instance.

Agahimba ka 2. Ukwitura Sentare

Ingingo ya 157

Urwandiko rusaba ko urubanza rwabaye ntabanduka rwosubirwamwo rushikirizwa Umushikiranganji ajejwe ubutungane. Iyo Umushikiranganji abonye ko ibisabwa bikwiye kugira rushobore kwakirwa, aca ateguka Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika gushingisha urwo rubanza muri Sentare Ntahinyuzwa. Iyo sentare ica ica urubanza mw'ido n'ido. Iyo ingingo ishinga igihano itakurikijwe, Sentare Ntahinyuzwa irashobora kuba irabangira kuyishira mu ngiro.

Agahimba ka 3. Itohoza ribera mu ntahe

Ingingo ya 158

Mu gihe Sentare ibonye ko bidashoboka ko urubanza rusubira kuburanishwa nk'iyu umwe canke beshi mu baciriwe igihano bapfuye, batahari canke batarengutse, badashobora kwagira icaha, ica ifata ingingo ifatiye ku nzandiko ziri mw'idosiye.

Mu gihe Sentare ifashe ingingo ifatiye ku vyasabwe n'umushikirizamanza igasanga bidakunda ko ababuranyi basubira kwagiranya nk'iyu umwe canke beshi mu bambitswe izera batahari canke batarengutse, badashobora kwagira icaha, na ho nyene ica ifata ingingo ifatiye ku nzandiko ziri mw'idosiye.

Ingingo ya 159

Mu gihe bishoboka ko urubanza rusubira kuburanishwa ababuranyi bahinyuzanya, Sentare Ntahinyuzwa iratohoza kandi igafata ingingo, ariko ifuta gusa ibihano canke ingingo z'ukwambika izera vyafashwe hadakurikijwe amategeko. Sentare, iyo bikenewe, irasubiza iteka abapfuye, mu kubuhagira icaha.

Ingingo ya 160

Iyo Sentare Ntahinyuzwa iciye igihano, ica ishinga ko uwahawe igihano ariha amafaranga

La condamnation ne peut être plus lourde que celle qui était soumise à révision.

yakoreshejwe muri urwo rubanza. Ico gihano ntigishobora kuruta icari caratanzwe catumye urubanza rusabirwa gusubirwamwo.

Si l'acquitté est condamné lors de la révision, il supporte les frais de cette instance.

Iyo uwari yambitswe izera yagiriwe n'icaha mu mw'isubirwamwo ry'urubanza, ni we ariha amafaranga yakoreshejwe muri urwo rubanza.

A la diligence du greffier, l'arrêt de la Cour Suprême qui acquitte le condamné ou condamne l'acquitté est affiché au siège de la Cour, dans la localité où l'action publique a été ouverte, au domicile des demandeurs en révision et, lorsqu'il est décédé, au dernier domicile du condamné.

Urubanza rwa Sentare Ntahinyuzwa rwambika izera uwari yagiriye icaha canke rwagirije icaha uwari yambitswe izera ruca rumanikwa n'umwanditsi w'imanza ku cicaro ca Sentare, mu karere urwo rubanza rwashingishirijwemwo, aho abasavye ko urubanza rusubirwamwo bafise ingo n'aho uwari yaciriwe igihano yaba ubwa nyuma, igihe aba yarapfuye.

Sous-section 3 : De la révision en matière civile et administrative

Agahimba k'agace ka 3: Ugusubiramwo imanza z'amatati n'izerekeye ibisata vya Reta zamaze kuba ntabanduka

Article 161

La requête en révision tend à faire réformer un jugement ou un arrêt coulé en force de chose jugée pour qu'il y soit statué à nouveau en fait et en droit.

Ingingo ya 161

Ugusaba ko urubanza rusubirwamwo bifise intumbero y'uguhindura urubanza rwari rwamaze kuba ntabanduka kugira rusubire kwihwezwa hafatiwe ku vyabaye no ku mategeko.

Article 162

La révision ne peut être demandée que par les personnes qui ont été parties au procès. Après la mort ou l'absence déclarée d'une partie, la demande est exercée par ses ayants droit ou ses légataires universels.

Ingingo ya 162

Ugusubiramwo urubanza rwamaze kuba ntabanduka bishobora gusabwa gusa n'abaturanyi bari bari muri urwo rubanza. Bimaze kwemezwa ko umwe mu baburanyi yapfuye canke atari ho ari, bica bisabwa n'abafise uburenganzira ku matungo yiwe canke abamutorana kuri vyose.

Article 163

Le délai de recours en révision est de soixante jours francs. Il court à compter du jour où la partie a eu connaissance de la cause de révision qu'elle invoque.

Ingingo ya 163

Ikiringo c'ugusaba ko urubanza rwamaze kuba ntabanduka rusubirwamwo ni ic'imisi mirongo itandatu yuzuye. Ico kiringo gitangura guharurwa kuva umusi umuburanyi yamenyeyeko imvo ituma asaba ko rusubirwamwo.

Article 164

Toutes les parties au jugement ou à l'arrêt attaqué doivent être appelées à l'instance en

Ingingo ya 164

Abaturanyi bose bari bari mu rubanza rusabirwa guhindurwa bategerezwa kurengutswa mu

révision par les services du greffe conformément au Code de procédure civile.

rubanza n'abajewe iyandikiro ry'imanza nk'uko bitegekanijwe n'Igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'amatati ziburanishwa, zicibwa n'ingene zikurikizwa.

Article 165

La requête en révision est adressée au Ministre ayant la justice dans ses attributions. Si le Ministre trouve que les conditions de recevabilité sont réunies, il donne un ordre exprès au Procureur général de la République qui en saisit la Cour. Celle-ci statue au fond.

Ingingo ya 165

Urwandiko rusaba ko urubanza rwabaye ntabanduka rwo subirwamwo rushikirizwa Umushikiranganji ajejwe ubutungane. Iyo Umushikiranganji abonye ko ibisabwa bikwiye kugira rushobore kwakirwa, aca ateguka Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika gushingisha urwo rubanza muri Sentare Ntahinyuzwa. Iyo sentare ica itegerezwa guca urwo rubanza mw'ido n'ido.

Article 166

Si la révision n'est dirigée que contre un chef d'un arrêt, seul ce grief est révisé à moins qu'il n'en existe d'autres qui en dépendent.

Ingingo ya 166

Iyo hasabwe isubiramwo ry'ingingo imwe gusa y'urubanza, iyo ingingo ni yo yonyene isubirwamwo kiretse iyo hari izindi ingingo zifatanye n'iyoye.

Section 3 : De la procédure suivie en matière d'annulation

Agace ka 3 : Uko ivyerekeye gufutisha imanza bigenda

Article 167

Le Ministre ayant la justice dans ses attributions peut, sur demande des parties, prescrire au Procureur général de la République de déférer à la Cour suprême siégeant toutes chambres réunies, les jugements ou les arrêts coulés en force de chose jugée, par lesquels les juges ont excédé leurs pouvoirs et entravé le cours de la justice.

Ingingo ya 167

Umushikiranganji ajejwe ubutungane arashobora, umwanya uwo ari wo wose, bisabwe n'abaturanyi, gusaba Umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika gushingisha mu Gisata gasamburamanza isasa ibisata vyayo vyose bikoranye, imanza zamaze kuba ntabanduka zaciwe abacamanza barenze ububasha bwabo, bigatuma imanza zidashobora kubandanya uko bitegekanijwe.

Chaque partie dispose d'un délai de soixante jours pour adresser sa requête d'annulation au Ministre de la justice à partir du jour où l'arrêt ou jugement entrepris lui a été signifié. La Cour invite les parties à produire leurs conclusions.

Umuburanyi wese afise ikiringo c'imisi mirongo itandatu kugira abe yashikirije Umushikiranganji ajejwe ubutungane urwandiko rumusaba gufuta urubanza rwasabiwe gusamburwa giharurwa kuva umusi yamenyesherejweko urwo rubanza. Sentare irasaba abaturanyi gushikiriza imburano zabo.

La Cour annule, s'il y a lieu, lesdits jugements ou arrêts et évoque, le cas échéant, l'affaire au fond en dernier ressort.

Sentare Ntahinyuzwa irafuta izo manza, iyo ari vyo bikwiriye, kandi iyo bikenewe, ica ica urubanza mw'ido n'ido ku rugero rwa nyuma.

Article 168

Il y a excès de pouvoir lorsque le juge s'arroge les compétences qu'il n'a pas ou omet d'exercer les compétences et les prérogatives que la loi lui attribue.

Section 4. De la procédure suivie en cas de mal jugé manifeste retenu par le Conseil supérieur de la magistrature.

Article 169

Lorsqu'aucune voie de recours n'est plus ouverte aux parties et qu'un mal jugé manifeste persiste, la partie qui s'estime lésée peut adresser la requête au Président du **Conseil supérieur de la magistrature.**

La requête est déposée au Secrétariat permanent du **Conseil supérieur de la magistrature.**

Sous peine d'irrecevabilité, la requête comprend, outre les moyens, soit la lettre réponse de rejet de la demande de révision ou d'annulation émanant du Ministre de la justice, soit l'arrêt de révision ou d'annulation.

Article 170

S'il estime la requête recevable, le **Conseil supérieur de la magistrature** saisit la Cour suprême.

Le Conseil supérieur de la magistrature transmet en même temps le dossier et ses observations à la Cour suprême.

Après saisine, le président de la Cour suprême fixe la cause en audience publique et invite les parties à débattre sur le fond relativement aux moyens soumis au **Conseil supérieur de la magistrature.**

Ingingo ya 168

Bifatwa ko umucamanza yarenze akarimbi ku bubasha butegekanijwe mu gihe yihaye ububasha adafise canke yirengagije gukoresha ububasha afise n'ivyo amategeko amurekurira.

Agace ka 4. Ingene ivyerekeye imanza bigenda mu gihe Inama nkuru y'Ubucamanza yemeje ko bigaragara ko urubanza rwaciwe nabi

Ingingo ya 169

Mu gihe batakigira aho bungururiza kandi bigaragara ko urubanza rwaciwe nabi rukaba rutarakosorwa, umuburanyi abona ko yarenganijwe arashobora kwitura Umukuru w'Inama nkuru y'Ubucamanza.

Urwandiko rw'ukumwitura rushirwa mu Biro vy'Umunyamabanga ntayegayezwa w'Inama nkuru y'Ubucamanza.

Kugira ntirureke kwakirwa, urwo rwandiko ruba rurimwo, uretse imburano, haba harimwo kandi ikete ry'inyishu ry'Umushikiranganji w'Ubutungane rimumenyeshako urubanza rutazosubirwamwo canke rutazofutwa canke urubanza rwasubiwe canke rwafuswe.

Ingingo ya 170

Iyo ibonye ko rushobora kwakirwa, Inama Nkuru y'Ubucamanza ica irushikiriza Sentare Ntahinyuzwa.

Inama Nkuru y'Ubucamanza irarungikira Sentare Ntahinyuzwa iyo dosiye n'ico ibivugako.

Sentare Ntahinyuzwa imaze kwiturwa, Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa arashinga igenekerezo urubanza ruzoburanishirizwako mu ntahe y'icese agaca asaba ababuranyi kwiregura kw'ido n'ido ku vyerekeye imburano bashikirije Inama nkuru

y'ubucamanza.

Article 171

Le siège de la Cour suprême, statuant toutes chambres réunies sur les cas de mal jugé manifeste dont elle est saisie est composé de sept membres.

Les audiences publiques sont tenues dans le lieu où le litige est né en ce qui concerne le litige foncier.

La Cour suprême, toutes affaires cessantes, clôture définitivement l'affaire dans un délai ne dépassant pas 90 jours francs à partir de la saisine par le Conseil supérieur de la magistrature.

Le Ministre de la justice en sa qualité de Secrétaire du Conseil supérieur de la magistrature et qui reçoit régulièrement les rapports mensuels de la Cour suprême informe le Conseil des affaires jugées.

Article 172

En cas de rejet ou d'irrecevabilité de la requête par le Conseil supérieur de la magistrature, le requérant n'est plus admis à réintroduire une seconde demande.

Article 173

Le mal jugé manifeste se présente comme un vice qui n'a pas pu être corrigé et qui affecte un jugement ou un arrêt coulé en force de chose jugée. Il découle d'une omission, d'une mauvaise appréciation des faits ou des circonstances, ou d'une mauvaise application ou d'une violation d'une règle de droit entraînant des répercussions graves et prévisibles sur les intérêts légitimes d'une partie ou de la société.

Article 174

En cas de mal jugé manifeste constaté par le Conseil supérieur de la magistrature, la Cour statue par un arrêt non susceptible de

Ingingo ya 171

Intahe ya Sentare Ntahinyuzwa, ishashe ibisata vyayo vyose bikoranye mu rubanza bigaragara ko rwaciwe nabi iba igizwe n'abantu indwi.

Intahe y'icese isasira aho amatati yahereye mu gihe yerekeye itongo.

Sentare Ntahinyuzwa, ibanje guhagarika ibindi bikorwa vyose, irasozera urubanza mu kiringo kitarenza iminsi 90 yuzuye iharurwa kuva Inama Nkuru y'Ubucamanza iyirushikirije.

Umushikiranganji w'Ubutungane nk'Umunyamabanga w'Inama Nkuru y'Ubucamanza kandi ari na we yama aronswa ku kwezi ku kwezi ivyegeranyo vya Sentare Ntahinyuzwa aca amenyeshya Inama Nkuru imanza zaciwe.

Ingingo ya 172

Mu gihe Inama Nkuru y'Ubucamanza itemeye ivyo yasabwe canke itavyakiriye, uwayituye ntarekuriwe gusubira kuyitura ubugira kabiri kuri ivyo asaba.

Ingingo ya 173

Urubanza bigaragara ko rwaciwe nabi rufatwa ko ari ikosa ritashoboye gukosorwa rituma hari igihinduka ku rubanza rwamaze kuba ntabanduka. Ivyo bishika icyo hari ikitashizwemwo, habaye ugutahura nabi ivyabaye canke ivyashitse, canke ishirwa mu ngiro nabi canke ukurenga amategeko bigatuma haba ingaruka zikomeye kandi zigaragara ku nyungu zemewe n'amategeko z'umuburanyi canke rusangi.

Ingingo ya 174

Mu gihe Inama nkuru y'Ubucamanza ibonye ko urubanza rwacitse nabi bigaragara, sentare ica

recours.

Section 5. De l'intervention et de la tierce opposition devant la Cour suprême siégeant toutes chambres réunies

Article 175

Peut intervenir volontairement lors de l'évocation au fond de l'affaire en cas de second pourvoi, de révision ou d'annulation, dès lors qu'elle y a intérêt, la personne qui n'a été ni partie ni représentée dans les instances précédentes ou qui y a figuré en une autre qualité.

La décision est rendue en premier et dernier ressort en ce qui concerne les intervenants.

Article 176

Les arrêts rendus par la Cour suprême siégeant toutes chambres réunies ne sont pas susceptibles de tierce opposition.

CHAPITRE VI : DE LA PRISE A PARTIE ET DU REGLEMENT DE JUGES

Section 1 : De la prise à partie

Paragraphe 1. Les cas d'ouverture de prise à partie

Article 177

Les magistrats de la Cour suprême, de la Cour constitutionnelle, du Parquet général de la République, de la Cour anti-corruption, des cours d'appel et des parquets généraux près lesdites Cours, des cours administratives, de la Cour militaire et de l'Auditorat général peuvent être pris à partie devant la Cour

isasa igafata ingingo idashobora kwunguruzwa.

Agace ka 5. Ukwinjira mu rubanza n'ugusubirishamwo urubanza rwatanguwe n'abandi muri Sentare Ntahinyuzwa isasa ibisata vyayo vyose bikoranye

Ingingo ya 175

Uwushobora kwinjira mu rubanza kuko avyishakiye mu gihe ari mw'ido n'ido ry'urubanza rusabirwa gusamburwa irya kabiri, rusubirishamwo canke rusabirwa gufutwa, mu gihe harimwo inyungu ni umuntu atari umuburanyi ntabe yanaserukiwe na rimwe mu kuburana canke akaba yaserutse muri urwo rubanza atazanywe na kimwe muri ivyo.

Ingingo ifatwa ku rugero rwa mbere n'urwa nyuma ku vyerekeye abinjije mu rubanza rwatanguwe n'abandi.

Ingingo ya 176

Imanza zaciwe Sentare Ntahinyuzwa ibisata vyayo vyose bikoranye ntizishobora gusubirishamwo n'uwundi adasanzwe ari muri zo.

IGICE CA VI : IVYEREKEYE UGUSHENGEZA ABACAMANZA N'UGUTATURA SENTARE N'IYINDI

Agace ka 1: Ugushengeza abacamanza

Agahimba ka 1. Imanza abacamanza bashobora gushengezwamwo

Ingingo ya 177

Abacamanza bo muri Sentare Ntahinyuzwa, abo muri Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro, abo muri Paraki nkuru ya Repuburika, abo muri Sentare irwanya igiturire, abo muri Sentare nkuru isubiramwo imanza n'abo muri Paraki nkuru zikukira izo Sentare, abo muri Sentare zica imanza zerekeye Reta n' ibisata vyayo, abo muri Sentare

suprême s'il y a manquements professionnels graves commis soit dans le cours de l'instruction, soit lors de la prise de décisions.

nkuru ya gisirikare n'abo muri Paraki nkuru ya gisirikare barashobora gushengezwa muri Sentare Ntahinyuzwa iyo bakoze amakosa y'akazi ahambaye, haba mu gutohoza imanza canke mu gufata ingingo.

Il en est ainsi notamment lorsqu'il y a dol, concussion, corruption ou déni de justice.

Ni ko kw'uko nko mu gihe bagize amayeri ajanye n'ubudyadya, batangishije amafaranga adategerejwe, bariye igiturire canke bananye guca urubanza.

Il y a déni de justice notamment lorsque les magistrats refusent de procéder aux devoirs de leurs charges ou négligent de juger les affaires en état d'être jugées.

Abacamanza baba bananye guca urubanza nko mu gihe banse gukora ivyo bategerejwe canke birengagije guca imanza zikwiye ibisabwa.

Paragraphe 2. La procédure préalable à la prise à partie

Agahimba ka 2. Ibibanza kugirwa imbere yo gushengeza umucamanza

Article 178

Outre les dispositions prévues en matière de prise à partie par le Code d'organisation et de compétence judiciaires et par la présente loi, la procédure devant la Cour est introduite par une requête adressée au président de la Cour suprême et signifiée au magistrat mis en cause qui y répond endéans vingt jours.

Ingingo ya 178

Uretse ingingo zitegekanijwe mu vyerekeye ugushengeza abacamanza zo mu Gitabu c'amategeko agenga iringanizwa rya Sentare n'ububasha bwazo no muri iri bwirizwa, umucamanza wo muri Sentare Ntahinyuzwa ashengezwa biciye mw'ikete ry'ukwitwara rirungikirwa Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa bikamenyeshwa umucamanza yitwariwe, uwo na we agategerezwa kwiregura mu misi mirongo ibiri.

Paragraphe 3. De l'instruction de la prise à partie

Agahimba ka 3. Ingene urubanza rwerekeye umucamanza rutohozwa muri Sentare Ntahinyuzwa

Article 179

A l'audience, les règles de procédure civile s'appliquent au déroulement des débats et à l'administration de la preuve.

Ingingo ya 179

Mu ntahe, ingingo zigenga imanza z'amatati ni zo zikurikizwa mu mburano no mu gushikiriza ivyemezo.

Article 180

Le magistrat pris à partie peut être condamné aux dommages-intérêts, s'il échet.

Ingingo ya 180

Umucamanza yashengejwe arashobora gutangishwa indishi, iyo bibaye ngombwa.

Paragraphe 4. Les sanctions de l'action téméraire et vexatoire

Article 181

Le juge ou le magistrat mis en cause peut postuler reconventionnellement la condamnation du demandeur aux dommages-intérêts pour action téméraire et vexatoire.

Le demandeur est, en outre, condamné aux frais de justice.

Section 2 : Du règlement de juges

Article 182

Il y a lieu à règlement de juges lorsque deux ou plusieurs juridictions statuant en dernier ressort se déclarent toutes compétentes ou incompétentes pour connaître d'une même demande mue entre les mêmes parties.

Article 183

La procédure de règlement de juges est initiée par une requête d'une des parties à la cause ou du Ministère public adressée au président de la Cour suprême et signifiée à l'autre partie.

Article 184

Le délai pour introduire une requête en règlement de juges est de trente jours à compter de la date de signification de la décision par laquelle la juridiction saisie en dernier lieu se déclare également compétente.

Article 185

Dès réception de la requête, le président de la Cour suprême communique le dossier au Ministère public pour avis. Celui-ci est rédigé et retourné à la Cour suprême dans un délai de trente jours.

Agahimba ka 4. Ibihano ku wubahutse gushengeza umucamanza mu ntumbero yo kumwambika icyi

Ingingo ya 181

Umucamanza canke umushikirizamanza yashengejwe arashobora kwitwarira uwamushengeje amusabira igihano c'ugutanga indishi kubera yubahutse kumushengeza mu ntumbero yo kumwambika icyi.

Uwamushengeje ahanishwa kandi gutanga amagarama y'urubanza.

Agace ka 2 : Ugutatura sentare n'iyindi

Ingingo ya 182

Haraba urubanza rw'ugutatura sentare n'iyindi mu gihe sentare zibiri canke zirenga zica urubanza ku rugero rwa nyuma zimenyeshwe zose ko zifise canke zidafise ububasha bwo guca urubanza rumwe rwerekeye abaturanyi bamwe.

Ingingo ya 183

Urubanza rw'ugutatura sentare n'iyindi rushingishwa biciye mu rwandiko rw'ukwitwara umuburanyi umwe canke umushikirizamanza ashikiriza Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa bikamenyeshwa uwundi muburanyi vyerekeye.

Ingingo ya 184

Ikiringo c'ugushingisha urubanza rwo gutatura sentare n'iyindi ni ic'imisi mirongo itatu giharurwa kuva umusi hamenyesherejweko ingingo ya Sentare yituwe ubwa nyuma yemeza ko na yo nyene ifise ububasha bw'uguca urubanza rwashingishijwe mu yindi sentare.

Ingingo ya 185

Kuva Umukuru wa Sentare yakiriye urwandiko rwo kwitwara aca ashikiriza iyo dosiye umushikirizamanza kugira agire ico abivuzeko. Iyo bica vyandikwa, idosiye igaca isubira mu minwe ya Sentare Ntahinyuzwa mu kiringo

kitarenga imisi mirongo itatu.

Article 186

Le président de la Cour suprême organise une audience publique en Chambre de cassation qui prend un arrêt désignant la juridiction qui connaîtra de la cause. L'arrêt n'est pas susceptible de recours.

Ingingo ya 186

Umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa arashinga igenekerezo intahe y'icese izosahirako mu Gisata gasamburamanza kugira ifate ingingo ishingira Sentare izoca urwo rubanza. Iyo ngingo ntishobora gusubirishwamwo.

TITRE IV : DES DISPOSITIONS FINALES

IKIGABANE CA IV: INGINGO ZISOZERA

Article 187

Toutes les dispositions antérieures contraires à la présente loi sont abrogées.

Ingingo ya 187

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri bwirizwa zirafuswe.

Article 188

La présente loi organique entre en vigueur le jour de sa promulgation.

Ingingo ya 188

Iri bwirizwa ryunganira ibwirizwa Shingiro ritangura gukurikizwa kuva umusi ritangarijweko.

Fait à Gitega, le .../.../ 2024

Bigiriwe i Gitega, ku wa .../.../ 2024

Evariste NDAYISHIMIYE

NDAYISHIMIYE Evariste

PAR LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

KU BW'UMUKURU W'IGIHUGU,

VU ET SCHELLE DU SCEAU DE LA REPUBLIQUE,

BIBONYWE KANDI BISHIZWEKO IKIMANGU CA REPUBURIKA,

LE MINISTRE DE LA JUSTICE,

UMUSHIKIRANGANJI W'UBUTUNGANE,

Domine BANYANKIMBONA.

Domine BANYANKIMBONA.